

# Sèk Matine

Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl  
Premye ak Dezyèm Ane Fondamantal

---

We would like to acknowledge the generous donors whose support made the development of this resource possible.



**USAID**  
FROM THE AMERICAN PEOPLE



W.K.  
KELLOGG  
FOUNDATION®



PORTICUS

Copyright © 2021 by the Global Center for the Development of the Whole Child. All rights reserved. You are welcome to print copies or republish materials for non-commercial use as long as credit is given to the Global Center for the Development of the Whole Child and the author(s).

Copyright © 2021 par le Centre mondial pour le développement integral de l'enfant. Tous droits réservés. Ce livre ou toute partie de celui-ci ne peut être reproduit ou utilisé de quelque manière que ce soit sans l'autorisation écrite expresse de l'éditeur.

Copyright © 2021 pa Sant Global pou devlopman entegral timoun piti. Tout dwa rezève. Pèsòn moun pa gen dwa repwoudi oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li oswa okenn fason sòf si li gen pèmisyon ki soti nan men GC-DWC.

## ENTWODIKSYON

An ayiti, depi lè lekòl egziste, elèv yo toujou resevwa yon edikasyon ki pèmèt yo devlope sou plan entèlektyèl sèlman. Lè nou konsidere edikasyon entèlektyèl pa sifi pou yon timoun byen edike, Inivèsite Notre Dame mete sou pye yon pwogram pilòt nan kèk lekòl nan departman Nò ak Latibonit ki rele: Social Emotional Learning (SEL) ki tradui aprantisaj sosyo emosyonèl an kreyòl.

Pwogram sa a rive ede elèv yo sou anpil aspè tankou: rekonèt epi jere emosyon yo, byen jere relasyon yo ak lòt moun, demontre pèsistans ak detèminasyon nan sa yo ap antreprann, pran konsyans de kiyès yo ye, aprann renmen tèt yo, kiltive santiman apatenans ak rasin yo.

Etid yo montre lè timoun yo byen edike sou tout aspè sa yo, yo vin gen plis reyisit akademik, yo adapte yo pi byen nan kominote kote yo ap evolye a epi yo vin pi bon sitwayen alavni.

Pou fè tout lide sa yo ateri nan klas yo, genyen yon ansanm aktivite ki mete sou pye tankou: ede anseyan an aji sou tèt li pou kreye yon klima pozitif pou ede elèv la aprann san kè sote epi mete l nan yon anbyans pou li konstwi pwòp aprantisaj li.

Poutèt sa, nan lekòl kote y ap eksperimente pwogram SEL la, jounen an kòmanse ak yon aktivite ki popilè anpil “nan Etazini ak Kanada” yo rele “Sèk matine.”

Aktivite sa a pèmèt anseyan tankou elèv voye jete tout sa ki negatif ki ta ka kontrarye yo nan jounen an epi mete yo nan yon anbyans pozitif ki rive fè yo travay nan lanmou, lajwa, respè ak kreyativite.

# VIZYON TIMOUN AYISYEN NAN SOSYETE

## Fòs Nan Relasyon

### Kolaborasyon/Konbit

- Angaje ou nan sosyete a
- Travay ak moun
- Jwenn konpwomi/rezoud konfli
- Konprann epi mache dapre règ sosyete a
- Ankouraje kolaborasyon lekòl yo, fan mi yo ak kominote a

### Kapasite pou jere relasyon

- Devlope relasyon
- Mete ou nan plas lòt la

### Kominike

- Aprann tande lòt
- Mande sèvis/ofri sèvis ou lè li nesèsè

### Akseptasyon

- Aksepte tout moun jan yo ye
- Mete moun an valè
- Respekte tout moun

## Otonomi

### Panse kritik

- Fè kiryozi, poze kesyon
- Fè analiz
- Itilize senk sans yo
- Itilize vokabilè pou dekri yon bagay oubyen yon sitiyasyon
- Ensiste sou pwosesis la, pa sèlman sou repons ki kòrèk
- Rezoud pwoblèm
- Pran bon desizyon

### Jesyon otonòm

- Kontwole emosyon
- Obligasyon sosyal
- Planifikasyon
- Kapasite pou evalye tèt ou

### Rezilyans/Pèsistans

- Pèseverans nan sa w ap fè
- Rezònman fleksib
- Espwa nan lavni/optimis
- Jere advèsite ak estrès

## Santiman w

### Imaj ou

- Idantite ou (kategori (egzanp: koulè, sèks) trè ou, sa ou viv deja)
- Idantite istorik ak fyète nasyonal (etnisite, patrimwàn, kolonizasyon ak efè l, elatriye.)
- Imaj ou san tach
- Konfyans, estim pèsònèl ou, diyite w, valè w
- Konnen sikse (evite fo elòj)

### Pran konsyans de kiyès ou ye

- Entwospeksyon (idantifye fòs ou yo, feblès ou yo, objektif ou yo)
- Idantifye +/- enfliyans ou yo oubyen konpòtman w yo
- Pèsèpsyon, wòl nan kontèks sosyal yo (egzanp: fanmi, lekòl, elatriye)
- Idantite nasyonal ak mondyal

### Konpreyansyon/règlemantasyon afektiv

- Rekonèt epi kontwole emosyon
- Tolerans epi fleksibilite
- Mantalite afime/djanm

### Santiman w

- Imaj ou
- Pran konsyans de kiyès ou ye
- Règlemantasyon afektiv

## DEWOULMAN SÈK MATINE

Sèk matine fèt nan yon wonn kote tout moun kanpe nan yon anbyans kè kontan pou chase estrès, fistrasyon ak tout lòt bagay ki ka antrave oswa gate jounen an sou plan emosyonèl, pandan l ap ranfòse lyen pozitif k ap pèmèt elèv yo devlope pi bon relasyon nan klas la.

Aktivite Sèk matine a chita sou twa wòch dife ki se: salitasyon, pataj ak aktivite gwoup. Pou reyalize yon sesyon, w ap bezwen ant 20 rive 25 minit chak maten avan ou kòmanse lòt aktivite jounen an.

Men avan nou kòmsanse yon sesyon Sèk matine, nou pa dwe janm bliye tout bagay dwe fèt nan lòd ak disiplin.

Moun ki gen la pawòl nan kèlkeswa aktivite a, ap pase nan mitan wonn nan. Konsa, li kapte atansyon tout lòt yo epi mete fokis sou lide li vle fè pase a. Moun nan vini lidè mouvman l ap mennen an.

### **Kijan yo fè aktivite yo nan yon sesyon Sèk matine?**

Pou fè kèlkeswa aktivite a, lidè k ap mennen li an antre nan mitan wonn nan; li bay konsiy yo byen klè ak tout yon modèl epi li mande pou yo kontinye selon modèl la.

### **Ki enpòtans chak aktivite sa yo?**

**Salitasyon:** Aktivite sa se yon briz glas pou mete tout moun sou sa. Li pèmèt anseyan tankou elèv kòmanse mete yo nan yon anbyans pozitif pou dewoulman jounen an. Anseyan an ap oryante aktivite sa a sou tèms li vle mete aksan sou li a nan sesyon an.

**Pataj:** Premye bagay yon moun ki vle pataje dwe fè se di kijan rès gwoup la dwe reyaji pou li lè l fini. Aktivite sa pèmèt elèv la ekspriye l san kontrent dapre santiman k ap travèse l: lajwa, tristès, laperèz elatriye...

**Aktivite gwoup:** Nan aktivite sa a, anseyan an fikse objektif li pou sesyon Sèk matine a. Li ka travay ak tout gwoup la menm jan li ka mande elèv yo fè ti gwoup pandan l ap asire l tout moun ap obeyi ak konsiy ki te pase a.

Nan moman sa a, anseyan an ka ranfòse yon tèms ki te deja trete, korije yon move konpòtman, fè yon leson pase sou yon bagay ki pat bon ki te pase nan klas la oubyen nan lekòl la, ede elèv yo devlope yon mantalite pou vanse ; sa ki ap ede l byen mennen rès aktivite jounen an.

**Eslogan:** Aprè twa aktivite sa yo, genyen yon eslogan ki mache ak chak tèms pou chak semèm oswa chak mwa. Anseyan an ka chwazi fè rasanbleman ak eslogan an chak maten pou Sèk matine li, konsa tou li ka fè elèv yo repete li ak anpil enèji avan oubyen aprè chak sesyon.

| <b>MWA 1, SEMÈN 1</b>  |  |
|--|--|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
| Entwodiksyon Sèk Matine ak Règ Pozitif yo, Idantite Pèsonèl, Idantite Klas.  | Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye pwòp tèt li, pandan l ap entwodui l nan sèk matine, sa ki pral ede l respekte règle pozitif ki etabli yo epi kòman l ap pran responsablite l nan klas la. |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>Sèk matine</li> <li>Respekte</li> <li>Règ klas</li> <li>Responsablite</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>Makè, fèy blanch (leson 1)</li> <li>Ekri non plizye enstriman sou fèy papye (leson 5)</li> </ul>  |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |  |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap entwodui sèk matine a epi l ap etabli règle pozitif yo ansanm ak elèv yo.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou gide elèv yo pou pale sou istwa tèt yo.</p> <p><i>Leson 3:</i> Elèv yo ap etabli idantite klas la nan pataje ki kalite klas yo vle genyen.</p> <p><i>Leson 4:</i> Elèv yo ap vin konprann responsablite pa yo ak responsablite pwofesè a anndan klas la.</p> <p><i>Leson 5:</i> Pwofesè a ap apwofondi règle jwèt la ansanm ak elèv yo.</p> |  |
| <b>Rasyonèl</b>  |  |
| Premye semèn nan se entwodiksyon sèk matine, règle pozitif klas la, elèv ak pwofesè ap fè konesans youn ak lòt epi rive konprann ki responsablite yo genyen anndan klas la.  |  |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |  |
| <i>Se la pwofesè a ap reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite) ?</i>  |  |

| Leson 1   | Leson 2   | Leson 3  | Leson 4  | Leson 5  |
|---|---|--|--|--|
| <p>Objektif pou semen nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye pwòp tèt li, pandan l ap entwodui l nan sèk matine, sa ki pra l ede l respekte règ pozitif ki etabli yo epi kòman l ap pran responsablite l nan klas la.</p>  |   |  |  |  |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Byenvini! Kòman nou ye? Maten an mwen kontan wè nou. Se yon plezi pou mwen travay ak nou maten an. Nou pral wè yon sijè trè enteresan ki se sèk matine. N ap gen anpil aktivite, nap patisipe, n ap jwe, n ap pataje, n ap chante, n ap danse.</p> <p><b>P:</b> Sèk matine fèt nan yon sèk, (yon gwo wonn) epi li gen twa pati ladan l: salitasyon, pataj ak aktivite gwoup. Men avan nou kòmanse, pa bliye tout bagay dwe gen lòd ak disiplin. Salitasyon n ap fè maten an se salitasyon: non ak jès. M ap di non mwen pandan mwen ap fè yon jès. Apre nou ap di m bonjou (non pwofesè a) epi nou ap fè menm jès la. Apre, yon lòt moun ap di non l epi l ap fè pwòp jès pa li. N ap kontinye nan sèk la jiskaske tout moun pase.</p> <p><b>P:</b> M ap frape men m yon fwa pou nou kòmanse. Lè m frape men m 3 fwa n ap tounen nan sèk la.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, jodi a nap kontinye ak sèk matine a.</p> <p><b>P:</b> Maten an nou pral salye youn lòt pandan n ap gade patnè a nan je, n ap souri ba li, n ap salye l ak anpil afeksyon, anpil lajwa.</p> <p><b>P:</b> Bonjou (non elèv la)! Kijan ou ye jodi a? Mwen kontan wè ou. Mwen pat ka tann pou m vin patisipe nan sèk matine a avèk ou maten an!</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou (non pwofesè a), mwen byen, mèsi e ou menm?</p> <p><b>P:</b> Mwen anfòm, èske ou pare pou kòmanse?</p> <p><b>Elèv:</b> Wi, mwen pare!</p> <p><b>P:</b> Oke kounye a klas an nou kòmanse salitasyon yo apati menm nou. N ap salye youn elèv sou menm goch nou jiskaske nou fin salye tout moun nan wonn nan.</p> <p><b>P:</b> M ap frape men m yon fwa pou nou kòmanse. Lè m frape men m 3 fwa n ap tounen nan sèk la.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Nan salitasyon jodi a nou pral jwenn ansanm ak elèv ki sou men dwat nou epi n ap entwodui tèt nou tankou nou se yon materyèl anndan klas la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap fè yon modèl ak youn elèv.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bonjou kaye, kòman ou ye?</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou tablo, mwen anfòm e ou menm?</p> <p><b>P:</b> Mwen byen wi, mwen kontan la avèk ou maten an.</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen menm tou.</p> <p><b>P:</b> Oke n ap wè talè.</p> <p><b>Elèv:</b> Oke pita.</p> <p><b>P:</b> Oke, kounye a nou pral salye moun ki sou men dwat nou nan menm fason an. Chwazi nenpòt materyèl ou konn jwenn nan klas la pou salye kamarad ou.</p> <p><b>P:</b> M ap frape men m yon fwa pou nou kòmanse. Lè m frape men m 3 fwa n ap tounen nan sèk la.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral salye youn lòt. Chak elèv ap salye youn patnè ak non fwi li pi renmen an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap fè yon modèl ak youn elèv.</i></li> <li><i>Pwofesè a ap di fwi li pi renmen an. Apre sa elèv la ap salye pwofesè a epi lap di fwi li pi renmen an tou.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bonjou mango, kòman ou ye?</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou papay, mwen anfòm. E ou menm?</p> <p><b>P:</b> Mwen byen a byento mango</p> <p><b>Elèv:</b> A byento papay</p> <p><b>P:</b> Mèsi, kounye a nou pral salye youn lòt menm jan an. Pa bliye di ki fwi ou pi renmen lè ou salye kamarad ou.</p> <p><b>P:</b> M ap frape men m yon fwa pou nou kòmanse. Lè m frape men m 3 fwa n ap tounen nan sèk la.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas nou te pase yon bèl semèn! Bravo pou nou tout pou bon patisipasyon sa. Jodi a nou mèt chwazi youn salitasyon nou te fè pandan semèn nan. «Sonje nou te fè salitasyon sou non ak jès, sou kijan nou ye, sou materyèl anndan klas la epi sou fwi nou pi renmen.» Nou kapab chwazi nenpòt lòt tèm tou (legim, bèt, koulè prefere, elatriye).</p> <p><b>P:</b> Ki salitasyon nou vle fè?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap ede klas la chwazi youn salitasyon pou l fè epi l ap suiv kòman y ap fè salitasyon an, men li ka bay sipò pa l pou salitasyon elèv yo chwazi a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> M ap frape men m yon fwa pou nou kòmanse. Lè m frape men m 3 fwa n ap tounen nan sèk la.</p> |

|   |   |  |  |   |
|---|---|--|--|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pase nan dezyèm pati sèk matine a ki se pataj la. Nan pataj la, moun k ap pataje a dwe di lòt moun yo kòman pou yo reyaji pou li lè l fin pataje. M ap chwazi 5 elèv pou pataje avèk nou. Fòk nou sonje lè n ap pataje fòk nou presi, fòk nou di egzakteman sa nou bezwen di a.</p> <p><b>P:</b> Mwen ta renmen nou pataje sou sa nou te pi renmen pandan vakans lan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap fè yon egzanj anvan timoun yo kòmanse pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè m fin pataje mwen ta renmen nou tout di “bon bagay!” Sa m te pi renmen pandan vakans lan se lè m te ale sou plaj piblik, kote m te benyen epi m te manje pwason boukannen. Kòman n ap reyaji pou mwen?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Timoun yo ap reponn “bon bagay!”</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kounya kiyès ki vle kontinye?</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj la jodi a, nou pral pataje ansanm sou aktivite nou pi renmen fè ak zanmi nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap fè yon egzanj anvan timoun yo kòmanse pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè m fin pataje mwen ta renmen nou tout di “ An n kolabore!” Aktivite mwen renmen fè ansanm ak zanmi m yo se jwe boul paske li fè kè m kontan lè nou travay an ekip.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Sa se yon egzanj pwofesè a kapab itilize men li t ap pi bon si pwofesè a pataje yon aktivite ki gen rapò ak reyalyte pa li. Konsa elèv yo ap vin konnen pwofesè a pi byen tou.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a m ap chwazi 5 elèv pou pataje. M ap ankouraje elèv ki pa t pataje yè yo pou pataje jodi a. Sonje anvan nou kòmanse pataj la pou di nou kijan pou yo reyaji pou nou lè n fin pataje. Leve men nou pou m ka ban nou lapawòl.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun kounye a nou fin fè salitasyon nou pral pataje ansanm sou kòman nou te respekte règ pozitif klas la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Men pa bliye di kijan pou yo reyaji pou nou.</i></li> <li>• <i>Pwofesè a bay yon egzanj.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè mwen fini fè pataj mwen an, mwen ta renmen nou di pou mwen “se trè byen”</p> <p><b>P:</b> Mwen renmen koute lè pwofesè m ap pale.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap touche kèk nan règ pozitif elèv yo te fè yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas, èske mwen ka jwenn 4 elèv pataje sou règ pozitif yo te respekte nan klas la?</p> <p><b>P:</b> M ap chwazi 4 elèv pou pataje règ pozitif yo gentan suiv. Epi pa bliye di kijan pou nou reyaji. An nou kòmanse!</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou fin salye youn lòt, mwen ta renmen mande nou pou nou pataje sou fason nou konn santi nou lè nou kontan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap fè yon modèl.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè mwen fin bay nouvèl mwen an n ap ban mwen yon tchèk. Lè mwen kontan mwen santi mwen byen, mwen renmen tout moun ki bò kote mwen.</p> <p><b>P:</b> Kounye a, kiyès ki vle pataje avèk nou sou fason li konn santi l lè li kontan epi sonje di kòman pou nou reyaji pou li.</p> <p><b>P:</b> Mwen ap pran 5 moun pou pataje. Kiyès ki vle kòmanse?</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Klas m ap kite nou chwazi yon pataj nou te fè nan semèn nan. Ki pataj ou te pi renmen?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv yo ap diskite epi chwazi yon pataj.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Yonn nan nou, vin esplike kisa nou te fè pandan pataj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Si yo pa reyaji w ap di: Oke, map chwazi yon elèv.</i></li> <li>• <i>Elèv la ap reponn.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi, an nou kòmanse pataj la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap gide elèv yo nan pataj la epi l ap fè yo konpliman.</i></li> </ul> |
|---|---|--|--|---|



### **Aktivite gwoup**

**P:** Bon pataj! Kounye a nou pral antre nan aktivite gwoup la. Pou aktivite gwoup jodi a nou pral etabli règ pozitif klas la ansanm. Eske gen yon elèv ki ka di nou kisa yon règ pozitif ye?

- *Chwazi 1-3 elèv pou pataje lide yo sou règ pozitif.*

**P:** Byen! Règ pozitif yo, se yon seri prensip ki di nou kisa nou ka fè ak kisa nou pa ka fè nan klas la.

**P:** Poukisa li enpòtan pou nou genyen yon règ pozitif nan klas la?

- *Chwazi 1-3 elèv pou pataje lide yo.*

**P:** Règ pozitif yo etabli pou nou kapab jere klas la pi byen. Konsa, pral gen plis asirans sou respè youn pou lòt. Ansanm nou pral etabli règ pozitif yo pou klas nou. Eske nou ka pataje kijan nou pral respekte youn lòt nan sa n ap di epi nan sa n ap fè?

- *Elèv yo pral pataje lide yo. Pwofesè a pral ekri yo sou tablo a. Pandan aktivite sa a pwofesè a kapab ajoute sijasyon pa li pou règ pozitif yo. L ap enpòtan pou pwofesè a gide timoun yo nan aktivite sa a yon fason pozitif. Olye de di “mwen pap..,” ankouraje “mwen pral...” Apre yo fin pataje, verifye pou wè si règ de baz sa yo enkli nan sa elèv yo pataje:*

1. *Leve men nou pou nou mande lapawòl.*
2. *Koute ak anpil atansyon.*
3. *Respekte tèt nou, pwofesè a, ak elèv yo.*
4. *Respekte klas la ak materyèl klas la.*
- *Fè silans lè ou dwe fè sa.*

**P:** Mèsi paske nou pataje anpil bèl lide sou sa nou ta dwe enkli nan règ pozitif klas la. Kòm nou etabli yo ansanm mwen konnen nou pral suiv yo san pwoblèm!

### **Aktivite gwoup**

**P:** Pataj yo te enteresan anpil! Aktivite gwoup nou pral fè maten an chita sou “respè youn pou lòt” kise se youn nan règ pozitif klas la. Aktivite sa pral ede nou konprann poukisa li enpòtan pou nou gen respè youn pou lòt.

Nou pral aprann nan ki moman pou nou di mèsi epi mande eskiz lè nou fè yon aksyon ki pa montre respè. Paske, lè nou ansanm, nou bezwen demontre respè youn pou lòt.

**P:** Ki moun kap pataje avèk nou yon egzanp sou respè?

- *Pwofesè a ap chwazi 3 elèv pou bay repons.*

**P:** Mèsi! Wi respè se lè nou demontre bonjan konsiderasyon pou yon moun oswa yon bagay.

**P:** Klas nou rive nan moman kote m ap bay 2 elèv yon egzanp pou fè yon ti teyat, sou yon sitiyasyon nan klas la, kote y ap di mèsi. Epi rès klas la ap di poukisa li enpòtan pou elèv la di mèsi.

**P:** Mwen ta renmen jwenn yon dènye egzanp sou kijan nou ka montre respè san nou pa pale. Pa egzanp, si mwen louvri pòt klas la, map rete kenbe pòt la pou tout elèv pase. Mwen ta renmen 2 elèv ki poko patispe pase devan pou montre nou yon lòt jan nou ka genyen respè youn pou lòt san pale, sèlman aksyon.

- *2 elèv ap vin devan klas la pou bay yon egzanp. Padan 2 elèv sa yo ap panse, rès klas la ap ede yo chwazi yon sitiyasyon.*

**Konsèy:** Si klas la genyen difikilte pou bay yon egzanp, pwofesè a ka gide yo. Apre sa 2 elèv yo ap fè yon ti teyat tou kout.

**P:** Bravo! Mèsi, mwen te wè egzanp respè a lè nou te \_\_\_\_\_. Bon travay tout moun. Nou te fè bèl efò avèk tout egzanp ak diskisyon sou poukisa respè enpòtan. Respè pou tèt nou ak pou lòt moun ap ede nou konstwi pèsonalite nou e pi klas nou an ap gen plis amoni.

### **Aktivite gwoup**

Elèv yo ap aprann kòman yo ka byen ranje yon sal klas.

- *Pwofesè a ap rantre byen bonè nan klas la, anvan elèv yo rive. La p chanje kèk materyèl plas nan klas la.*

**Egzanp:** Chanje biwo a plas, poubèl la, vire kèk ban yon fason pou yo bay tablo a do, mete kèk liv atè, elatriye.

**P:** Gen plizyè materyèl anndan klas la ki pa nan plas yo. Kòm aktivite, nou pral ranje salklas la. N ap fè travay sa nan ti gwoup.

**Elèv:** Mamoun vini, rele lòt timoun yo, nou bezwen sonje kote chak bagay te ye.

**Elèv:** Oke n ap mete poubèl la toupre pòt la

**Elèv:** Joslin kisa ou panse si nou ta mete biwo pwofesè a sou kote tablo a?

**Elèv:** Jak, m ap fè vit papa paske pwofesè a te di fòk nou fini byen vit.

**Elèv:** Milin, men lòt gwoup yo preske fini wi.

**P:** Pa gen pwoblèm, se pa yon konpetisyon, se yon aktivite pou nou ka kolabore nan travay k ap fèt nan klas nou.

**P:** Bon travay! Nou vrèman travay ansanm pou nou ranje klas la. Lè klas nou an byen ranje, sa montre nou se moun ki pwòp. Sa fè nou wè tou enpòtans chak moun nan klas la.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Eske gen yon moun ki sonje sa nou te di yon responsablite ye?

**Elèv 1:** Responsablite se...

**Elèv 2:** Responsablite se...

**P:** Mwen dakò ak tout sa nou di yo paske nou te pale de sa deja. Kounye a n ap pran yon ti tan tou kout pou n pale de resposabilite nou kòm elèv ak responsablite pwofesè a nan klas la. M ap chwazi 5 elèv pou fè sa.

**Elèv 1:** Responsablite pa m se toujou kenbe klas mwen pwòp

**Elèv 2:** Responsablite pa m se patisipe nan tout sa kap fèt nan klas la

**Elèv 3:** Responsablite pa m se mete amoni nan klas la

**Elèv 4:** Responsablite pa m se veye si tout timoun ap respekte règ jwèt la

**P:** Mwen renmen tout repons sa yo! Ki moun ki ka di m ki responsablite pa m kòm pwofesè

**Elèv 5:** Responsablite pa pwofesè a se fasilite tout timoun patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la ak aprann nou sa nou dwe konnen.

**P:** Bon travay tout moun! Nou bay bon kalite espikasyon ak repons sou kisa responsablite nou ye nan klas la. Yon gwo bravo pou nou tout.

### **Aktivite gwoup**

- *Pwofesè a ap ekri nan yon ti moso papye non yon enstriman tankou: tanbou, tchatcha, graj, elatriye.*
- *L ap bay chak timoun yon ti papye epi l ap ede timoun yo li sa ki ekri nan ti papye ki nan men yo.*
- *Lè ou fin li l pou timoun nan, w ap mande timoun nan pou l fè jès kòman yo jwe enstriman sa a.*
- **Konsèy:** *Pwofesè a ap fè yon modèl epi li li fini ap distribye yon moso papye bay chak timoun.*

**P:** Oke klas, apre nou fin li papye nou an, n ap mande youn lòt ki enstriman nou genyen epi n ap tou fè jès kòm si n ap jwe enstriman sa a.

**P:** Mande elèv sou men dwat ou a ki enstriman li jwenn epi l ap fè jès la. An nou kòmanse!

**Elèv 1:** Jak, ki enstriman ou jwenn?

- *Jak ap reponn pandan l ap fè jès enstriman li jwenn nan.*

**Elèv 2:** Mwen m jwenn mo gita, e ou?

**Elèv 1:** An, mwen pat montre pa m nan, mwen jwenn tanbou.

**Elèv 2:** Mwen pare pou m jwe enstriman pa m nan. Gita. kwenkwendenknenkenn.

**Elèv 1:** Se tou pa m avèk tanbou m nan tibidibidim pimpim.

**P:** Mwen vrèman kontan, paske m wè nou sonje tout son enstriman yo. Se trebyen, nap kontinye pratike lòt enstriman yo yon lòt jou.

| <b>MWA 1, SEMÈN 2</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Angaje nan lekòl, nan fanmi ak sipò kominote yo  | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab konnen kòman yo ka angaje tèt yo nan lekòl yo, nan fanmi yo, ak fason pou yo sipòte kominote yo.   |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Angajman</li> <li>• Kominote</li> <li>• Vizyon</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papyè ak makè (leson 2)</li> <li>• Plim, makè, kreyon koulè, fèy papyè long (leson 4)</li> <li>• Plim, makè, kreyon koulè, fèy papyè long (leson 5)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap bay elèv yo yon entwodiksyon sou mo angajman pou yo konprann kisa li ye epi enpòtans li.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou fason yo dwe angaje yo nan lekòl la.</p> <p><i>Leson 3:</i> Elèv yo ap kapab eksplike kijan angajman ka konekte yo anndan fanmi yo.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou fason yo ka sipòte kominote yo nan bon jan angajman yap pran pou li.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou semèn nan.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Elèv yo ap kapab montre rezon ki fè yo pran angajman epi idantifye eksperyans ki ka pèmèt yo angaje yo nan kontèks lekòl, fanmi ak kominote yo.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kapasite pou pran angajman) ?</i>  |   |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3  | Leson 4   | Leson 5   |
|---|--|--|---|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab konnen kòman yo ka angaje tèt yo nan lekòl yo, nan fanmi yo, ak fason pou yo sipòte kominote yo.   |  |  |   |   |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt men lè nou ap fè sa, n ap di ki aktivite nou pi renmen fè nan wikenn.</p> <p><b>P:</b> Pou mwen menm mwen renmen ____ paske li fè m kontan lè ____.<br/> E pou nou? Nou mèt kòmanse ak salitasyon an.</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou, mwen renmen jwe foutbòl lè wikenn paske li pèmèt mwen respekte angajman m anvè ekip mwen an.</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou Mwen renmen ____ paske li ____.</p> <p><b>P:</b> Mwen renmen tout egzanp sa yo mwen tandè a. Nou genyen diferan aktivite nou fè ki oblije nou pran yon angajman pou wikenn nan</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral salye youn lòt epi eksplike ki kalite angajman nou konn pran nan klas la, epi n ap pale sou kòman li enpòtan pou n fè paran nou konnen ki kalite travay nou fè lekòl la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap fè yon modèl ak yon elèv.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bonjou .... mwen se matematik, kijan ou rele?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen rele syans.</p> <p><b>P:</b> Poukisa li enpòtan pou nou pale ak paran nou de angajman sa a?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Li enpòtan pou m di paran m sa paske y ap wè kijan m ap fè efò lekòl la.</p> <p><b>P:</b> Oke mèsi!</p> <p><b>P:</b> Kounye a n ap salye 2 moun – youn sou bò goch ak sou bò dwat. Nou mèt kòmanse!</p> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun! Mwen wè si nou ta di paran nou tout sa nou sot di la yo y ap rive konprann ki kalite angajman nou pran nan klas la.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Kijan nou ye maten an? Mwen ta renmen nou salye youn lòt. Nan salitasyon sa a, mwen ta renmen nou di ak ki moun nan fanmi nou nou pi renmen angaje nou. Pa egzanp li ka grann nou paske nou renmen jan li montre li genyen afèksyon pou nou. Lè nou salye yon elèv, tou di li poukisa nou renmen angaje avèk manm fanmi sa.</p> <p><b>P:</b> Oke an nou kòmanse!</p> <p><b>Elèv 1:</b> Bonjou tonton, kijan ou ye?</p> <p><b>Elèv 2:</b> Bonjou grann, mwen anfòm. E ou menm?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen la, mwen vrèman renmen angaje m avèk grann mwen paske nou ____.</p> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun! Nou montre kijan nou ka angaje avèk manm fanmi nou nan plizyè aktivite. Moman sa yo ka espesyal pou nou, an nou pa janm bliye yo.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas kòman nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt. Men, si tout moun avè m ban m yon klap, 2 klap, 3 klap. Salitasyon jodi a se avèk kri n'ap fèl, nap fè yon kri epi n'ap di sa nou ta renmen fè nan kominote nou, tout moun ap reponn nou menm jan. Map ban nou yon egzanp.</p> <p><b>P:</b> Bonjou klas, Woy, netwayaj-&gt;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Tout timoun ap reponn; Bonjou, woy netwayaj.</i></li> </ul> <p>Kounye a nou pral salye plis moun posib avèk lòt egzanp. Sonje n ap souri bay lòt epi n ap gade youn lòt nan je.<br/> Oke klas yon lòt egzanp m ap bay se “Bonjou klas, Tololo, ede nou youn lòt” An nou repete sa.</p> <p><b>P:</b> Eske mwen ka jwenn 3 lòt elèv ki ka gide nou nan salitasyon sa? Oke, mèsi, nou mèt pase devan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv yo ap suiv modèl pwofesè a</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou bèl salitasyon sa yo tout moun!</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas nou te pase yon bèl semèn kote nou tap aprann kòman pou nou ka angaje nou! Mèsi klas pou kalite patisipasyon sa yo. Jodi a nou mèt chwazi yon salitasyon nou te fè pandan semèn nan. Ki moun ki ka ede nou sonje kalite salitasyon nou te fè yo?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap chwazi kèk elèv pou reponn.</i></li> </ul> <p><b>Elèv 1:</b> Nou te fè salitasyon sou kisa nou pi renmen fè pandan wikenn nan epi ki moun nan fanmi nou, nou pi renmen angaje avèk li.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Nou te pale de angajman nan klas la ak sa nou ta renmen fè nan kominote nou.</p> <p><b>P:</b> Nou mèt chwazi ansanm.</p> <p><b>Klas:</b> Oke nou chwazi ____.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap ede klas la chwazi yon salitasyon pou l fè. Pwofesè a ap suiv kòman yap fè salitasyon an, men li ka bay sipò pa l pou salitasyon elèv yo chwazi a.</i></li> </ul> |

|  |   |   |   |  |
|--|---|---|---|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Klas kounye a n ap antre nan pataj. Eske mwen ka jwenn 2 elèv ki ka di nou kisa mo angaje oswa angajman ye?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap chwazi 2 elèv pou pataje avèk klas la.</i></li> </ul> <b>Elèv 1:</b> Angaje se lè ou pataje avèk lòt moun.<br/> <b>Elèv 2:</b> Angaje se lè ____.<br/> <b>P:</b> Wi nou konprann kisa mo an ye, ban m ban nou definisyon an. Angaje (angajman) se lè nou pran responsablite anvè yon moun oswa respekte delè pou nou fè yon bagay nou genyen pou nou fè.<br/> <b>P:</b> Se pa tout angajman ki bon. Eske mwen ka jwenn 2 elèv ki ka di nou kalite angajman ki pa bon pou nou fè an jeneral?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap chwazi 2 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <b>Elèv 3:</b> Nou pa sipoze angaje nan jwèt ki ap derespekte moun.<br/> <b>Elèv 4:</b> Yon egzant se ____.<br/> <b>P:</b> Mèsi pou pataj sa yo, ou ede klas la pi konpran mo angaje epi fason nou pa sipoze angaje.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a timoun nou fin salye youn lòt, nou pral pataje yon bèl moman nou pase avèk yon lòt elèv oubyen yon okazyon espesyal nou te angaje avèk lekòl nou.<br/> <b>P:</b> Yon bèl moman sa kapab: jwe ansanm, etidye ansanm, manje ansanm, elatriye.<br/> <b>P:</b> Map fè yon egzant pou nou. Epi lè m fini n ap di “se sa”. Se konsa n ap reyaji pou mwen.<br/> <b>P:</b> Yon bèl moman mwen konn pase avèk klas la, se lè nou salye youn lòt. Sonje kisa nap di? Wi nap di “se sa!”<br/> <b>P:</b> Kounye a map chwazi 5 elèv pou fè pataj sa.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chak elèv ap pataje yon bèl moman.</i></li> </ul> <b>P:</b> Se sa! Mèsi pou bèl pataj sa, nou pase anpil bèl moman ansanm. Jan nou angaje nou nan tout aktivite nan klas la, sa montre nou renmen klas nou anpil.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a timoun nou nou pral pataje sou angajman nou genyen anndan lakay nou. Kisa nou responsab. Pa bliye di kòman pou yo reyaji pou nou. An nou di “Lakay se lakay.”<br/> <b>P:</b> Map chwazi 4 elèv pou pase devan, pou vin pataje avèk nou ki kalite angajman yo genyen lakay yo.<br/> <b>P:</b> Oke, èske nou pare? An nou kòmansel!<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>5 elèv vini devan klas la.</i></li> </ul> <b>Elèv 1:</b> Mwen renmen lè map ede manman m fè manje pou fanmi mwen.<br/> <b>Klas:</b> Lakay se lakay!<br/> <b>Elèv 2:</b> Mwen konn jwe foutbòl avèk frè mwen.<br/> <b>Klas:</b> Lakay se lakay!<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Rès elèv yo ap pataje epi klas la ap reyaji.</i></li> </ul> <b>P:</b> Waw nou bay bèl egzant sou angajman avèk fanmi nou. Mwen wè sa fè nou plezi pou nou pase tan avèk fanmi nou. Bon angajman konsa ka mete lajwa nan mitan fanmi nou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Jodi a n ap fè yon pataj, kote nou pral pale sou ki kalite angajman nou ka pran nan kominote nou. Li enpòtan pou nou envesti nan kominote nou paske se sèlman li nou genyen, si nou pa pran swen li, pa genyen lòt moun ki ap fè sa pou nou. Map bay yon egzant apres a n ap reyaji, epi n ap di “bon bagay nèt.”<br/> <b>P:</b> Pa egzant, nou ka plante pyebwa nan kominote nou.<br/> <b>Klas:</b> Bon bagay nèt!<br/> <b>P:</b> Eske pa genyen 3 elèv ki vle pataje avèk nou? Ok mèsi mwen wè nou. Nou mèt vini devan klas la pou pataje.<br/> <b>Elèv 1:</b> Nou ka bay moun ki pa genyen manje nan kominote nou.<br/> <b>Klas:</b> Bon bagay nèt!<br/> <b>Elèv 2:</b> Pou kominote nou, nou ka chwazi yon jou pou retire fatra nan lari a.<br/> <b>Klas:</b> Bon bagay nèt!<br/> <b>Elèv 1:</b> Nou ka ____.<br/> <b>Klas:</b> Bon bagay nèt!<br/> <b>P:</b> Klas egzant sa yo ban nou bon rezon pou nou angaje avèk kominote nou epi chèche lòt moun, menmsi nou kòmans avèk timoun nan klas nou, manm nan fanmi nou. Men nou tout ka fè efò pou ede kominote nou!</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Klas map kite nou chwazi yon pataj nou te fè nan semèn nan. Ki pataj ou te pi renmen?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv yo ap diskite epi chwazi yon pataj.</i></li> </ul> <b>P:</b> Eske mwen ka jwenn yon elèv ki ka ede m esplike kisa nou te fè pandan pataj sa a? Oke, map chwazi yon elèv.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv la ap reponn.</i></li> </ul> <b>P:</b> Mèsi, an nou kòmans pataj la. Pwofesè a ap gide elèv yo avèk pataj la epi remèsye yo.</p> |
|--|---|---|---|--|

|  |   |  |  |   |
|--|---|--|--|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke klas, tout timoun ap kanpe, m ap fè 4 kwen nan klas la k ap sèvi kòm egzant kalite angajman nou ka pran: (ale legliz, gade yon fim/match foutbòl/ danse ansanm, pale ansanm).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap idantifye chak kwen.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Map konte sou 3 de fwa. Chak fwa yon gwoup prale nan yon kwen. Oke ban nou kòmansè. 1, 2, 3.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Aprè de fwa pwofesè a ap chwazi 3 timoun pou pataje ak gran gwoup la.</i></li> <li><i>Pwofesè a ap di kijan li enpòtan pou yon moun angaje li epi kijan sa ka bay kè kontan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou patisipasyon nou, mwen espere n ap kontinye angaje nan aktivite ki bon epi ki fè kè nou kontan!</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> An nou kontinye avèk aktivite gwoup la. Pou ane sa ki kalite aktivite, responsablite, oubyen lòt bagay, nou ta vle angaje nou pou klas nou?</p> <p><b>P:</b> Pran yon ti tan pou nou reflechi. N ap fè sa nan gwoup 4 oubyen 5 elèv. N ap ekri repons nou yo sou yon fèy papye. Chak gwoup ap chwazi yon rapòtè pou pase devan pou bay rezilta travay nou te fè ansanm nan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap prepare gwo fèy papye ak makè pou bay chak gwoup yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke, an nou fè yon gwoup ki ap genyen 4-5 timoun. Mwen vle pou nou ekri ki kalite angajman nou vle pran oubyen ajoute sou sa nou genyen deja yo pou klas nou an pandan ane a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap chwazi gwoup yo epi kòmansè diskite epi ekri.</i></li> <li><i>Padan elèv yo ap travay, pwofesè a ap mache nan klas la, ede elèv yo epi ankouraje yo pou yo panse sou aktivite a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke mèsi klas, an nou kòmansè pataje lide nou yo. Èske chak lidè nan gwoup nou ka vin devan klas la. Mèsi.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Pou gwoup mwen an, nou te pale sou ____.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Nan gwoup pa nou, nou te vle pran plis angajman nan ____.</p> <p><b>P:</b> Waw tout sa se bon lide! Mèsi! M ap suiv nou pandan ane sa epi mwen ankouraje nou pou nou sonje sa nou te ekri. Lè nou angaje nan klas la nou aprann de tèt nou, aprann de youn lòt, epi genyen plis entelijans.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Pou aktivite sa, mwen ta vle nou kanpe nan sèk la. Pandan nou nan sèk la n ap bat men nou epi kèk elèv ap di nou ki kalite angajman yo vle pran pou chanje lakay yo. Lè elèv yo fin pale n ap souke men nou pou chak bagay ke nou pa deside fè ankò.</p> <p><b>P:</b> Pa egzant, mwen ka di, mwen vle sispann gade tele twò ta paske sa ap fè m manke dòmi. Apresa pou nou reyaji n ap souke men nou. Eske nou konprann? Eske nou genyen kesyon?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Si genye kesyon, pwofesè a ap reponn yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke klas an nou vin nan sèk la. Nap kòmansè bat men nou, epi 4 oubyen 5 elèv ki vle ap pataje yon angajman yo ta vle pran. N ap souke men nou apre chak repons pou nou reyaji.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap kòmansè pataje, epi pwofesè a ap gide yo nan sèk la.</i></li> </ul> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen ta vle sispann jete frata nan salon lakay mwen.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen ta vle sispann bay ti frè m nan kou pandan n ap jwe.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Rès elèv yo ap pataje tou.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi tout moun. An nou bay tèt nou yon gwo bravo! Nou konprann se pa tout angajman ki pozitif, men nou gen posibilite pou nou chanje sa. Mwen wè nou genyen anpil kouraj pou pataje sa epi mwen espere nou fè gwo jefò pou nou chanje tout angajman ki negatif pou yo vin pozitif.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Nou pral fè yon aktivite ki trè enteresan epi enpòtan pou kominote nou.</p> <p><b>P:</b> Nou pral kòmansè fè yon afich pou nou kole nan mi an. Afich sa ap long epi l ap montre nou ki vizyon nou genyen pou komnitote nou. Mwen ta renmen nou reflechi sou kisa nou ta vle kominote nou sanble. Ap genyen gwoup ki ap genyen 4-5 elèv map bay chak gwoup yon fèy papye. N ap pran tan pou nou ekri, trase, epi ilistre yon kominote kote nou tout angaje avèk li.</p> <p><b>P:</b> Klas nou mèt fòm gwoup nou epi map bay chak gwoup marteyèl (fèy papye long, plim, makè, kreyon koulè).</p> <p><b>P:</b> Oke klas an nou kòmansè kreye bèl kominote sa!</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap kòmansè travay sou afich la. Yo ap kontinye travay sou li demen. Pwofesè a ap mache nan klas la, ede elèv yo, felisite yo sou bèl travay sa.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Waw klas gade kijan nou byen ekspri vizyon nou pou kominote nou avèk tout angajman sa yo. Demen n ap kontinye. Mèsi anpil</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Nap kontinye ak aktivite afich la nou te kòmansè fè yè a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap kontinye ede, gide elèv yo, bay yo marteyèl yo (fèy papye long, plim, makè, kreyon koulè).</i></li> <li><i>Elèv yo ap retounen nan menm gwoup yo, pou yo kontinye travay yo te kòmansè yè a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke nou genyen 2 minit ki rete. Apresa mwen ta renmen chak gwoup genyen yon lidè ki ap eksplike ki sa yo te fè a.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Nan gwoup pa nou an, nou te ____.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Nou te kreye ____.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Rès elèv lidè yo ap eksplike kisa yo te fè.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi tout moun, waw nou genyen bèl vizyon atravè angajman kominote nou. Konpliman! Map mete tout fèy papye sa yo ansanm epi map afiche yo nan klas la pou nou toujou sonje gwo angajman sa yo!</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a!</b></p>  |   |  |  |   |

| <b>MWA 1, SEMÈN 3</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Idantite kiltirèl  | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab apresye kèk bagay ki fè pati idantite kiltirèl peyi yo.  |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Flit</li> <li>• Akòdeyon</li> <li>• Rit</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tanbou-piston –tchatcha- graj - banbou (leson 1)</li> <li>• Chèche foto sou entènèt (leson 2) oubyen pote kèk bagay ki ka sèvi pou fè manje</li> <li>• Papyè, makè, sizo (leson 3)</li> <li>• Ti tanbou - Ti bagèt (leson 4)</li> <li>• Men materyèl nou te itilize pandan tout semèn nan (leson 5)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap gen pou pale ak timoun yo de enstriman mizik yo.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap gen pou pale ak timoun yo de manje ansyen yo te konn manje ak kòman sa te ye.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap gen pou pale ak timoun yo de plizyè kalite fèy ki ka geri maladi</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap gen pou pale ak timoun yo de tanbou, kote li soti.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon: pwofesè a ap gen pou fè revizyon sou sèk matine a, sou sa li te wè pandan semèn nan.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Nan semèn sa a timoun yo ap dekouvri enpòtans tout sa zansèt nou yo kite pou nou kòm eritaj nan sa nou fè mizik, manje, danse, ak fèy ki ka geri maladi nou yo.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou fason nou manje, danse, geri maladi nou yo ak kapasite)?</i>   |   |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5   |
|---|--|---|---|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab konnen idantite kiltirèl yo  |  |   |   |   |
| <p><b>Salitasyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>P:</b> <i>Pou jou sa a pwofesè a ap mande direksyon lekòl la mete yon tanbou ak tout lòt enstriman mizik yo ka jwenn a dispozisyon l. Mande timoun yo si genyen yon enstriman yo ka jwe. Pandan mizisyen yo ap fè mizik, lòt yo ap danse pou youn di lòt bonjou, l ap pale sou enpòtans enstriman yo nan kilti peyi a.</i></li> <li><b>Salitasyon modèl:</b> <i>Pwofesè a ap rantre nan mitan wonn nan l ap kanpe devan yon elèv l ap di:</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bonjou Jan kòman ou ye? mwen se tanbou, depi m frappe yon kote tout moun leve danse.</p> <p><b>Jan:</b> Bonjou Mari kòman ou ye? mwen se lanbi, depi yo soufle m tout moun konnen pou yo rasanble.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>P:</b> <i>Pwofesè a ap mande elèv yo kòmanse imajine ki enstriman yo ye pou yo kontinye salitasyon an.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou timoun mwen yo. Jodi a m ap konnen tout sa nou renmen manje paske nou youn pral salye lòt pandan n ap di l ki manje nou renmen manje...</p> <p><b>P:</b> Bonjou Jak kòman ou ye mwen renmen bwè soup joumou anpil se sa ki fè m renmen premye janvyè</p> <p><b>Elèv Jak:</b> Bonjou Matin, kòman ou ye? Mwen renmen manje patat ak lèt paske li gou nan bouch mwen.</p> <p><b>P:</b> Nap kontinye salye konsa jiskaskè nou fin fè wonn nan, plizyè moun ka chwazi menm manje men rezon yo pap menm.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou timoun mwen yo. Jodi a nou pral salye youn lòt ak non fèy nou konnen ki ka bouyi te lè gen moun malad.</p> <p><b>Egzanp:</b> (Choublak, asowosi, sitwonèl, lila, bazilik elatriye.)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap fè yon modèl pou klas la.</i></li> <li><i>L ap chanje non timoun li pran an nan non fèy la.</i></li> <li><i>Pwofesè a ap fè modèl la avèk yon timoun. bonjou -----choublak</i></li> <li><i>Timoun nan ap reponn pwofesè a, bonjou -----sitwonèl</i></li> <li><i>Kòman ou ye choublak?</i></li> <li><i>Mwen byen sitwonèl e ou menm?</i></li> <li><i>Timoun yo ap kontinye ak salitasyon ak tout non fèy yo konnen.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou tout timoun, kòman nou ye? Maten an timoun, nou pral pale sou son tanbou, epi n ap chèche konnen ki kote li soti. Apre ti enfòmasyon sa a, pwofesè a pral fè yon modèl pou nou avèk yon elèv.</p> <p><b>P:</b> L ap fè jès pidim pidim pidim -----mwen rele Majori</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv ---- li chwazi a ap reponn bonjou Majori</i></li> <li><i>Elèv ---- ap di pidim pidim pidim mwen rele Jak epi Majori ap reponn bonjou Jak</i></li> <li><i>Apre modlaj pwofesè a avèk Jak, chak timoun ap chwazi yon patnè pou kòmanse salitasyon an.</i></li> <li><i>Timoun yo ka imite lòt son tanbou yo konn tande yo tou.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou timoun mwen yo nou pral itilize mo vokabilè yo pou fè salitasyon an. Se yon fason pou nou ka kenbe bagay sa yo ki mare kòd lonbrik nou ak peyi a.</p> <p><b>P:</b> M ap fè yon modlaj avèk youn nan timoun yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Bonjou -----tchaka, timoun nan ap reponn bonjou -----tonmtonm, kòman ou ye? mwen anfòm, oke a la pwochè tonmtonm</i></li> <li><i>Ok tchaka</i></li> </ul> |

|   |  |   |   |  |
|---|--|---|---|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj lan jodi a, nou pral pataje ansanm sou bri enstriman nou renmen an fè lè yap jwe l.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofèsè a ap bay egzanp tanbou a pidi pidi pou timoun yo avan timoun yo kòmanse pataje.</i></li> </ul> <b>P:</b> Lè m fin pataje mwen ta renmen nou tout di “ li mare kòd lonbrik nou ansanm!”<br/> <b>P:</b> M’ap soufle pou imite bri flit fè lè yap jwe li epi l ap di kòman pou yo reyaji pou li.<br/> <b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kounya kiyès ki vle kontinye?</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Ok klas! kounye a nou fini fè salitasyon, nou pral pataje sou ki manje lakay nou pi renmen.<br/> <b>P:</b> Lè m fin pataje mwen ta renmen nou tout di pou mwen: «waw, li gou toutbon».<br/> <b>P:</b> Oke klas mwen renmen manje labapen nan sòs vyann.<br/> <b>Elèv yo:</b> « waw, li gou toutbon »<br/> <b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kounya kiyès ki vle kontinye? ok, kounye a yon timoun pral pataje avèk nou ki manje lokal li pi renmen epi di kòman pou nou reyaji pou li.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj jodi a klas, nou pral pataje sou ki te manman nou oswa grann nou konn bouyi ban nou pou remèd lè nou malad. Pa bliye di kòman pou yo reyaji pou ou<br/> <b>P:</b> Epi mwen vle nou konprann pyebwa ak plant yo enpòtan nan lavi nou anpil. Nou sèvi ak rasin, fèy ak flè yo pou geri maladi nou yo. Se pou sa li enpòtan pou nou pran swen plant nou yo paske yo itil nou sou tout fòm.<br/> <b>P:</b> Mwen pral pataje ak nou ki fèy mwen ye epi n ap reyaji konsa pou mwen:”Li bon pou grip” Chak fwa nou idantifye nou ak yon fèy mande pou yo reyaji pou nou sou ki maladi fèy sa geri.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Eske pa genyen yon timoun ki ta vle pataje avèk nou?</i></li> </ul> <b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kiyès ki vle kontinye?</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Timoun mwen yo nou fin salye youn lòt, kounye a nou pral pataje sou diferan son nou konn tande lè y ap bat tanbou epi di kòman nou te santi nou nan moman sa.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofèsè a ap toujou modle pou timoun yo: Lè m fin pataje n ap reyaji pou mwen konsa” sa se rasin lakay “ Zap tipim bo w” li te mache nan san m.</i></li> </ul> <b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kiyès ki vle kontinye?<br/> <b>P:</b> Èske pa gen yon timoun ki vle pataje pou nou epi di kòman pou yo reyaji pou li?</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj jodia timoun mwen yo n ap di kilès nan aktivite kiltirèl yo nou pi renmen: “Kanaval, rara, fèt chanpèt, fèt patwonal, gagè, priyè, dezafi...” Pa bliye di kòman pou yo reyaji pou ou.<br/> <b>P:</b> Timoun mwen pral pataje sou sa mwen pi renmen nan peyi mwen. Men avan mwen pataje, mwen ta renmen nou di kijan pou nou reyaji pou mwen: “Kokoriko.”<br/> <b>P:</b> Mwen renmen dezafi paske mwen wè jan gason ak fanm ap danse rara lè seksyon yo a genyen tout pari kòk yo.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv yo reyaji konsa” Kokoriko”</i></li> </ul> <b>P:</b> Oke ki timoun ki ta renmen pataje pou nou? epi di kòman pou reyaji pou ou.<br/> <b>P:</b> Sonje m ap chwazi 5 elèv pou pataje. Kiyès ki vle kontinye?</p> |
|---|--|---|---|--|



|  |  |  |   |   |
|--|--|--|---|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun, nou sot fè pataj. Kounye a nou ta renmen tout timoun patisipe nan aktivite gwoup la.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral mete tout enstriman yo nan mitan sèk la. M ap kòmanse di tik tak tik tak pandan boul la ap sikile nan men nou. Kou m di boum, nan men moun li ye a, l ap bese nan sèk la pou l pran yon enstriman pou li jwe pou klas la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Vin pran plas nou nan sèk la pou boul la kòmanse sikile nan men nou chak timoun.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sonje m ap fè aktivite sa ak kantite enstriman ki disponib yo. Kounye a kiyès ki vle kontinye?</p> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun, nou montre m nou konnen enstriman ki fè mizik nan peyi a pou nou danse.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun, kounye a nou sot fè pataj,</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Nou ta renmen tout timoun patisipe avèk nou nan aktivite gwoup la</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou pral fòme yon gwo sèk. Mwen pral kòmanse rakonte nou yon ti istwa tou kout sou ansyen manje ayisyen te konn manje. Se pa mwen menm poukont mwen k ap fè istwa sa a. M ap ban nou kèk moso papye ki genyen mo vokabilè semèn nan ladann ak lòt mo ankò. Nou chak ap fè yon fraz sou manje lokal ak mo ki nan papye ki nan men nou an. Tout moun ap leve ti moso papye yo a anlè pou tout moun ka wè ki mo ki nan men chak moun.</p> <p><b>P:</b> Mo ki nan men mwen an se tchaka. M ap kòmanse istwa a Konsa: “Bò lakay mwen gen yon ti granmoun ki rele grann Dodo chak samdi maten li fè gwo bonm tchaka epi li rele tout timoun vini manje.”</p> <p><b>P:</b> M ap kontinye ak moun ki sou bò goch mwen an. Ki mo ki nan papye ou a Jozèf?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>N ap rete lè 5 timoun fini ak papye ki nan men yo.</i></li> <li><i>Timoun istwa a bèl anpil men n ap mete yon fen pou Jodi a n ap kontinye li vandredi.</i></li> <li><i>Pwofèsè a ap ekri istwa a sou fèy papye ki nan men li pou l ka reli kòmansman istwa a vandredi pou timoun yo ka kontinye l.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun, kounye a nou sot fè pataj</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Nou ta renmen tout timoun patisipe avèk nou nan aktivite gwoup la</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou pral fòme yon gwo sèk pou mwen kapab eksplike nou kòman aktivite sa ap pral fèt.</p> <p><b>P:</b> M ap bay chak timoun yon fèy blan ak kèk kreyon desen pou timoun yo desine kèk fèy yo konnen ki ka geri maladi</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap gade desen timoun yo fè yo, epi l ap di yo nou pral chante yon ti chante ak sa nou desine yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> mwen pral ban nou rit chante a Tout timoun dwe patisipe ansanm. Apre sa nou pral chante ti chan sa a ansanm. Fèy yo, rasin plant yo, ekòs bwa yo ka geri malad tande tande. Fèy yo, rasin plant yo, ekòs bwa yo ka geri malad tande tande.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>P:</b> <i>Pwofèsè a ap chwazi rit li santi l ap pi alèz pou fè timoun yo chante.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun, kounye a nou sot fè yon bèl pataj ki fè kè nou tout kontan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Nou ta renmen tout timoun patisipe menm jan an nan aktivite gwoup la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> M ap eksplike sa nou gen pou fè timoun mwen yo.</p> <p><b>P:</b> nou pral chante yon ti chan ki di:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Mwen renmen tanbou</i></li> <li><i>Mwen t ap jwe tanbou</i></li> <li><i>Tanbou a te fè</i></li> <li><i>Pip pip dip pip pip dip ba</i></li> <li><i>Mwen renmen tanbou</i></li> <li><i>Mwen t ap jwe tanbou</i></li> <li><i>Tanbou a te fè</i></li> <li><i>Pip pip dip pip pip dip ba</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke kounye a nou pral chante, danse epi nap fè jan tanbou an fè: pip pip dip. pandan n ap bat tanbou a n ap danse nan menm rit la</p> <p><b>P:</b> Mwen pral kòmanse epi lè m fini m ap pase tanbou a bay timoun ki bò kote m nan pou fè menm travay la.</p> <p><b>P:</b> Bravo, mwen wè nou tout se gwo tanbouyè nou ye.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun, kounye a nou sot fè pataj</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Nou ta renmen tout timoun patisipe avèk nou nan aktivite gwoup la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mwen pral fè yon ti rapèl sou istwa nou te kòmanse madi a. Sonje mwen te mande chak moun pou yo te kontinye reflechi sou ki sa yo ka di sou mo ki te nan men yo a. Aprè rezime mwen an, n ap kontinye toujou ak moun ki sou bò goch mwen an.</p> <p><b>P:</b> Jodia n ap fin fè ansanm bèl ti istwa nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Mwen kontan wè jan nou tout te patisite nan kreye bèl ti istwa sa a.</i></li> </ul> |
|--|--|--|---|---|

**Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a!**

| <b>MWA 1, SEMÈN 4</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Konfyans nan tèt ou/Estim pou pwòp tèt ou, Diyite, valè  | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab gen konfyans nan tèt yo epi devlope estim pou tèt yo ki baze sou diyite ak anpil valè.         |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konfidans</li> <li>• Estim pou pwòp tèt ou</li> <li>• Diyite</li> <li>• Valè</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon pankat pou chak mo sa yo: Konfidans, Estim pou pwop tet out, Diyite, Vale</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap gen pou pataje avèk elèv yo sou mo konfidans. Kisa li vle di, dapre yo?</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap gen pou pale avèk elèv yo ankò de mo estim pou pwòp tèt li pwofesè a pral itilize plis egzanp konkrè.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap gen pou pale avèk elèv yo kote li ap itilize egzanp konkrè pou montre elèv yo lè l pale sou mo diyite kisa sa vle di (konfyans estim).</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap gen pou pale avèk elèv yo sou kòman yo ka devlope valè pou tèt yo epi pou lòt moun.</p> <p><i>Leson 5:</i> Pwofesè a ap gen pou fè yon revizyon sou sa ki te fèt nan semèn nan.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Nan semèn nan elèv yo ap dekouvri kòman yo ka rive devlope konfidans, estim pou pwòp tèt yo, nan diyite ki baze sou valè.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, ki gen bon koneksyon ak konfidans, estim, diyite epi valè.</i>  |   |

| Leson 1   | Leson 2   | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5  |
|---|---|---|---|--|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab gen konfyans nan tèt yo epi develope estim pou tèt yo ki baze sou diyite ak anpil vale.  |   |   |   |  |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! Kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt epi n ap pwofite fè yon ti bat bouch sou konfidans. Kisa ki konfidans? Kòman ou santi w lè yon zanmi fè ou yon sekre?</p> <p><b>P:</b> Timoun mwen pral modle salitasyon konfidans lan pou nou.</p> <p><b>P:</b> Bonjour Maryo, elèv la ap reponn bonjou pwofesè.</p> <p><b>P:</b> Mwen timid anpil Maryo men pa pataje sa ak pèsonn pou yo pa fawouche m oke Maryo. Se yon ti konfidans mwen fè ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Epi Maryo ki se elèv la ap fè yon konfidans tou ak pwofesè a epi pwofesè a ap mande pou tout lòt elèv yo chèche yon ti zanmi pou fè salitasyon kote yo ap fè konfidans youn lòt.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour! Klas kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt.</p> <p><b>P:</b> Jodi a timoun nou pral fè yon bèl salitasyon ki rele kòman ou ye? Salitasyon sa, ap develope estim pou pwòp tèt nou.</p> <p><b>P:</b> Oke timoun mwen pral modle premye pati a avèk nou tout.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Nou pral chante ansanm men, tout ti fi ap di kòman ou ye?</i></li> <li>• <i>Kòman ou ye? tout ti gason ap reponn</i></li> <li>• <i>(Gason)Mwen anfòm</i></li> <li>• <i>(Gason)Mwen anfòm</i></li> <li>• <i>(Gason) E ou menm kòman w ye?</i></li> <li>• <i>(Gason) E ou menm kòman w ye?</i></li> </ul> <p><b>F:</b> Mwen anfòm mwen anfòm.<br/> Mwen anfòm mwen anfòm.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Gen anpil lòt fason nou ka enpwovize pou nou fè l (selon lekòl la ta gen fi oswa gason sèlman).</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt. nan yon salitasyon ki rele salitasyon diyite</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Nan yon tan ki pa long pwofesè a pral pale avèk timoun yo sou diyite.</i></li> <li>• <i>Diyite se yon santiman ki fè yon moun bay respè ak konsiderasyon ak tèt li, ak yon lòt moun oubyen yon bagay.</i></li> </ul> <p>• <b>P:</b> <i>Pwofesè a ap modle salitasyon diyite</i></p> <p><b>P:</b> Bonjour tout timoun! Nou pral fè yon salitasyon ki rele salitasyon diyite, mwen pral salye zanmi ki bò kote m nan konsa.</p> <p><b>P:</b> Bonjour -----Pyè mwen rele Ana, mwen respekte tèt mwen epi mwen kontan mwen se ayisyen.</p> <p><b>P:</b> Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou Ana.</p> <p><b>P:</b> Pyè pral salye lòt timoun ki kote l la epi tout timoun pral fè menm jan an jiskaske tout timoun fin salye youn lòt.</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjour Jidit, mwen vrèman onore w pou fason ou toujou jwe ak mwen nan rekreyasyon.</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjour Mak, mèsè mwen respekte w tou paske ou kolabore byen ak tout elèv.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! Kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt nan yon salitasyon ki rele salitasyon elefan. Se yon fason pou m montre nou, tout sa ki egziste gen valè yo nan mond lan.</p> <p><b>P:</b> Pwofesè a pral modle salitasyon elefan an avèk yon elèv ki bò kote l.</p> <p><b>P:</b> Bonjour---- Stiv! kòman ou ye?<br/> <b>Elèv:</b> _____mwen byen. e ou menm, kòman ou ye?</p> <p><b>P:</b> Mwen trè byen Stiv a la pwochèn<br/> <b>Elèv:</b> -----a la pwochèn madam</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chak timoun pral chwazi yon patnè pou salye an elefan. Tout moun ap bezwen itilize sa yo:</i></li> <li>• <i>Jès, kontak vizyèl, souri. Sa ki enpòtan ankò, pa chwazi moun ki zanmi ou pou salye, paske tout elèv gen menm valè nan klas la.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour! Klas kijan nou ye? Jodi a nou pral salye youn lòt.</p> <p><b>P:</b> Jodi a timoun nou pral refè bèl salitasyon ki rele kòman ou ye a nou deja fè nan semèn nan?</p> <p><b>P:</b> Oke timoun mwen bezwen yon volontè pou kòmanse modle premye pati a avèk nou tout.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Nou pral chante ansanm men tout ti fi ap di kòman ou ye?</i></li> <li>• <i>kòman ou ye? tout ti gason ap reponn</i></li> <li>• <i>(Gason)Mwen anfòm</i></li> <li>• <i>(Gason)Mwen anfòm</i></li> <li>• <i>(Gason) e ou menm kòman w ye?</i></li> <li>• <i>(Gason) e ou menm kòman w ye?</i></li> <li>• <i>Fi: mwen anfòm mwen anfòm.</i></li> <li>• <i>Fi: mwen anfòm mwen anfòm.</i></li> <li>• <i>Gen anpil lòt fason nou ka enpwovize pou nou fè l</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kiyès elèv ki vle chwazi, yon lòt fason pou fè salitasyon sa a?</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen fè l avèk kri chat.</p> <p><b>P:</b> Byen, nou pral eseye. Aprè map bezwen yon lòt fason.</p> |

|  |  |   |  |   |
|--|--|---|--|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke klas! kounye a nou fin fè salitasyon, nou pral pase nan pataj.</p> <p><b>P:</b> Pataj nap fè maten an se yon pataj dirije</p> <p><b>Sijè:</b> lè nou fè yon moun yon konfidans, li pataje l ak yon lòt moun kòman ou santi ou? Pa bliye di kòman pou yo reyaji pou ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Mwen vle pran yon ti tan pou mwen bay ti detay sou mo sa ki se konfidans.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke timoun nou pral pale. Konfidans timoun se lè nou di yon moun yon bagay nou kwè li pa pral di yon lòt moun sa san konsantman nou.</p> <p><b>Elèv:</b> Mari, lè m fin pataje nap di, sa pa bon.</p> <p><b>Elèv:</b> Lè m pataje yon bagay ak yon zanmi, li di yon lòt sa, mwen fache anpil epi mwen pèdi konfyans nan ti zanmi sa.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke klas nou pral pataje sou menm sijè a ki se konfidans. nou konnen deja kisa konfidans ye. N ap fè yon ti rapèl.</p> <p><b>P:</b> Nou konnen paran nou se manman nou, papa nou, oswa moun n ap viv ak li a. Nou pral di lè nou gen yon bagay sekre ak ki moun nou pataje l nan paran nou yo. Eske se manman oubyen papa?</p> <p><b>P:</b> Men pa bliye di kijan pou nou reyaji pou ou.</p> <p><b>Egzanp:</b> Lè m fin pataje tout moun ap ban m yon klap.</p> <p><b>P:</b> Mwen menm lè m gen yon sekre se ak manman m mwen pataje l pou l ka ban mwen bon konsèy.</p> <p><b>P:</b> Mwen vle mande si pa gen lòt timoun ki vle pou pataje avèk nou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke klas! Maten an, nou pral pataje sou kòman nou konn santi nou lè nou gen estim pou tèt nou, pou travay n ap fè epi kòman sa konn fè enpak sou nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofèsè a ap fè modlaj epi di kòman pou reyaji.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mwen kwè nan tèt mwen, mwen ka fè anpil bagay nan vi m. Kòman m te di pou n reyaji pou mwen ankò?</p> <p><b>Elèv:</b> Oups</p> <p><b>Elèv:</b> Lè m fin pataje, nap di pou mwen bon bagay</p> <p><b>Elèv:</b> Lè m gen estim pou tèt mwen, mwen pa pè, mwen ekspriime m byen, mwen fè sa m gen pou m fè atan.</p> <p><b>Elèv:</b> Bon bagay.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun nou fin fè salitasyon, kounye a nou pral pataje pou nou di Kiyès moun ki ban nou valè.</p> <p><b>P:</b> Mwen ap bay yon egzanp, n ap di pou mwen se trèbyen.</p> <p><b>P:</b> Mwen menm, tout moun ban m valè, men manman m respekte m anpil.</p> <p><b>Elèv:</b> Se trèbyen</p> <p><b>P:</b> Poukisa manman nou ak papa nou gen estim pou nou epi poukisa nou gen estim pou paran nou? Sonje di kòman pou reyaji pou nou chak fwa.</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen bay manman m valè, sitou pou tout bagay lap fè pou mwen, li toujou prè pou koute mwen epi papa m toujou ban mwen kòb, li fè jwèt ak mwen.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Oke, nou pral pataje sou menm sijè a ki se konfidans.</p> <p><b>P:</b> Nou konnen paran nou se manman nou papa nou, oswa moun n ap viv ak li a. Nou pral di lè nou gen yon bagay sekre ak ki moun nou pataje l nan paran nou yo. Eske se manman nou oubyen papa nou?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Men pa bliye di kijan pou yo reyaji pou nou.</i></li> </ul> <p><b>Egzanp:</b> Lè m fin pataje tout moun ap ban m yon klap.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Mwen menm lè m gen yon sekre se ak manman m mwen pataje l pou l ka ban m konsèy</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mwen bezwen 5 moun ki pou kontinye pataje</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen fè sè m konfidans, paske si sa m ap fè a pa bon la p di m non</p> <p><b>Elèv:</b> mwen fè frè m konfidans, paske li toujou ap ban m bon direksyon.</p> <p><b>P:</b> Trè byen elèv mwen yo, fòk nou chwazi yon moun nan fanmi an pou nou pale.</p> |
|--|--|---|--|---|

|   |   |  |   |   |
|---|---|--|---|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Tout timoun an nou kanpe nan yon gwo sèk.</p> <p><b>P:</b> Nou pral fè yon jwèt ki rele atouti atouta. Mwen pral rakonte yon istwa, men lè nou tandè nan istwa a mwen di atouti tout timoun ap leve men dwat anlè, men lè nou tandè atouta n ap bese men dwat nou.</p> <p><b>P:</b> N ap fè sa timoun jiskaske istwa a fini.</p> <p><b>Elèv:</b> Monèt ou pa tandè sa mèl la di? atouti, men dwat anlè</p> <p><b>Elèv:</b> An, mwen pa t byen konprann, m ap suiv byen kounye a</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Ok timoun nou fin fè pataj kounye a, nou pral rantre nan aktivite gwoup</p> <p><b>P:</b> Mwen pral esplike nou yon aktivite, pandan nou nan wonn sa.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral pataje yon konfidans avèk nou tout, men m ap kòmanse avèk zanmi ki bò kote m nan, m ap di l yon pawòl nan zòrèy epi l ap di moun ki bò kote l la menm pawòl sa jiskaske pawòl sa mache de bouch ak zòrèy jiskaske sa m te di a retounen vin jwenn mwen ankò.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Se tou piti pou nou di sa paske se konfidans</i></li> <li>• <i>Pwofesè a kapab modle: n ap pase ti pawòl la nan zòrèy lòt la jiskaske li tounen vin jwenn mwen.</i></li> </ul> <p><b>Egzanp:</b> Sòs la bon.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun! Jodi a nou pral fè yon aktivite gwoup kote nou pral soti deyò a epi tout timoun pral ranmase fatra ki sou lakou a epi jete yo nan yon poubèl. Pandan tout timoun ap chante chante sa<br/> An n ranmase fatra<br/> N ap jete nan poubèl<br/> An n ranmase fatra<br/> N ap jete nan poubèl.<br/> Pou lakou a ka bèl<br/> Pou lakou ka bèl</p> <p><b>P:</b> Poukisa nou fè travay sa jodi a?</p> <p><b>Elèv:</b> Se pou nou ka respekte anviwònman n ap viv la</p> <p><b>Elèv:</b> Se pou ka valorize travay gadyen an, paske nou bezwen sipòte l, ankouraje l se poutèt sa nou bezwen kite lakou a pwòp.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun! Jodi a nou pral fè yon aktivite gwoup pandan tout timoun ap prete atansyon yo pou tandè tiktak.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral esplike nou kòman tiktak la fèt Nan yon gwo sèk avèk tout timoun yo, epi nou tout dwe patisipe. N ap mande pou yon timoun al kache. Epi l ap di tiktak apre yon tan pou li di boum.</p> <p><b>P:</b> Mwen ap kontwole pou mwen wè kijan timoun yo pral jwe jwèt la. Lè nou jwenn boum nan fòk nou dakò.</p> <p><b>P:</b> Lè yon timoun tandè boum</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>L ap pase nan mitan pou fè yo wè li pandan l ap di yon bagay ki mete li an valè.</i></li> <li>• <i>Jiskaske tout timoun rive jwe epi wè kapasite chak moun.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun nou fin fè pataj kounye a, nou pral rantre nan aktivite gwoup</p> <p><b>P:</b> Mwen pral esplike nou yon aktivite, pandan nou nan wonn sa.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral pataje yon konfidans avèk nou men m ap kòmanse avèk zanmi ki bò kote m nan, m ap di l yon pawòl nan zòrèy. Epi l ap di moun ki bò kote l la menm pawòl sa a jiskaske pawòl sa mache de bouch an bouch tounen jwenn mwen ankò.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Se tou piti pou nou di sa paske se konfidans</i></li> <li>• <i>Pwofesè a kapab modle: n ap pase li nan zòrèy lòt la jiskaske li tounen vin jwenn mwen</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou bezwen fè l pi byen jodi a, paske nou te fè jwèt sa semèn nan.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèl mwen jan mwen ye a!</b></p>   |   |  |   |   |

| <b>MWA 2, SEMÈN 1</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Kreye relasyon   | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab pale sou diferan relasyon yo ka devlope ak moun kap viv nan kominote yo. (Nan lekòl, fanmi, legliz, mache...)  |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Relasyon</li> <li>• Kominote</li> <li>• Eksplike</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon imaj ki gen elèv ak pwofesè k ap jwe, pale antre yo.</li> <li>• Imaj yon fanmi ki gen bonjan relasyon antre yo.</li> <li>• Yon modèl desen.</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a pale ak elèv yo sou tèm kreye relasyon nan yon kominote.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a pral eksplike yo ki jan de relasyon yo dwe genyen ak tout moun nan lekòl la (elèv, pwofesè, direktè, ti pèsònèl la).</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a pral pale sou relasyon nan yon fanmi (solidarite ak antrèd).</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap diskite sou relasyon nan kominote legliz (fratènite ant frè ak sè).</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou semèn nan pou tèm kreye relasyon nan yon kominote.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Elèv yo ap aprann kòman li enpòtan pou yo genyen bonjan relasyon nan kominote yo. Paske se youn ki pou sipòte lòt pou fè yon travay enpòtan nan kominote a.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i>   |   |

| Leson 1  | Leson 2   | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5  |
|--|---|---|---|--|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen leson an elèv la ap kapab pale sou relasyon ki egziste ant elèv ak elèv.   |   |   |   |  |
| <p><b>Salitasyon (Akolad)</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas jodi a nou pral pale sou enpòtans sa genyen pou gen bon relasyon ant moun k ap viv nan yon menm kominote. Mwen pral ban nou esplikasyon sou sa n ap genyen pou nou fè pandan salitasyon an.</p> <p><b>P:</b> Nou pral salye pandan n ap kore yon lòt kamarad ak koud ponyèt nou. Pa bliye gade zanmi an nan je, souri ak li.</p> <p><b>Elèv:</b> Bonjou Jak, kòman ou ye? Mwen kontan wè w</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Jak ap salye yon dezyèm moun pou montre kòman li kontan gen relasyon ak li.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sonje n ap bezwen salye 5 elèv nan yon minit</p> | <p><b>Salitasyon (Miwa)</b><br/> <b>P:</b> Nan moman salitasyon sa n ap montre ki jan sa bon pou devlope bon kondisyon pou nou fonksyone anndan lekòl la. Li bon pou genyen bon rapò ki devlope ant tout manm ki konpoze lekòl la soti nan direktè a pou rive nan gadyen an.</p> <p><b>P:</b> Nou pral fè yon salitasyon kote nou chak ap pran yon ti tan pou nou gade nou youn lòt. Byen obsève tout sa ki sou lòt moun nan.</p> <p><b>Elèv:</b> 2 elèv ap kanpe fas a fas. Youn ap obsève lòt. Aprè obsèvasyon an. Youn nan elèv yo ap vire fas li pou l kache yon bagay sou li.</p> <p><b>Elèv:</b> Lòt elèv la ap devine kisa ki manke sou elèv la, aprè se ap tou pa lòt elèv la.</p> <p><b>P:</b> Sonje, n ap kòmanse ansanm, lè m tape menm 2èm moun nan ap kòmanse.</p> | <p><b>Salitasyon (Boul non)</b><br/> <b>P:</b> Bonjou Klas, mwen konnen ki jan nou tout atache ak fanmi nou. Lè gen amoni nan fanmi an nou viv alèz epi nou kontan. Se pou sa maten an nou pral salye nan fason pou nou ka montre enpòtans bon rapò nan fanmi.</p> <p><b>P:</b> Pandan n ap salye youn lòt mande elèv la avèk ki moun li gen pi bon rapò nan fanmi l?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Egzanp- Bonjou Kamèl, ak ki moun nan fanmi ou ou pi alèz pou jwe oswa pale?</p> <p><b>Elèv 2:</b> Bonjou Janjan. Kòman ou ye? Mwen alèz anpil ak papa m nou konn jwe boul ansanm lè sa nou pwofite pale tou.</p> <p><b>P:</b> Sonje moun ki vle kòmanse pale a ap leve dwèt li, lè l fini yon lòt moun ap pale.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Kòman nou ye? Jodi a li enpòtan pou nou fè yon ti reflechi sou sans sa genyen pou nou devlope bonjan relasyon ak moun ki pataje menm fwa relijye ak nou paske n ap kominye ansanm.</p> <p><b>P:</b> Nou pral wè ansanm ki pi gwo responsablite nou ta dwe pran youn anvè lòt lè nou gran nan kominote nou? Ki tip solidarite ak antrèd nou dwe genyen antre nou. Poukisa?</p> <p><b>Elèv1:</b> Mwen ta renmen vin yon konseye nan kominote legliz mwen an. E ou menm?</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen ta renmen vin yon lidè lajenès nan legliz la pou m ka ede lòt jèn yo reflechi sou pwoblèm nou ka genyen anndan legliz ak nan sosyete a.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> Bonjou Klas maten an n ap rewè ansanm kèk bagay nou te pale sou bonjan relasyon nan fanmi, lekòl, legliz ak kominote an jeneral.</p> <p><b>P:</b> lè moun nan kominote yo gen bon relasyon kisa sa ap fasilite?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen panse travay k ap fèt nan kominote a ap mache pi vit, paske tout moun ap kontribye.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Sa ede nou jwenn kèk bon modèl.</p> |

|  |   |  |  |  |
|--|---|--|--|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Timoun mwen yo, jodi a nou pral pataje sou pi bon mwayen pou kreye bonjan relasyon nan yon kominote</p> <p><b>P:</b> Chak moun ap chwazi yon zanmi ki bò kote l la, epi l ap mande l ak ki lòt moun li gen plis relasyon nan klas la epi poukisa. Nou gen 2 minit pou nou fè sa</p> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tout klas la kisa zanmi l lan te di l</p> <p><b>Elèv 1:</b> Bonjou Mat mwen kontan wè ou maten an. Souple eske ou ka di m ak ki moun ou gen pi bon rapò nan klas la.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Bonjou mwen menm tou mwen kontan wè w. Se ak Jak mwen gen pi bon relasyon paske lè m pa konprann yon bagay, mwen mande l pou l ede m, li toujou ede m konprann li ak kè kontan.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Elèv mwen yo jodi a n ap pataje sou kòman nou ka kreye bonjan relasyon nan klas la.</p> <p><b>P:</b> Bonjou klas, pale ak zanmi ki bò kote w la mande l kòman relasyon l ye ak mèt nan klas la epi poukisa? Nou gen 2 minit pou nou fè sa.</p> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tou klas la kisa zanmi l lan te di l.</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen gen bon relasyon ak mèt la, paske si m pa ta fè devwa m, li pran yon ti tan pou l mande m sa ki te pase m.</p> <p><b>Elèv:</b> Mwen gen bon relasyon ak mèt la, paske li toujou prè pou ede m. Menmsi li pa gen tan li chèche fason pou l mete m chita ak yon lòt elèv ki ka ede m.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> Timoun mwen yo jodia nou pral pataje sou ki mannyè pou nou devlope solidarite nan fanmi nou pou ka genyen bon relasyon antre nou.</p> <p><b>P:</b> M ap kòmanse sou men dwat mwen.<br/> Elèv ki bò kote dwat mwen an ap kòmanse mande sa ki sou men dwat pa l la kijan li kapab fè pou ede yon moun nan fanmi l?</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen ka ede yon fanmi m si li malad m ap fè kèk travay pou li.</p> <p><b>Elèv 3:</b> Bonjou, mwen kapab ede yon fanmi m si li bezwen yon kòb si m genyen map ba li ladan l pou l achte yon bagay pou l manje.</p> <p><b>Elèv 4:</b> Mwen ka ede yon manm nan fanmi m se pandan l ap pote yon bagay epi mwen soutni li.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> Klas, jodi a nou pral pataje sou bon relasyon ant frè ak sè nan legliz. Kijan pou nou devlope relasyon fratènèl ak lòt moun ki pa nan menm fanmi ak nou men nou konsidere kom frè ak sè nou.</p> <p><b>P:</b> Nou youn pral poze lòt kesyon poukisa lè nou rive legliz jou dimanch lan nou oblije mande lòt moun yo kòman yo te pase semèn nan si nou pat gentan wè yo anvan sa.</p> <p><b>P:</b> Poukisa li enpòtan pou nou ale wè yo lè yo malad, fè yon lòt bebe nan fanmi elatriye.... N ap fè sa ak yon patnè? Nou gen 2 minit pou nou fè sa.</p> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tou klas la kisa zanmi l lan te di l<br/> Repons posib:</p> <p><b>Elèv 1:</b> Bonjou Joslin, mwen wè ou ap fè bon aksyon legliz la lè ou te ale epi priye ak Mari ki te malad nan semèn nan.</p> <p><b>Elèv 2:</b> Bonjou Jasmin ou menm tou mwen wè ou pote kado pou ti sè Sara a ki fèk fèt la.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> Tout semèn nan nou t ap pale de kreye bon relasyon nan kominote nou. Jodi a nou deside pale sou ki jan n ap mete tèt nou ansanm pou nou pwoteje anviwònman nou.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Bonjou Women, pandan semèn nan mwen te renmen sijè sou pwoteje kominote nou. Sa w deside fè pou li?</p> <p><b>Elèv 2:</b> Bonjou Katlin, mwen deside depi jodi a pou m pa janm jete fatra atè ankò, e ou menm sa ou deside fè pou kominote a?</p> <p><b>Elèv 3:</b> Bonjou Mimoz, Mwen ak lòt zanmi mwen yo nou deside fè kèt pou nou achte poubèl pou nou mete nan klas la.</p> <p><b>P:</b> Sonje n ap fè pataj sa ak senk elèv pou piti.</p> |
|--|---|--|--|--|



|   |   |   |   |   |
|---|---|---|---|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Oke timoun yo nou pral fè yon aktivite pezell. Mwen ta renmen tout moun santi yo alèz youn ak lòt.</p> <p><b>P:</b> Mwen ap melanje yon pil desen ki dekoupe an plizyè moso epi kite youn kòm modèl.</p> <p><b>P:</b> Mande elèv yo pou mete tout pyès yo ansanm jiskaske li rive menm ak modèl la.</p> <p><b>Elèv:</b> Jak n ap kòmanse ak sa.</p> <p><b>Elèv:</b> Non n ap mete moso sa pito</p> <p><b>Elèv:</b> Wi an n kontinye konsa, n ap fè l byen vit.</p> <p><i>Leson moral pwofesè a ap pase, sa montre bon relasyon bay tèt ansanm, pèmèt nou travay pi vit epi nou youn respekte lòt.</i></p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Nou gen yon lòt aktivite jodi a. Mwen gen yon pil wòch, m ap melanje kèk wòch ki gen plizyè dimansyon, mwen pral fè yon wonn pou chak dimansyon wòch yo.</p> <p><b>P:</b> Nan ti gwoup 4 moun nou pral ranje wòch yo selon gwosè yo parapò ak wonn ki trase yo.</p> <p><b>Elèv:</b> Non Joslin nou ap idantifye wonn yo avan nou kòmanse.</p> <p><b>Elèv:</b> Dakò, kounye a nou fin jwenn wonn yo, an nou kòmanse mete wòch.</p> <p><b>Elèv:</b> Monèt, pou nou ale pi vit nou chak ap fè yon travay, si ou jwenn ti wòch ban mwen yo epi m ap ba ou sa mwen jwenn.</p> <p><b>Elèv:</b> Se vre wi, nou prèske fini. Chak gwoup ap chwazi yon moun pou vin pataje ak gran gwoup la fason yo te reyalize aktivite a.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Timoun yo, kounye nou pral fè yon teyat pou m wè si yon moun nan fanmi nou gen yon ti pwoblèm kòman n ap ede moun sa. (Blese, tonbe, k ap kriye).</p> <p><b>Elèv:</b> Mamoun mwen pral bò kote moun nan pou m pale ak li, si se blese li blese m ap chèche twal pou mwen siye san an pou li. M ap mare li byen di pou san an ka sispann koule.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Après aktivite a, pwofesè a ap poze yon ti kesyon kòman nou te wè aktivite a, èske nou panse l ap ka ede nou sipòte nenpòt lòt moun?</i></li> </ul> <p><b>Elèv:</b> Wi mèt, paske se pa sèlman fanmi nou dwe pwoteje se tout moun.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Jodi a timoun n ap sòti nan lakou a, nou pral chèche materyèl lokal / materyèl moun pa itilize ankò tou.</p> <p><b>P:</b> Mande timoun yo pou fè ti gwoup 6 moun pou konstwi yon kay.</p> <p><b>P:</b> Aprè aktivite a pwofesè ap mande elèv ki pwosesis ki pèmèt yo konstui kay la? Kisa nou te bezwen jwenn avan, pandan, aprè ki t ap pèmèt nou gen yon pi bon konstriksyon? Chak gwoup ap chwazi yon moun pou pataje ak gran gwoup la.</p> <p><i>Pwofesè a ap montre elèv yo itilite chak moun nan yon aktivite. Epi ki responsablite yo dwe pran nan yon travay yo genyen.</i></p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Jodi a timoun nou pral fè yon istwa an chèn pou konekte tout aktivite nou te fè pandan semèn nan.<br/> Egzanp:</p> <p><b>P:</b> Mwen bezwen kolabore ak kòlèg mwen, pou n ka fè yon pi bon travay nan lekòl la.</p> <p><b>Elèv:</b> M ap suiv travay pwofesè a. Suiv sa l di epi aplike tout sa li di pou m ka reiyisi nan klas la.</p> <p><b>Elèv:</b> Mimos n ap mete tèt nou ansanm pou n pa kite elèv jete fatra nan lakou lekòl la.</p> <p><b>Elèv:</b> N ap kenbe anviwònman klas la pwòp pandan nou youn ap veye sou lòt.</p> <p><b>P:</b> Bravo! Tout elèv, mwen wè si nou kenbe lide sa yo, nou ka rive gen yon pi bon anviwònman nan klas la.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Si nou travay ansanm n ap rive fè anpil bagay</b></p>   |   |   |   |   |

| <b>MWA 2, SEMÈN 2</b>   |   |
|---|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Kominikasyon (tande, respè, apresye divèsite)   | Nan fen semèn nan elèv la ap kapab kominike pi byen pou li ka ranfòse relasyon li ak lòt moun.  |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon</li> <li>• Tande</li> <li>• Respè</li> <li>• Apresye divèsite</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tablo ak lakrè, imaj yon fanmi ki gen bonjan relasyon antre yo.</li> <li>• Bristòl tout koulè ak sizo pou konstwi yon pyebwa kap reprezante divèsite (Koulè pou fèy, twon, flè)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>  |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale ak elèv yo pou mande yo kòmanse chèche lide sou mo kominikasyon.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale ak elèv yo sou mo tandè.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap genyen pou diskite ak elèv yo sou mo respè.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a pral kòmanse chèche konpreyansyon elèv yo sou mo apresye divèsite.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon ak ranfòsman sou semèn nan.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>   |   |
| Elèv la ap kapab wè enpòtans pou genyen yon bon komikasyon ki baze sou yon bon ekout ak respè.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>  |   |
| <i>Se la Pwofesè a ap reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i>   |   |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3  | Leson 4  | Leson 5- Revizyon   |
|--|--|--|--|---|
| Nan fen semèn nan elèv la ap kapab kominike pi byen pou li ka ranfòse relasyon li ak lòt moun.   |  |  |  |   |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou pase yon bon wikenn! Maten an nou pral kòmanse salitasyon an pandan n ap kore yon ti zanmi ak koud ponyèt nou. Nou pral jwe ansanm ak youn nan kamarad nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye l epi n ap ba li yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men li 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou anfòm! Salitasyon n ap fè maten an, n ap fè l ak kri bèt. Nou pral chwazi yon kri bèt pou n salye yon elèv ak kri bèt sa a.</p> <p><b>P:</b> Myaw Ana, kòman ou ye maten an?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Kwen kwen kwen kwen m anfòm Paul e ou menm?</p> <p><b>P:</b> M byen myaw m kontan myaw, m la avèk nou jodi a myaw.</p> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral jwenn ansanm ak youn nan kamarad nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan Je pandan n ap salye l epi n ap ba l yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men li 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bon maten klas! Jodi a nou pral kòmanse salitasyon an nan menm sans nou te fè sa yè a. Men olye de fè kri bèt n ap chwazi imite yon mwayen transpò.</p> <p><b>P:</b> Wonwonwon Emma, kòman ou ye maten an wonwon?</p> <p><b>Elèv 1:</b> tichtich m anfòm Paul tichtich e ou menm?</p> <p><b>P:</b> M byen wonwon kontan wonwon m la avèk nou jodi a won.</p> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral jwenn ansanm ak youn nan kamarad nou. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men li 2 fwa pou tout moun tounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou elèv mwen yo, m espere nou anfòm! Jodi a nou pral kòmanse ak salitasyon kote nou chwazi yon enstriman mizik pou salye yon lòt elèv.</p> <p><b>P:</b> Bonjou tanbou, kòman ou ye maten an?</p> <p><b>Elèv 1:</b> Gita, m anfòm e ou menm?</p> <p><b>P:</b> M byen mèsè.</p> <p><b>P:</b> Nou pral jwenn ansanm ak youn nan kamarad nou. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men li 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas nou te pase yon bèl semèn! Bravo ak tout moun pou bon patispasyon sa a. Jodi a nou mèt chwazi yon salitasyon nou te fè pandan semèn nan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè ap ede klas la chwazi yon salitasyon pou yo fè. Pwofesè a ap suiv kòman y ap fè salitasyon an, men li ka bay sipò pa l pou salitasyon elèv yo chwazi a.</i></li> </ul> |

|   |  |   |  |   |
|---|--|---|--|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Èske nou konn tande mo kominike? Kiyès ki ka pataje kisa kominike vle di?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pran 2-3 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <b>P:</b> Byen, kominike se pataje oubyen fè pase yon mesaj. Nan ki fason nou konn kominike antre nou?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pran 2-3 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <b>P:</b> Kounye a la pou nou kominike se pale n ap pale. E moun ki pa tande, ni pale, kòman yo fè kominike?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pran 2-3 elèv pou reponn.</i></li> </ul> <b>P:</b> Moun ki pa tande ak pale yo konn kominike ak jès. Men kòm nou tout la tande epi nou pale, li enpòtan pou nou pote atansyon ak moun k ap fè yon mesaj pase.<br/> <b>P:</b> Kisa ou dwe fè pou ou tande yon moun pi byen?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Repons posib pou elèv yo: Pou byen tande yon moun, fòk nou mete tout atansyon nou sou moun nan.</i></li> </ul> </p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Yè nou te pale sou enpòtans tande, enpòtans kominikasyon. Kounye a nou pral pale sou sitiyasyon kote moun pa pale byen avèk nou. Vire pale ak yon patnè pou pataje: lè w ap pale ak yon moun epi moun nan pa pale byen ak ou kòman ou santi w?<br/> <b>P:</b> Pa egzanp mwen ka di: lè m ap pale ak yon moun epi li vin joure m, m santi m wont. Après lè mwen wè elèv sa kè m sote, mwen pa santi m alèz.<br/> <b>P:</b> Sonje lè n ap fè pataj nou pral pale de eksperyans pa nou pou pataje kòman nou santi nou? Nou gen 2 minit pou nou fè sa.<br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tout klas la kisa zanmi l lan te di l<br/> <b>P:</b> Nou wè pa gen okenn moun ki santi yo byen lè yon moun ap fawouche l, joure l, rele sou li, epi ap pale mal avè l. M espere nou sonje sa pou nou menm nou pa al pale mal ak lòt moun tou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Yè nou te pale sou kòman nou santi nou lè yon moun pale mal avèk nou. Jodi a nou pral pataje sou kòman nou kapab amelyore kominikasyon nou menm ak moun anfas la ki ap pale avèk nou? Vire pale ak yon patnè pou pataje sou: kijan ou kapab ede yon moun gen bon relasyon ak ou? Nou gen 2 minit pou nou fè sa.<br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tout klas la kisa zanmi l lan te di l<br/> <b>P:</b> Oke klas, kiyès ki vle kòmanse?<br/> <b>P:</b> Sa ki enpòtan lè n ap kominike ak yon moun se pou n tande youn lòt. Si yon moun di ou lè w fawouche l li pa santi li byen, enben ou pa dwe fawouche l. Nan lòt sans lan tou, si ou mande yon moun pou sispann fawouche w, fòk moun nan respekte sa tou. W ap tande l epi w ap obeye epi la p tande ou pou l ka obeye tou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Jodi a nou pral pale ak yon patnè pou pataje sou fason fanmi nou selebre fèt pak. Nou gen 2 minit pou nou fè sa.<br/> <b>P:</b> kounye a nou pral pataje ak tout klas la. 3 moun ap pataje ak tout klas la kisa zanmi l lan te di l<br/> <b>P:</b> Kiyès ki ta renmen pataje ak gran gwoup la kòman patnè yo selebre pak? Sonje se pa ou menm k ap pataje sa ou fè, w ap pataje sa patnè ou di li fè nan moman pak. M ap pran 3 elèv.<br/> <b>P:</b> Mèsi pou pataj la. Nou wè menmsi tout moun selebre pak, nou tout pa selebre l menm jan. Pa gen yon fason inik pou selebre l oubyen ki pi bon pase lòt. Tout moun gen fason pa yo ki diferan. Nou la pou n apresye divèsite ki genyen nan peyi a. Gen divès kalite manje, divès pyebwa, epi andan klas la gen divès elèv. Nout tout se moun men nou pa menm e se sa ki bèl.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Semèn sa nou aprann anpil sou kominikasyon, enpòtans tande, epi kòman pou nou respekte youn lòt. Kounye a amwen ta renmen nou pataje ak yon patnè kisa nou te aprann semèn nan pandan reyinyon maten yo.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bay elèv yo 2-3 minit pou pale ak patnè yo.</i></li> </ul> <b>P:</b> M ap pran 2-3 elèv pou pataje nan gran gwoup sa yo te aprann semèn sa pandan sèk matine a.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 elèv pou pataje ak klas la.</i></li> </ul> <b>P:</b> M kontan tande sa nou te kapte semèn sa a. M espere nou kontinye reflechi sou kòman nou kabap trete youn lòt avèk respè, sajès epi pou n renmen tèt nou pou n ka respekte lòt moun.</p> |
|---|--|---|--|---|

### **Aktivite gwoup**

**P:** Byen, kounye a pou aktivite sa a nou pral kanpe nan yon wonn. Mwen pral di yon mo nan zòrèy yon elèv epi l ap fè menm mo a pase nan zòrèy kamarad ki sou men dwat li.

- *Pwofesè a pral chwazi yon mo pou fè pase. Chwazi yon mo ki gen rapò ak jounen an oswa klas la. Pa egzanp: respè, kominikasyon oubyen yon fraz kout tankou: Si nou travay ansanm nap rive fè anpil bagay.*
- *Après pwofesè a pral suiv si tout moun ap fè mo a pase. Dènye elèv ki jwenn mesaj la pral pataje ak tout klas la pou wè si tout moun dakò si se te mesaj sa yo te tandè epi fè pase.*

**P:** Byen, nou wè enpòtans tandè a genyen sitou si n ap fè yon mesaj pase. Si yon moun pa mete anpil atansyon, li pap sezi sa yon moun di l. Pandan nou nan klas la nou dwe pote atansyon ak moun ki gen pawòl la sèlman. Si gen plizyè moun ki ap pale alafwa nou pap ka sezi mesaj moun nan vle fè pase a. Lè nou koute nou montre respè pou moun k ap pale a.

### **Aktivite gwoup**

- *Aktivite sa mande pwofesè a prepare alavans kèk enstriman tchatcha. L ap gen plizyè po, epi chak po ap gen kèk objè diferan anndan li: grenn diri, grenn pwa, ti wòch pou fè enstriman tchatcha.*

**P:** Ok klas, pou aktivite sa mwen pral ba nou yon bagay pou nou tandè. M ap mande nou fèmen je nou pou n ka pote atansyon ak yon bri mwen pral fè nou tandè. Aprè m fini m pral mande nou kisa nou panse li ye.

- *Verifye si tout elèv yo fèmen je yo anvan ou sekwe premye po a. W ap sekwe li 10 fwa pou asire w yo tandè l. Si w vle ou ka pran yon elèv kòm volontè pou sekwe l pou ou.*

**P:** Ok nou mèt ouvri je nou. Kiyès ki ka di m kisa yo panse ki anndan po sa a?

- *Chwazi 2-3 elèv pou reponn. Ekri repons yo sou tablo a. Poko di yo kisa li ye. Kounye a ou pral suiv menm etap yo a 2 lòt po yo. Ou ap mande yo pou kouvri je yo ak men yo pou tandè po #2 a epi aprè yo fin pataje kisa yo panse li ye, ou ap fè yo tandè po #3.*

**P:** Oke klas, pami sa nou gen sou tablo a mwen wè nou di po # 1 gen ( ) ladan li, po #2 gen ( ) ladan li, epi po # 3 gen ( ) ladan li. M pral montre nou kisa k te nan chak po pou wè si nou te byen devine.

- *Pwofesè a ap montre yo kisa ki te nan chak po.*

**P:** M wè nou te atantif, sa enpòtan paske li montre m nou t ap tandè. Menmsi gen yon son nou pa rekonèt kounye a nou vin konnen yon nouvo son. Lè w vin tandè son sa ankò w ap vin konnen kisa li ye. Aktivite sa petèt montre nou kèk nouvo son, men li la pou kòmanse aprann nou pote atansyon ak sa nou tandè.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Byen klas kounye a, mwen pral li yon ti senaryo pou nou.

**P:** Tè gen yon ti fi ki rele Nannsi li te gen dan rachòt. Lè l antre nan lakou lekòl li, gen kèk elèv ki t ap plede di « dan rachòt! dan rachòt! Gade tifi lèd sa a!» Nannsi vire pou di yo « pa pale avè m konsa! » Men elèv yo kontiye fawouche l. Tèlman elèv yo fawouche Nannsi, Nannsi vin fache, figi li mare, kò l vin rèd tèlman l fache epi li tonbe kriye.

**P:** Kisa nou panse de ti istwa sa a? M ap chwazi 2-3 elèv pou reponn.

- *Chwazi 2-3 elèv pou reponn.*

**P:** Èske elèv yo te respekte Nannsi? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?

- *Chwazi 2-3 elèv pou reponn. Egzanp repons posib: (1) Gen non respè paske elèv yo ap fawouche Nannsi. (2) Depi w ap fawouche yon moun, li pa santi l an sekirite. (3) Elèv yo montre yo pa respekte Nannsi paske yo pa okipe l lè l mande yo pou sispann fawouche l.*

**P:** Sa nou di a enpòtan paske se yon reyalite n ap viv nan klas la, nan lakou lekòl la epi gen defwa n ap jwenn moun k ap ba nou pwoblèm lè nou lakay nou. Sa ki enpòtan se pou n toujou kominike ak lòt nan yon fason ki pa derespkte yo. Si yon moun pa santi yo alèz, chèche konnen poukisa pou w ka pa fè l santi l konsa ankò. Fòk nou tandè youn lòt pou n ka travay ansanm, paske se ansanm nou ka reyalize tout bèl bagay yo. Kòm li make sou drapo nou « l'union fait la force ». Nou gen plis fòs ansanm pase lè nou poukont nou. Nou bezwen youn lòt.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Pou aktivite gwoup maten an nou pral aprann yon bèl ti chante ansanm. M ap dikte nou pawòl yo apres a m ap ban nou ton an.

- *1, 2, 3 ko, 3, 4, 5 mi, 5, 6, 7 ni, 7, 8, 9 ke se kominike.*
- *Koute reyaji se, se kominike*
- *Fè pase mesaj se, se kominike*
- *(Y ap di pati sa a 2 fwa)*

**P:** Chante plizyè fwa ak elèv yo jiskaske yo konn chante a.

**Fraz Repetitif/Eslogan: Si nou travay ansanm n ap rive fè anpil bagay**

| <b>MWA 2, SEMÈN 3</b>   |   |
|---|---|
| <b>Tèm Semèn la</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Konpreyansyon/Regilasyon emosyonèl  | Nan fen semèn nan, elèv yo pral kapab idantifye emosyon yo epi konprann kòman pou yo jere pwòp emosyon yo.  |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Emosyon</li> <li>• Santiman</li> <li>• Agresif</li> <li>• Fyète</li> <li>• Lidè</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Afich an 4 koulè: ble, wouj, jòn ak vèt ki montre santiman ki koresponn ak koulè a (leson 3)</li> <li>• Liv “Eske nou ka antann nou,” otè Maude Heurtelou (leson 1)</li> <li>• Fèy egzèsis sou sa ki gen emosyon yo</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedè</b>  |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Elèv yo ap aprann kijan pou idantifye emosyon oswa santiman ki genyen.</p> <p><i>Leson 2:</i> Elèv yo ap aprann konnen yo toujou responsab fason yo aji kelkeswa jan yo santi yo.</p> <p><i>Leson 3:</i> Elèv yo ap aprann kòman pou idantifye pwòp santiman pa yo.</p> <p><i>Leson 4:</i> Elèv yo ap aprann kòman pou kontwole emosyon yo.</p> <p><i>Leson 5:</i> Elèv yo ap gen chans pou chwazi yon aktivite epi esplike kisa yo pral tire anndan aktivite a.</p>   |   |
| <b>Rasyonèl</b>   |   |
| <p>Timoun ki kapab kontwole emosyon yo, fè plis atansyon, travay pi rèd, epi reyalize plis nan lekòl. Lè yon moun kapab kontwole emosyon l yo, li kapab gen panse restriktif sou jan li ka fè fas ak santiman. Nou vle timoun yo gen santiman yo, men nou pa vle emosyon yo bloke yo. Timoun yo pi efikas lè yo aprann kontwole emosyon yo lè yo, gen konfyans gen moun ki pral tande yo. Nan reyinyon maten sa yo, timoun yo ap kòmanse aprann, move santiman yo menm lè yo fè mal, yo pa pral dire pou toutan, ak pwòp efò yo oswa avèk èd granmoun ki ap ba yo sipò, gen anpil bèl bagay yo ka reyalize.</p> |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>  |   |
| <p><i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i></p>   |   |

| Leson 1  | Leson 2   | Leson 3   | Leson 4  | Leson 5- Revizyon   |
|--|---|---|--|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan, elèv yo pral kapab idantifye emosyon yo epi kòmanse konprann kòman pou yo jere pwòp emosyon yo.   |   |   |  |   |
| <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou pase yon bon wikenn! Maten an nou pral kòmanse salitasyon an pandan n ap kore ti zanmi nou yo ak koud ponyèt nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye l epi n ap ba li yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, w ap tounen nan plas ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral kanpe nan yon wonn pou salitasyon an. Moun k ap kòmanse a pral vire sou kamarad ki sou men dwat li epi l ap fè l yon grimas. Kamarad k ap resevwa grimas lan pral fè l menm grimas lan epi après a l ap vire fè yon lòt grimas bay kamarad sou men dwat li an. N ap fè grimas lan pase jikaske li tounen jwenn moun ki te kòmanse a. Kiyès ki vle kòmanse?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Si gen yon gwo efektivite ou ka fè klas la fè de (2) wonn.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas, jodi a nou pral fè salitasyon an nan yon lòt lang. W ap chwazi ki lang ou vle salye kamarad ou. Kiyès ki konnen kijan nou di « bonjou » nan yon lòt lang?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Chwazi 2-3 elèv pou pataje jan yo di bonjou nan plizyè lang. Tou ekri yo sou tablo a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Ok byen, mèsì pou tout moun ki te pataje. Nou gen: « Bonjour » an fransè, nou ka di « buenos dias » an espanyòl, « shalòm » nan lang ebre, « good morning » an anglè, yo di «ni hao» Lachin epi « asalam alekoum » nan lang arab. Nou gen 6 fason diferan nou kapab salye youn lòt maten an. N ap di chak yon fwa ansanm pou n pratike.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Di bonjou nan tout lang yo epi mande timoun yo repete l aprè w. Montre yo kote l ekri sou tablo a pandan n ap di l.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen klas, kounye a nou pral salye l ak yon bèl kore epi n ap chwazi youn nan lang yo epi n ap di « bonjou » nan lang sa a. Aprè 2, 1-2.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou byen. Jodi a nou pral kòmanse jounen an ak yon salitasyon tankou nou abitye fè l.</p> <p><b>P:</b> Anvan nou salye youn lòt jodi a n ap mande yon elèv kisa ki fè li plezi? Apre li di nou, n ap kòmanse salitasyon an epi n ap reponn li ak kisa ki fè nou plezi. Lè nou pale sou sa, n ap tou pataje poukisa sa nou te pataje a te fè n plezi.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Bonjou! Ki sa ki fè w plezi? (elèv 1)</i></li> <li><i>Bonjou, sa ki fè m plezi se lè m fè yon bèl nòt nan klas la paske li montre m fò lekòl. Kisa ki fè w plezi? (elèv 2)</i></li> <li><i>M renmen sa tou, men sa ki fè m plezi toujou se lè m jwenn manje maten nan lekòl la paske m pa jwenn manje lakay mwen fasil. (elèv 1)</i></li> <li><i>Pa gen manti nan sa! (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsì klas pou salitasyon sa a!</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas nou te pase yon bèl semèn! Bravo ak tout moun pou bon patispasyon sa. Jodi a nou mèt chwazi yon salitasyon nou te fè pandan semèn nan.</p> <p><b>P:</b> Ki salitasyon nou vle fè?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè ap ede klas la chwazi yon salitasyon pou l fè. Pwofèsè ap suiv kòman y ap fè salitasyon an, men li ka bay sipò pa l pou salitasyon elèv yo chwazi a.</i></li> </ul> |

|  |  |   |   |  |
|--|--|---|---|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj lan jodi a nou pral idantifye sa nou rele emosyon. Kiyès ki ka pataje ak klas la kisa emosyon ye?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3-4 elèv pou pataje swa definisyon an oubyen egzanj pou emosyon. Pandan y ap idantifye ekri emosyon yo sou tablo a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen, emosyon se nenpòt santiman ki fò. Sa vle di lè tout elèv nan klas la ap suiv mwèn, emosyon m santi se fyète paske elèv mwèn yo anvi aprann. Lè gen elèv k ap fè anpil dezòd, gen dè fwa m santi m wont paske m konnen tout moun gen kapasite pou tandè, epi respkete règ klas yo. Kounye a m t ap renmen nou idantifye kèk lòt emosyon ki genyen.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3-4 lòt elèv pou pataje diferan emosyon epi ekri yo sou tablo a. Ankouraje yo pou sèvi ak vokabilar espesifik: olye de di “sa ki pa fè m byen, ankouraje yo pou di “sa ki fè m fache, tris oswa fristre” depandan de sitiyasyon an pou yo kapab idantifye santiman ki genyen yo.</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Mwèn pral poze 2 kesyon, mwèn ta renmen 4 elèv pataje repons yo sou kesyon sa yo.</p> <p><b>Premye kesyon an se:</b> pataje yon fwa ou te gen yon santiman ou pa t ka kontwole epi ou te mal reyaji.</p> <p><b>Dezyèm kesyon an se:</b> Pataje yon emosyon ou te genyen men ou te pran desizyon pou byen reyaji. Kiyès ki vle pataje pou premye kesyon an? Kiyès pou dezyèm kesyon an?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a tou idantifye ki elèv ki pral reponn anvan yo kòmanse pataje. Après pataj la ka kòmanse. Nan pati sa l ap enpòtan pou gide elèv yo, pa egzanj si yo di yo te mal reyaji, mande l kisa ki fè l panse jan l reyaji a te mal? Oubyen kisa ki fè fason li reyaji byen? Sa enpòtan pou yo konprann chak desizyon gen konsekans.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou bèl pataj nou jodi a. Èske gen yon elèv ki ka fè nou sonje sa nou te konkli yè nan sèk matine. Nou te di...</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Gade pou wè si yon elèv ka jwenn repons lan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sonje sa n te di yè se ou toujou responsab fason ou aji kelkeswa jan ou santi ou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Mwèn mete 4 postè ki gen koulè pa yo nan diferan pati nan klas la. Chak afich reprezante yon seri emosyon. Mwèn pral mande nou tout kanpe devan afich yo yon moman pou idantifye yo. Afich wouj reprezante: KOLÈ. Afich jòn la reprezante: LAPÈRÈZ. Vèt la reprezante LAJWA epi afich gri a reprezante TRISTÈS. Nou te diskite kèk nan emosyon sa yè. Kounye a, lè m di “ale” ou pral ale nan afich la ki pi byen koresponn avèk ou nan moman an. Lè sa a, mwèn pral mande 2 elèv ki soti nan chak afich pataje poukisa yo kanpe devan afich sa yo kanpe a. Mwèn pral konnen nou pare lè tout moun rete trankil. Oke, ale!</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Ba yo kèk segond pou ale kote yo bezwen. Fè yo konnen ou pare pou pataje lè yo tout trankil.</i></li> <li>• <i>Chwazi 2 elèv ki soti nan chak afich pou pataje desizyon ki fè yo kanpe devan afich la. Sa a ba ou kòm pwofesè yon lide rapid sou kòman elèv yo ap kòmanse maten an.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi ak nou tout ki te patisipe. Sa ki bon an nou ka idantifye kijan nou santi nou. Sa pral vin fè nou konprann kijan nou santi nou ak kòman pou nou jere santiman nou yo, pou nou fè bon chwa.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nan pataj maten an nou pral vire pale ak yon zanmi pou pataje kisa li konn fè oubyen kapab fè pou kalme tèt li lè li fache. Pa egzanj gen moun lè yo fache pou yo kalme yo vide dlo frèt sou tèt yo. Genyen moun tou ki jwenn yon aktivite pou detann yo tankou foutbòl, tandè mizik. Kounye a an nou vire pale pou pataje ak patnè nou. Apresa m ap pran 3-4 elèv pou pataje an gran gwoup.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Ba yo 2-3 minit pou pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a m ap mande 3-4 elèv pou pataje an gran gwoup sijesyon yo genyen sou kòman ou kapab kalme tèt ou lè ou fache?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pran 3-4 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sa ki enpòtan timoun se lè nou santi nou fache, fòk nou fè atansyon pou n pa aji san panse. Ou gendwa pou santi ou jan ou santi w la men ou pa gendwa fè yon lòt moun mal poutèt sa. Li pi bon pou jwenn yon lòt fason pou kalme tèt ou oubyen rezoud pwoblèm nan. Sonje ou toujou responsab fason ou aji kèlkeswa jan ou santi ou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Semèn sa nou aprann kòman pou n idantifye emosyon nou, epi kòman pou n kontwole emosyon nou, kominikasyon, enpòtan tandè, epi kòman pou respkte youn lòt. Kounya mwèn ta renmen nou pataje ak yon patnè kisa nou te aprann semèn nan pandan reyinyon maten yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bay elèv yo 2-3 minit pou pale ak patnè yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> M ap pran 2-3 elèv pou pataje an gran gwoup sa yo te aprann semèn sa a nan sèk matine.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 elèv pou pataje ak klas la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> M kontan tandè sa nou te kapte semèn sa a. M espere nou kontinye reflechi sou kòman nou kapab trete youn lòt avèk respè, sajès epi pou n renmen tèt nou pou n ka respkte lòt moun.</p> |
|--|--|---|---|--|



### **Aktivite gwoup**

**P:** Bèl travay, nou idantifye anpil emosyon nou konn santi. Kounye a nou pral li yon bèl istwa. Istwa sa a konsantre sou trè karaktè yo, après nou pral eseye reponn kesyon sa yo: 1) Ki emosyon ak trè karaktè nou rekonèt pami eksperyans ki site nan istwa sa? 2) Kòman nou ka idantifye emosyon ak trè karaktè a? Kijan yo te reyaji? 3) Sa nou panse de jan l reyaji, èske l byen reyaji oubyen èske gen yon lòt fason li te ka konpòte li pi byen? Istwa nou pral li a rele “Eske nou ka antann nou,” otè Maude Heurtelou.

- *Pwofèsè a pral li istwa sa pou klas la. Aprè sa poze klas la 3 kesyon yo. Si gen yon gwo efèktif, divize klas la an 3 gwoup. Bay chak gwoup yon kesyon pou diskite antre yo. Après yo reprezantan nan chak gwoup ap pataje repons yo.*

**P:** Istwa sa kapab ede nou reflechi sou sitiyasyon nou konn genyen nan lavi pa nou ki aprann nou kijan pou n reyaji. Lè nou rive nan moman pou nou pran yon desizyon, li enpòtan pou n rann nou kont de fason nou reyaji. Pa bliye ou toujou responsab fason ou aji kelkeswa jan ou santi ou.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Jodi a a pou aktivite gwoup nou pral divize nan 4 gwoup. M pral bay chak gwoup yon kesyon pou diskite ansanm. Après n ap chwazi yon reprezantan nan chak gwoup pou vin prezante sa yo diskite a. Sonje fòk nou tout dakò ak kiyès nou bay reprezante nou nan gwoup lan.

**Kesyon pou gwoup 1:** M fache paske youn nan kamarad mwen yo ban m yon gwo kout pwen nan tèt, kisa pou m fè?

**Kesyon pou gwoup 2:** M fristre paske m pa ka konprann leson an, kisa pou m fè? Kisa m dwe fè lè m wè yon timoun k ap kriye poukont li?

**Kesyon pou gwoup 3:** Tout moun jete po bonbon yo atè a, lè m fini ak bonbon pa m nan kisa m ka fè ak po bonbon m nan?

**Kesyon pou gwoup 4:** De elèv kòmanse goumen devan mwen, kisa pou m fè?

- *Verifye si chak gwoup konprann kesyon yo genyen. Fè yo reprann konsiy nan pou verifye konpreyansyon yo. Ba yo plizyè minit pou diskite. Pase nan chak gwoup pou wè si ou ka ba yo yon pwen de refleksyon.*

**P:** Mèsi pou bèl diskisyon sa a. M ta renmen fè nou sonje sa n te di talè a: se ou menm ki toujou responsab fason ou aji kelkeswa jan ou santi ou.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Kounye a nou pral jwe zip, zap, zoum. Nou pral kanpe nan yon sèk. Imajine mwen gen yon boul enèji nan men mwen. Pou kòmanse jwèt la, mwen pral voye boul la, m ap wè yon enèji soti nan kò m ak yon fòs nan mouvman ki sot nan men mwen. Lè m pase enèji a sou bò dwat mwen m ap di “zap.” Si m vle chanje direksyon pou pase sou bò goch m ap di “zip.” Nou pral fè yon fwa kote nou pase enèji a nan direksyon dwat la sèlman. An nou eseye.

- *Pase “zap” lan epi asire tout moun ale yon fwa.*

**P:** Byen! Kounye a nou pral entegre zip lan ladan l. Sonje depi m ap pase l sou bò dwat mwen n ap di “(\_\_\_\_)”? Si m vire sou bò goch mwen m ap di « (\_\_\_) ». Si yon moun pèdi l ap pase nan sèk lan pou l fè yon ti danse pou nou. Tout moun pran plas nan sèk la nou pral patisipe an n fè mizik pandan tout moun ap danse.

- *Kòmanse aktivite a epi asire w tout moun jwe omwen yon fwa nan pati sa.*

**P:** Ah, mèsi pou angajman nou genyen maten an.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Kounye a klas nou pral jwe yon jwèt n ap renmen. Nan jwèt sa, yon timoun ap jwe wòl limyè, lòt timoun yo se machin yo. Lè limyè a di “limyè vèt!” timoun yo kouri nan direksyon limyè a. Lè limyè a a di “limyè wouj!” tout timoun yo dwe kanpe. Si yon timoun pa kanpe yo dwe retounen nan kòmansman liy nan.

- *Yon lòt vèsyon ki genyen ladan l yon “limyè jòn!” Kote timoun yo dwe mache olye pou yo kouri*

**P:** Pou jwèt sa n ap oblije fè l deyò. An n kanpe nan liy pou nou al deyò pou n ka jwe.

**P:** Bon patisipasyon, jwèt sa ede nou devlope kontwòl pwòp tèt nou pou n ka aprann pote atansyon epi suiv yon direksyon.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Pou aktivite gwoup Jodi a mwen pral ban nou yon fèy egzèsis ki reprezante kè nou.

- *Montre elèv yo yon fèy ki gentan ranpli pandan w ap esplike li.*

**P:** Ou pral ekri yon lis santiman ou santi nan lavi ou. Sa a ka santiman ou gen an jeneral oswa ki gen rapò ak yon sitiyasyon espesifik oubyen yon moun. Apresa a, ou pral bay chak santiman yon koulè w ap mete nan kare yo. Epi apre ou fin bay chak santiman yon koulè, w ap ranpli kè a ak koulè ki reprezante kantite emosyon ki nan kè ou.

- *Pwofèsè a ap esplike ak yon fèy egzèsis li ranpli pou tèt li.*

**P:** pa egzanp si m santi m kontan anpil, epi koulè m bay pou kontan se jòn, kè pa m nan ap gen anpil jòn ladan li. Epi gen defwa m santi m tris. Koulè mwen bay pou tris se ble. Kounye a gen yon ti pati nan kè m ki gen ble ladan li tou. Ou ka gen anpil emosyon andan kè ou. N ap kolorye pou nou reprezante emosyon pa nou.

- *Ba yo kreyon koulè ak yon ti tan pou fini aktivite sa a.*

**P:** Aktivite sa a ap ede nou idantifye emosyon ak santiman nou santi anndan kè nou pou nou rekonèt tout moun gen santiman. Santiman montre nou se imen. Sa ki konte se sa ou fè ak santiman ou. Lè ou itilize santiman ou pou fè lòt moun mal li pa bon. Lè ou ka idantifye kijan ou santi ou, ou ka jwenn yon lòt fason pou fè w santi w pi byen.

**Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen responsab fason mwen aji kèlkeswa jan m santi m.**

| <b>MWA 2, SEMÈN 4</b>  |  |
|--|--|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
| Rezolisyon konfli  | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab pale sou diferan fason yon konfli ka rezoud nan relasyon moun ak moun k ap viv nan yon kominote. (Nan lekòl, fanmi, legliz)   |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konfli</li> <li>• Rezoud</li> <li>• Relasyon</li> <li>• Kominote</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Twa imaj: yon imaj kote yon jwè vin frape kò l ak yon lòt pandan y ap jwe boul, yon lòt imaj kote yon jwè ap tonbe epi yon imaj kote yon lòt jwè ap bay lòt lanmen pou l leve,</li> <li>• Pawòl pou chante «Lanmou, lajwa, lespwa, kreyativite».</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedè</b>   |  |
| <p><i>Leson 1:</i> Nan fen leson an elèv la ap kapab pale sou konfli ki egziste ant elèv ak elèv.</p> <p><i>Leson 2:</i> Nan fen leson an elèv la ap kapab wè kòman pwofesè a ap jere yon konfli.</p> <p><i>Leson 3:</i> Nan fen leson an elèv la ap kapab esplike lè yon konfli rezoud nan fanmi l, kòman li santi l.</p> <p><i>Leson 4:</i> Nan fen leson an elèv la ap kapab esplike bon relasyon nan kominote, kòman sa ka ede yo.</p> <p><i>Leson 5:</i> Nan fen leson an elèv la ap kapab etabli diferans ant lè yon konfli rezoud ak lè li toujou egziste (lekòl, fanmi, kominote).</p> |  |
| <b>Diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)</b>   |  |
| <p>Pwofesè a konekte sijè a ak sa elèv yo ap wè chak jou pou l ka bay travay sa vrè sans li.</p> <p>Akeyi elèv yo, pataje sou kòman yo santi yo nan aktivite a.</p> <p>Pwofesè a pral di fraz repetitiv la pou elèv yo, aprè elèv yo ap reprann li ansanm. Pwofesè a pral kòmanse chèche konpreyansyon elèv yo sou mo relasyon, konfli epi rezolisyon. Pwofesè a ap itilize lide pa yo pou kòmande deba a.</p>   |  |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |  |
| <p><i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i></p>  |  |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3  | Leson 4   | Leson 5- Revizyon  |
|---|--|--|---|--|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen leson an elèv la ap kapab pale sou konfli ki egziste ant elèv ak elèv ak sou divès manyè nou ka rezoud yo.  |  |  |   |  |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou pase yon bon wikenn! Maten an nou pral kòmanse salitasyon pandan n ap kore yon ti zanmi ak koud ponyèt nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye l epi n ap bay l yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, maten an nou pral fè salitasyon miwa. Nou pral mete 2 elèv fas a fas. Youn ap kòmanse obsève moun ki devan li. Aprèsa lòt la ap vire fas li pou moun li t ap obsève a kache yon bagay sou li pou wè kisa ki manke sou li.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap bay yon egzanp.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a m ap bezwen 2 volontè pou kòmanse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Gide volontè yo nan demach yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen, kounye a ou pral jwenn yon patnè pou fè suiv demach nou te wè nan egzanp lan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Kounye a yo ka mete yo ak yon patnè pou fè aktivite a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen klas, nou wè enpòtans obsève youn lòt genyen.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, maten an nou pral fè salitasyon fas a fas. Nou pral jwenn ansanm ak yon patnè epi pandan n ap salye youn lòt n ap pataje: kisa ki fè l kontan ak kisa ki konn fè l fache. Lè m di « kòmanse » n ap kòmanse epi lè n fini nou pral chita nan plas nou. Ok, nou mèt kòmanse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Bay yo 2-3 minit pou pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi tout moun ki patisipe nan aktivite sa epi chita byen trankil aprè pataj la. Lè n gen chans pou pataje sa ki fè nou byen ak sa ki fè nou mal, li louvri pòt kominikasyon an pou nou epi l ede nou rezoud byen vit konfli antre nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere tout moun anfòm. Maten an nou pral kòmanse ak salitasyon an. Nou pral salye youn lòt ak jès papiyon. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m 2 fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, bon vandredi! Jodi a nou pral kòmanse maten an ak yon salitasyon mo pozitif. Nou pral salye youn lòt epi n ap bay youn lòt konpliman.</p> <p><b>Egzanp:</b> Ou se yon elèv ki kouraje epi onèt.</p> |

|   |  |  |   |   |
|---|--|--|---|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounya a nou pral pale sou konfli. Nou konn sa ki rele « konfli »?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2 elèv pou bay repons.</i></li> </ul> <b>P:</b> Wi, konfli se yon mezantant ki genyen ant moun ak moun. Gen de konfli nou jwenn ki konplike, ki pa ka rezoud fasil men pi fò konfli nou jwenn kapab rezoud. Pa egzanp, si gen yon elèv ki frape yon lòt, kisa li bezwen fè pou sa pa debouche sou konfli?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 4-5 elèv pou pataje lide pa yo sou kesyon sa a.</i></li> </ul> </p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounya a nou pral jwenn ak yon patnè pou pale de kòman nou konn santi nou lè nou gen bon relasyon ak moun, lè w alèz ak tout moun.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap ba yo 3-4 minit pou diskite ansanm.</i></li> </ul> <b>P:</b> Èske gen kèk nan nou ki ta renmen pataje ansanm ak nou an gran gwoup?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 moun.</i></li> </ul> <b>P:</b> Nou kreye yon espas ki gen amoni, lè nou alèz youn ak lòt, lè nou respekte youn lòt nou gen plis posibilite pou ede rezoud konfli nou genyen yo.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral vire pale ak yon zanmi pou n pale sou ki konfli nou konn wè nan fanmi nou oswa nan kominote nou? Epi kijan nou konn santi nou lè n ap suiv bagay yo. Èske nou konn wè kòman nou ka ede jere konfli sa yo?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bay yo 4-5 minit pou pataje antre yo.</i></li> </ul> <b>P:</b> M ap pran 2-3 elèv ki vle pataje an gran gwoup.<br/> <b>P:</b> Gen de sitiyasyon nou wè nan fanmi nou oswa nan kominote nou ki pa fè nou byen. Genyen nan nou ki vin anfas konfli a men ki pa gen okenn rapò ak nou. Men depi nou wè nou ka eseye jere l oubyen pataje opinyon pa nou nou fè l. Genyen ki pa fè sa tou. Men sa ki enpòtan se pou n sonje lè nou travay ansanm nou ka rive fè anpil bagay.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kòm tèm semèn nan se rezolisyon konfli. Poukisa nou vle rezoud konfli?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Jwenn 3-4 elèv pou pataje lide yo.</i></li> </ul> <b>P:</b> Gen konfli nou ka jere epi nan konfli sa n ap eseye mete lapè. Nou pa santi nou byen lè gen konfli ant zanmi, nan fanmi nou oubyen ant moun nan kominote a. Pou nou menm kisa ki enpòtan pou nou fè si nou vle evite konfli anndan klas la?<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Jwenn 3-4 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <b>P:</b> 1) Si ou wè ou fè yon moun mal ou kapab mande l padon. 2) Si w santi ou fache ou kapab di moun k ap fè w fache a pou l sispann fè sa l ap fè a. 3) Ou kapab bay yon ti distans ak moun ki ap fè ou fè move san an. 4) Gende fwa tou, ou ka pa okipe moun nan. 5) Ou ka vin pale pwofesè a pou li tou. Jan nou pataje, gen plizyè aksyon nou ka pran pou n eseye jere konfli oubyen evite konfli.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Lè pwofesè a ap site fason pou eseye evite konfli, li enpòtan pou l site lide elèv yo tou ki fè sans.</i></li> </ul> </p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounya m pral pran 3 moun pou pataje sou sa ki te fè yo byen nan semèn nan ak 3 moun pou pataje sa ki te fè yo mal nan semèn nan. Epi 2 elèv pou pataje jan yo te konpòte yo anfas yon konfli nan semèn nan. Li te kapab yon bagay ki te pase anndan salklas lan, nan lakou a oswa lakay ou.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Aprè repons pou chak kesyon, pwofesè a pral bay elèv la konsèy pou l aplike. Si w wè gen kèk bagay ki merite yon konsèy ou ka mande klas la pou wè si yo gen konsèy pou elèv la.</i></li> </ul> </p> |
|---|--|--|---|---|

|   |  |   |   |   |
|---|--|---|---|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nan aktivite gwoup m ap montre nou twa imaj ki montre aksyon pandan yon match foutbòl. Chak imaj konekte ak yon lòt. Sa m ap mande nou fè se pou mete imaj sa yo an òd. Kisa ki te pase anvan, kisa ki pase aprè epi alafen kisa ki te pase? Anvan nou kòmanse, èske yon moun ka di m kisa yo wè nan imaj sa?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a pral chwazi imaj kote juwè a ap bay lòt la lanmen pou l leve. Elèv la ap dekri sa li wè nan imaj la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen, kounye a mwen bezwen yon lòt elèv pou dekri sa li wè nan imaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap montre imaj kote juwè a ap tonbe. Elèv la ap dekri sa li wè nan imaj la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke byen, kounye a mwen bezwen yon volontè pou di m kisa k ap pase nan imaj sa?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a pral chwazi imaj kote juwè a vin frape kò l ak lòt la pandan y ap jwe boul. Elèv la ap dekri sa li wè nan imaj lan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Ok byen, kounye a m bezwen yon volontè pou di m kisa ki pase nan imaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a pral chwazi imaj kote juwè a ap bay lòt la akolad. Elèv la ap dekri sa li wè nan imaj la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a n ap divize an gwoup pou nou diskite epi nimewote aksyon sa yo. Aprè n ap chwazi yon reprezantan pou mete foto yo nan lòd: 1, 2 ak 3.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Bay yo 2-3 minit pou diskite. Fè yo vin pataje nan gran gwoup.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay, aktivite sa montre nou ka toujou gen pwoblèm men gen fason pou nou eseye rezoud pwoblèm yo.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> Pwofesè ap ekri yon ti istwa pou montre elèv yo yon pwoblèm yon paran te gen ak yon pwofesè poutèt li te di l yon move bagay. Montre se yon elèv ki fè 2 moun sa yo rezoud konfli a antre yo. Paske l se manman l fòk li padone pwofesè a, paske l pa konprann ase. Epi sa te rive fèt vre.</p> <p><b>P:</b> Timoun, pou rezoud yon konfli sa mande pasyans ak tolerans ki pral pèmèt nou padone lòt la.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral fè yon teyat pou n wè si yon moun nan fanmi nou gen yon ti pwoblèm kòman n ap ede l rezoud sa. Nou bezwen 3 volontè pou jwe wòl papa, manman, pitit. Kounye a nou menm kòm piblik lan pral louvri, vire pale ak yon patnè pou pataje kisa yo panse ki pral pase nan teyat la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a pral soti deyò klas lan ansanm ak 3 elèv yo pou esplike yo istwa a. Tèm nan se yon papa ki frape yon manman. Pwofesè a ap kreye yon senaryo ki senp pou aktè yo ka konprann. Aprè ou verifje aktè yo konprann, tounen nan klas la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a teyat la pral kòmanse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Aprè aktivite a, pwofesè a ap poze yon ti kesyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kòman nou te viv teyat la? Èske se sa nou te panse ki t ap pase nan istwa a? Kisa nou wè papa a te bezwen fè pou evite kont lan rive fèt? Ki leson papa te tire nan teyat la?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap pran 2-3 elèv pou reponn pou chak kesyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou aprann ke li enpòtan pou n pale, pou n kominike konsa ap gen mwens konfizyon, ak plis tolerans.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral sòti nan lakou a. Nou pral mete nou nan yon sèk epi mande chak elèv pou jwenn yon mo ki bay lajwa. Aprè n ap chante chan ki di an nou chante lanmou, lajwa, respè, kreyativite.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Konsiy sa yo pral fèt andan salklas la. Aprèsa pwofesè a ap gide elèv yo nan lakou a pou rebran sa n ap fè etap pa etap.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sonje n ap mete nou nan wonn nan. Kounye a nou chak ap pataje yon mo ki bay nou lajwa. Kiyès ki vle kòmanse?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Lè tout moun fin pase, pwofesè a ap bay konsiy pou chante a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kounye a nou pral chante chante lanmou, lajwa, respè, kreyativite. Aprè 2, 1-2.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a pral gen chans pratike chan sa, epi l ap jwenn pawòl yo nan liv la.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou patisipasyon nou maten an. Kounye a nou pral pran yon moman pou fè respirasyon.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a pou aktivite gwoup nou pral mete fen ak istwa an chèn pou konekte tout aktivite ki te fèt pandan semèn nan. N ap mete nou an wonn epi chak moun pral pataje.</p> <p><b>Egzanp:</b> Mwen bezwen kolabore ak kòlèg mwen pou m pa fè l fache, pou n ka toujou rete byen.</p> <p><b>P:</b> Mèsi pou pataj lan. Nou kreye yon bèl chèn angajman ki montre nou kisa nou pral fè pou n evite konfli ak pou ede jere konfli, pou n kenbe kominikasyon antre nou toujou ouvè pou n ka pale ansanm pou n kenbe n epi jere lanmou, lajwa, respè, kreyativite...</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Si nou travay ansanm n ap rive fè anpil bagay.</b></p>  |  |   |   |   |

| <b>MWA 3, SEMÈN 1</b> (Fè fas avèk advèsite ak estrès)   |   |
|--|---|
| <b>Tèm semèn lan</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Fè fas avèk advèsite ak estrès   | Nan fen semèn nan elèv la ap kapab jwenn ase resous anndan li pou li fè fas avèk advèsite ak estrès.  |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Advèsite</li> <li>• Estrès</li> <li>• Sitiyasyon difisil</li> <li>• Jere</li> <li>• Lajwa</li> <li>• Ostilite</li> <li>• Moman difisil</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Planch imaj ki esprime tristès sou vizaj moun</li> <li>• Balon (leson 2)</li> <li>• Kreyon koulè, fèy papye (leson 3)</li> <li>• Kreyon, bristòl, sizo (leson 4)</li> <li>• Sirèt (leson 5)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap gen pou esplike timoun yo kisa advèsite ye.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap montre timoun yo plizyè fason yo ka idantifye yon sitiyasyon ki pote estrès nan lavi yo.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap pale ak timoun yo sou enpòtans pou kreye nan alantou yo sitiyasyon ki pote lajwa nan kè tout moun.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri lakay yo fakilte yo genyen pou yo jere advèsite ak estrès.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou tèm semèn nan.</p> |   |
| <b>Diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)</b>   |   |
| Timoun nan bezwen kwè li enpòtan pou li kòmanse konstwi pèsonalite li yon manyè pou l ka fè fas ak tout sitiyasyon ki ka pote advèsite ak estrès nan lavi l.   |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Anseyan an ap ekri refleksyon li gen sou reyinyon maten an isit la. Kisa ki te byen mache, kisa ki te enteresan, ki kote sa mande amelyorasyon ki gen rapò ak konpòtman pou fè fas ak advèsite ak estrès.</i>   |   |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5- Revizyon   |
|--|--|---|---|---|
| Objektif semèn nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab jwenn ase resous anndan li pou li fè fas avèk advèsite ak estrès  |  |   |   |   |
| <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou timoun mwen yo; jodi a nou pral salye youn lòt. Pandan n ap gade yon kamarad nan je, n ap repete fraz repetitif la: « bonjou, kòman ou ye, avanse, avanse malgre difikilte ».</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1: « bonjou elèv 2 ; kòman ou ye, avanse, avanse malgre difikilte ».</i></li> <li>• <i>Elèv 2: «bonjou elèv 3: kòman ou ye, avanse, avanse malgre difikilte».</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun paske mwen wè nou te salye youn lòt ak anpil chalè kote youn te bay lòt la asirans, mete l an konfyans. Sa enpòtan pou nou kouri dèyè estrès.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou kòman nou ye Elèv yo? Nou pral salye youn lòt pandan n ap site non fwi yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1, bonjou elèv 2 mwen se zaboka depi mayi moulèn wè mwen kè li kontan e ou menm</i></li> <li>• <i>Elèv 2, bonjou elèv 3, mwen se sitwon mwen geri anpil maladi.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Timoun mwen yo salitasyon sa montre nou li enpòtan pou nou kreye sitiyasyon ki ka fè nou ri. Konsa nou ka chase estrès.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou, kòman nou ye? Maten an nou pral salye youn lòt pandan youn ap imite kri bèt ki bay kè kase yo. Lòt la ap reponn ak kri youn bèt moun renmen tandè.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 ap jape tankou yon gwo chen epi elèv 2 ap reponn ak yon chant zwazo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Repete sèn sa plizyè fwa ak lòt pè bèt</p> <p><b>P:</b> Mèsi timoun mwen yo nou fè sa byen jodi a. Konsa nou fè diferans ant yon sitiyasyon ki fè nou santi nou an danje ak youn ki mete nou an konfyans</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou tout moun kòman nou ye maten an, nou pral salye youn lòt pandan n ap imite mouvman zèl youn papiyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 (bat zèl li pou elèv 2 ka ri)</i></li> <li>• <i>Elèv 2 (bat zèl li pou elèv 3 ka ri)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun nou youn ede lòt jwenn yon rezon pou fè kè l kontan epi pataje lajwa sa a ak youn lòt moun</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Nan tout salitasyon nou te fè nan semèn nan n ap chwazi sa ki te fè nou amize nou plis la pou nou fè maten an.</p> <p><b>P:</b> Mwen sèlman la pou mwen ede nou jwenn bon direktif yo.</p> <p><b>P:</b> Mèsi pou patisipasyon nou nan tout aktivite semèn nan. Nou youn te pote lajwa pou lòt, sa ki chase tout sa ki te ka pwovoke advèsite ak estrès nan mitan nou.</p> |

|   |   |  |   |   |
|---|---|--|---|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Mwen ap fòme kèk ti gwoup, nan chak ti gwoup sa yo m ap bay yon mo vokabilè pou nou reflechi sou li. N ap genyen yon minit pou nou fè sa.</p> <p><b>P:</b> N ap chwazi youn nan nou pou ale pataje refleksyon nou an ak gran gwoup la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv gwoup 1</i></li> <li>• <i>Elèv gwoup 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> N ap kontinye jiskake tout reprezantan ti gwoup yo fini pataje ak gran gwoup la.</p> <p><b>P:</b> Mèsi anpil timoun mwen yo, jodi a nou tout te byen travay. Nou te eseye konprann ansanm sans kèk mo ki nan vokabilè semèn nan</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Mwen ap site kèk egzanp bagay ki kapab bay estrès oubyen kreye yon klima advèsite (youn ap joure lòt, lè ou fè paran ou fache, pale anpil nan salklas la, ou manyen sa ki pa pou ou epi pou yo pa konnen si se ou menm ou akize yon lòt moun, elatriye).</p> <p><b>P:</b> Map mande kèk elèv pase devan pou vini rakonte nou yon ti istwa tou kout sou lè sa te rive l la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1</i></li> <li>• <i>Elèv 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou istwa sa, mèsi pi plis paske ou di nou ki jan ou simonte moman difisil sa. Mwen swete nou tout ki la ka toujou montre nou gen kouraj pou jere estrès ak advèsite</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a timoun mwen yo, nou pral pataje sou ki mwayen nou kon itilize pou nou rebran konfyans nan tèt lè nou nan sitiyasyon ki ban nou estrès.</p> <p><b>P:</b> Tankou si ou vini lekòl men ou pa fè devwa pwofesè a te bay fè a. Elatriye</p> <p><b>P:</b> Di pou nou kisa ou fè pou rive esplike pwofesè a rezon ki fè ou pat fè devwa a, ou byen te rive fè kanmenm sa pwofesè a te mande pou ou fè a. Sonje di kijan pou yo reyaji pou ou.</p> <p><b>P:</b> Mèsi dèske nou te jwenn ase resous pou nou te fè aktivite sa a ki pat parèt fasil men nou reyisi. BRAVO pou tout moun.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nou pral fè yon wonn pou nou fè pataj maten an timoun mwen yo. Ap genyen yon elèv nan mitan wonn nan k ap kreye yon sitiyasyon ki pote lajwa pou tout moun: Chante, danse, fè yon grimas elatriye...</p> <p><b>P:</b> Sa ki enpòtan nan aktivite sa se rive fè moun ri pou chase estrès.</p> <p><b>P:</b> Map mande tout moun ki volontè pou antre anndan wonn nan mete yo sou bò dwat mwen.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 antre nan won nan</i></li> <li>• <i>Elèv 2 antre nan wonn nan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi ak tout moun paske nou te byen patisipe. Kounye a nou konnen sa pou nou fè pou nou kouri dèyè sitiyasyon difisil ak tout estrès.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje yon bagay ki te fè w kontan nan semèn nan.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Lè nou te chante sa te fèm kontan anpil anpil</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mmwen menm lè nou te fè rakonte istwa a te fèm kontan</p> <p><b>P:</b> Mèsi paske nou te pataje epi patisipe ansanm.</p> |
|---|---|--|---|---|



|   |  |   |   |   |
|---|--|---|---|---|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> N ap fòme ti gwoup epi m ap bay chak gwoup yon mo vokabilè nan rèz mo yo pou reflechi padan 2 minit epi yon lidè nan chak gwoup ap vin bay repons sou sa yo te diskite.</p> <p><b>P:</b> Nou tout byen travay paske nou kore lidè nou nan sa li t ap di yo. Sa montre nou tout te patisipe nan travay la.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> N ap fòme 3 ekip: n ap rele yo: advèsite, estrès ak kouraj epi n ap genyen yon balon, n ap fè l sikile nan men ekip yo.</p> <p><b>P:</b> Balon an ap kòmanse nan ekip advèsite a l ap di yon sitiyasyon ki bay estrès, l ap voye balon an nan ekip estrès k ap di oubyen fè yon bagay ki ka jere estrès, l ap voye balon an nan ekip kouraj la k ap di oubyen fè yon bagay pou tout moun ri.</p> <p><b>P:</b> Mèsi pou patisipasyon nou mwen konnen aktivite sa pa t twò fasil men nou reyisi li kanmenm m ap pataje kèk sirèt ak nou.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Maten an mwen pral distribye papye ak kreyon koulè epi tout moun ap desine yon bagay ki mete lajwa nan kè yo chak fwa yo genyen estrès.</p> <p><b>P:</b> Konpliman tout moun nou te byen travay kounye a nou pral kole desen nou yo nan salklas la.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Maten an timoun mwen yo nou pral fè yon mache kote nou pral vann tout sa ki fè kè moun kontan, ki ka ban nou kouraj nan advèsite epi ede nou goumen ak estrès.</p> <p><b>P:</b> M ap kole yon etikèt devan chak machann konsa chak moun ap konnen kisa li vle achte.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 machann lajwa</i></li> <li>• <i>Elèv 2 machann respè</i></li> <li>• <i>Elèv 3 machann siksè</i></li> <li>• <i>Elèv 4 machann bonè</i></li> <li>• <i>Elatriye</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè mwen fin idantifye tout machann ak kliyan m ap deklare mache a ouvè</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Pandan tout semèn nan nou t ap pale de advèsite ak estrès nou te rive konprann se pa bagay ki fasil pou yon moun lè li nan moman sa yo.</p> <p><b>P:</b> Nou te wè tou kòman li enpòtan pou nou chèche fòs, kouraj ak enèji anndan nou pou nou fè fas ak yo.</p> <p><b>P:</b> Chwazi pami aktivite gwoup semèn sa ki te make nou plis la pou nou refè jodi a. M ap sèlman la pou mwen ban nou direktiv yo.</p> <p><b>P:</b> Konpliman nou tout te byen travay pou tout semèn nan, n ap pran randevou semèn k ap vini an pou lòt aktivite.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Avanse, avanse, malgre difikilte</b></p>  |  |   |   |   |

| <b>MWA 3, SEMÈN 2</b>   |   |
|---|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Fòs mantal / Mantal djanm<br>Kapasite Pou Pran Desizyon   | Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konnen kòman pou l pran bon desizyon.  |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Otonòm</li> <li>• Disiplin</li> <li>• Lidè</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tablo ak lakrè</li> <li>• Liv “Alix Se Fawouchè”, otè Maude Heurtelou</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>  |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Elèv la ap ka idantifye yon sitiyasyon kote yo pat pran yon bon desizyon.</p> <p><i>Leson 2:</i> Elèv la ap chèche konnen kijan pou yo pran yon bon desizyon lè yo fè fas ak yon defi.</p> <p><i>Leson 3:</i> Elèv la ap kapab fè diferans ant yon bon ak yon move desizyon.</p> <p><i>Leson 4:</i> Elèv la ap aprann kòman pou l konpote li anteke moun, anteke ti lidè.</p> <p><i>Leson 5:</i> Elèv yo ap kapab dekouvri enpòtans dwa ak devwa yo kòm avni peyi a.</p> |   |
| <b>Diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)</b>  |   |
| Objektif la se pou ede epi konsyantize elèv la pou l ka pi byen konprann kòman pou l disipline tèt li epi fè bon chwa.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>  |   |
| <i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa li te remake, elatriye?</i>  |   |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4  | Leson 5- Revizyon  |
|--|--|---|--|--|
| Objektif semèn nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konnen kòman pou l pran bon desizyon.   |  |   |  |  |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas, mwen espere nou pase yon bon wikenn! Maten an nou pral kòmanse salitasyon an pandan n ap kore yon ti zanmi ak koud ponyèt nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye l epi n ap ba l yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou n salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l- 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! Anvan nou salye youn lòt jodi a, nou pral mande youn lòt montre kòman nou pral gen disiplin jodi a. Apre li di ou sa l ap fè pou sa, w ap kòmanse salitasyon an epi w ap mande li ki règ klas la, paske n ap mete fokis sou li jodi a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou! Kijan ou pral montre ou gen disiplin jodi a? (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Jodi a m pral chita nan plas mwen pou m suiv pwofesè a ak tout atansyon mwen. (elèv 2)</i></li> <li>• <i>Oke bon bagay, jodi a m ap ede kamarad mwen si li gen yon difikilte pou konprann leson an (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Oke mèsi, m kontan tandè sa a (elèv 2).</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi klas pou salitasyon sa a, nou aprann sou objektif youn ak lòt genyen jodi a. Li bon lè nou gen objektif pou nou reflechi sou ki disiplin nou bezwen pou n ka vin yon bon moun demen.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! Jodi a nou pral kanpe nan yon wonn pou fè salitasyon an. Moun k ap kòmanse a pral vire je bò kamarad sou men dwat li epi l ap fè l yon grimas. Menm jan nou te fè l anvan. Kamarad k ap resevwa grimas lan pral fè l menm grimas lan epi après l ap vire fè youn lòt grimas bay kamarad sou men dwat li an. N ap fè grimas lan pase jiskaskè li rive jwenn moun ki te kòmanse a. Kiyès ki vle kòmanse?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Si gen yon gwo efektif ou ka fè klas la fè de (2) wonn.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas! Jodi a nou pral kanpe nan yon wonn pou salitasyon an. Maten an nou pral prezante tèt nou kòm youn lidè nou renmen. Ou ka chwazi youn lidè ou konnen nan kominote ou oubyen youn ou rekonèt nan liv oubyen istwa peyi a. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye l epi n ap ba l yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a fè youn model pou elèv yo.</i></li> <li>• <i>Pwofesè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l -2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour klas, Jodi a m pral chwazi youn elèv ki pral mennen pati salitasyon an maten an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi youn elèv pou pataje ki salitasyon li vle epi pou l tou mennen salitasyon an.</i></li> </ul> |

**Pataj**

**P:** Pataje yon fwa kote ou te pran yon desizyon ki pa t bon paske li pa t gen okenn sans ladan l. Pa egzanzp, chire po yon liv lekòl. Li pa fè sans paske po a la pou pwoteje liv lan. Le ou chire l kisa ki pral asire ke liv paran ou te achte pou ou pou ka aprann nan ka sèvi pou tout ane a? Kounye a nou pral vire pale ak yon kamarad sou yon fwa kote li pa t pran yon bon desizyon.

- *Bay elèv yo 2-3 minit pou pataje antre yo.*

**P:** Kounye a m ap pran 2 elèv pou pataje an gran gwoup.

**Pataj**

**P:** Yè nou te pataje sou desizyon nou te pran ki pat bon. Jodi a m ta renmen nou pataje an gran gwoup si nan demen n ap kontinye pran desizyon ki pa bon. Pa egzanzp, si m pase men mwen sou yon dife. Dife a boule m. Eske m ap retounen pase men m sou dife a menm jan? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?

**P:** Eske gen elèv ki te pran yon move desizyon epi li tounen repete l anko? Si wi, poukisa? Si non, poukisa? M ap pran 3 elèv pou pataje ak klas lan.

**P:** Sa depandan de desizyon an, gen seri desizyon ki pa bon nou gen posibilite pou repete yo vre. Sa konn depann de konsekans lan. Si konsekans lan pa grav nou gen tandans pou repete aksyon an. Men si l grav nou vin aprann ke desizyon ki te pran an pa t nan avantaj ou. Nou nan laj kote gen anpil desizyon n ap pran ki pa bon epi pa p gen pwoblem pou sa. Kote ou ap jwenn pwoblèm se lè w fè yon bagay ki pa bon epi ou kontinye fè l menm apre ou vin aprann li pa bon. Se lè sa nou kòmanse devlope move konpòtman, move abitud.

**Pataj**

**P:** Pou pataj maten an mwen pral divize tablo a an de pati. Nan premye pati a m ap make “bon desizyon,” epi nan dezyèm pati a m ap ekri “move desizyon.”

Kounye a m ap mande nou pou leve men nou pou pataje nenpòt senaryo kote n ap pran desizyon. Pa di nou si se bon oswa move. Si klas la wè li bon n ap mete pous nou anlè, si klas la jije se yon move desizyon n ap mete pous nou anba.

- *Pa egzanzp, yon elèv chita nan plas yon lòt elèv. Lòt elèv la vini epi l bay elèv ki nan plas li a kou. Se yon bon desizyon oubyen yon move desizyon? Poukisa?*
- *Kounye a klas la ap mete pous yo anlè oubyen anba pou reyaji. Fòk pwofesè a gide elèv yo ak plis kesyon si yo gen difikilte pou jwenn bon repons lan. Pa egzanzp si w wè gen yon elèv ki mete pous li anlè apre senaryo sa ou ka mande poukisa li te wè se te yon bon desizyon?*

**P:** Oke kounye a m ap bezwen yon elèv pataje yon desizyon apres klas la ap reyaji ak pous yo si li bon, si li pa bon.

- *Pran 3-4 elèv pou bay senaryo. Mande plizyè elèv ki gen pous yo anlè oswa anba poukisa yo pran desizyon sa yo.*

**P:** Bon pataj timoun! Li enpòtan pou nou kòmanse fè diferans ant bon ak move desizyon konsa nou ka pi byen jere tèt nou pou n suiv bon chemen an.

**Pataj**

**P:** Kisa sa vle di yon « lidè »? Kisa ki fè yon moun yon bon lidè? Nou pral divize an gwoup pou diskite sou kesyon sa. Après chwazi yon reprezantan nan chak gwoup pou vin prezante nou sa yo diksite a nan gran gwoup.

- *Bay elèv yo 4-5 minit nan ti gwoup yo.*

**P:** Mèsi pou pataj sa. Li bon paske li montre ke nou konsyan de konpòtman nou nan klas la. Se lè nou okouran de sa nou fè byen epi kote nou bezwen amelyore, se lè sa nou kòmanse pa bezwen moun vin pale anpil avèk nou paske nou konnen kijan pou nou konpòte nou. Se lè sa nou vin gen disiplin epi se youn nan mak yon bon lidè.

**Pataj**

**P:** Nan semèn nan nou pale anpil sou mo desizyon. Nou lib pou nou chwazi youn nan pataj nou te fè nan semèn nan. An n vote pou n wè ki pataj klas la chwazi.

|   |   |  |  |  |
|---|---|--|--|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral jwe yon jwèt ki ap mande nou anpil atansyon. Nan jwèt sa mwen bezwen yon elèv pou jwe wòl Ti Malice.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi yon elèv pou jwe wòl Ti Malice.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Ok klas, Ti Malice pral bay nou yon lòd. Si lòd la kòmanse ak “Ti Malice di...” tout moun bezwen fè sa l mande nou pou n fè a. Men si li lòd lan PA kòmanse ak “Ti Malice di...” epi yon elèv egzekite lòd la, elèv la pèdi. L ap chita nan plas li. Dènye moun ki ret kanpe a se li ki genyen. M ap modle pou nou pou m wè si n konprann.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• “Ti Malice di tout moun kanpe”</li> <li>• “Ti Malice di mete de men sou tèt nou” (fè jès lan)</li> <li>• “Mete men sou zepòl ou” (fè jès lan)</li> </ul> <p><b>P:</b> Tout elèv ki mete men yo sou zepòl yo pèdi. Poukisa?</p> <p><b>Repons:</b> Paske Ti Malice pa t di “Ti Malice di mete men ou sou zepòl ou”</p> <p><b>P:</b> Ok an nou eseye l kounye a pou toutbon.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Gide elèv ki te vin volontè pou jwe Ti Malice bay lòd yo si w wè l gen difikilte nan kòmansman an. Pandan sa ou ka veye lòt elèv yo pou ou wè kiyès k ap suiv, kiyès ki pèdi. Pou travay sa ou ka toujou mande yon dezyèm volontè pou ede Ti Malice veye klas la pandan l ap bay lòd. Si jwèt lan depase 2-3 minit, mande Ti Malice pou bay lòd yo pi vit toujou pou n ka jwenn yon ganyan oubyen plizyè. Tout elèv ki kanpe toujou apre 3 minit genyen.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Jodi a pou aktivite gwoup la nou pral divize nan 4 gwoup. M pral bay chak gwoup yon kesyon pou diskite antre yo. Après a n ap chwazi yon reprezantan nan chak gwoup pou vin prezante sa yo diskite a nan gran gwoup la. Sonje fòk nou tout dakò ak kiyès nou bay reprezante nou nan gwoup lan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Kesyon pou gwoup 1: Gen yon elèv k ap jwe ak yon jwèt mwen vle, kisa m pral fè?</i></li> <li>• <i>Kesyon pou gwoup 2: Gen yon elèv ki banm yon gwo kout pwèn nan senti m, kisa m pral fè?</i></li> <li>• <i>Kesyon pou gwoup 3: M leve men mwen nan klas la men pwofesè a pa ban m lapawòl, kisa m pral fè?</i></li> <li>• <i>Kesyon pou gwoup 4: Mwen wè yon timoun ki tonbe, li blese epi l kòmanse kriye, kisa m pral fè?</i></li> <li>• <i>Verifye si chak gwoup konprann kesyon yo genyen an. Fè yo reprann konsiy nan pou verifye konpreyansyon. Bay yo plizyè minit pou diskite. Pase nan chak gwoup pou wè si w ka bay yo kèk lide pou yo reflechi.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral jwe zip, zap, zoum. Nou pral kanpe nan yon sèk. Imajine ke mwen gen yon boul enèji nan men mwen. Pou kòmanse jwèt la, mwen pral voye boul enèji a k ap soti nan kò m ak yon gwo mouvman ki sot nan men mwen. Lè m pase enèji a sou bò dwat mwen m ap di “zap.” Si m vle chanje direksyon pou pase sou bò goch m ap di “zip.” Nou pral fè yon fwa kote nou pase enèji a nan direksyon dwat la sèlman. An n nou eseye.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pase “zap” la epi asire tout moun ale yon fwa.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen! Kounye a nou pral entegre zip la ladan l. Sonje depi m ap pase l sou bò dwat m ap di “(____)”? Si m vire sou bò goch mwen m ap di « (___) ». Si yon moun pèdi l ap pase nan sèk la pou l fè yon ti danse pou nou. Tout moun otou de sèk la pral patisipe nan fè mizik pandan moun nan ap danse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Kòmanse aktivite a epi asire tout moun jwe omwen yon fwa nan pati sa.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Ah, mès! pou angajman nou genyen maten an. Jwèt sa mande anpil fòk ak disiplin pou n ka reyisi pran bon desizyon an.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral li yon istwa de yon timoun ki rele Alix ki renmen fawouche lòt moun. Lè m rive nan mitan istwa a m ap kanpe pou n ka diskite kisa nou panse ki pral rive nan fen liv lan. N ap diskite an gwoup antre nou après a pou n pataje an gran gwoup. Lè n fin pataje m ap kontinye li rès istwa an pou n wè finalman kisa ki te pase.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Kòmanse li liv ‘Alix se fawouche’ epi prepare depi anvan leson ou pou wè ki kote w ap kanpe.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Oke nan ti gwoup nou pral diskite ki sa nou panse ki pral rive.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bay yo 2-3 minit pou diskite ak 2-3 minit pou pataje an gran gwoup.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Byen, kounye a an nou kontinye istwa a pou nou wè kisa ki pase ak aktè yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Fin li rès liv lan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Èske sa n te devine, se sa kite pase nan istwa a vre?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3-4 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sa ki enpòtan la se pou n konprann enpòtan defi genyen nan lavi nou. Toujou ap genyen defi epi fòk nou prepare nou pou n konprann ki desizyon nou vle pran anfas defi. Nou toujou gen yon chwa, epi sonje tou: ou toujou responsab fason ou aji kelkeswa jan ou santi ou. Gen anpil bon lidè ki montre nou jan pou n konpote nou kòm moun. An nou sonje moun sa yo lè nou vin anfas yon pwoblèm pou n ka reflechi de ki bon fason pou n simonte defi sa a. Bon travay klas!</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Nan semèn nan nou pale sou anpil bèl bagay. Nou pale sou kòman nou ta dwe konpòte nou, ki defi nou genyen, ak kijan pou simonte defi epi kijan pou pran responsablite nou kòm lidè. M pral ban nou fèy blanch ak kreyon koulè pou n desine kijan nou pral konpòte nou nan klas la ak nan kominote nou pou n ka vin bon lidè. Lè nou fini, n ap gen chans pou pataje kèk ladan yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Fè yo reprann konsiy la pou verifye konpreyansyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mès! paske m wè gen anpil bèl travay ki fèt. An nou pran 2-3 elèv ki vle pataje kisa yo desine epi poukisa se desen sa a yo fè.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 elèv pou pataje.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou te gen anpil bon diskisyon ki te fèt nan semèn nan sou konpòtman, kòman pou chwazi osinon pran bon desizyon, epi kisa nou rele yon lidè. Nou gen responsablite depi kounye a pou n jere tèt nou. Fòk nou sèvi ak granmoun ki nan lavi nou ansanm ak istwa peyi nou kòm gid pou mennen pèp la pi lwen. Sa fè apati de dwa ak devwa nou kòm fiti lidè ki pral ede epi mennen peyi a rive pi lwen.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Fòk mwen panse anvan mwen aji.</b></p>  |   |  |  |  |

| <b>MWA 3, SEMÈN 3</b>   |   |
|---|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Reyalize fòs ak siksè   | Nan fen semèn nan elèv la ap motive pou ankouraje youn ak lòt apre yon reyisit. |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Siksè</li> <li>• Angajman</li> <li>• Sipòte</li> </ul>   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papyè, kreyon koulè.</li> </ul>    |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>  |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Nan fen leson an, elèv la ap aprann kijan pou ankouraje youn lòt itilize fòs ki andedan l pou l fè siksè.</p> <p><i>Leson 2:</i> Nan fen leson an, elèv la ap ka idantifye kalite aktivite ki konn fèt pou selebre siksè.</p> <p><i>Leson 3:</i> Nan fen leson an, elèv la ap kapab idantifye defi ak egzès konpasyon pandan y ap bay konsèy.</p> <p><i>Leson 4:</i> Nan fen leson an, elèv la ap kapab montre angajman pou kominote l ap viv la.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon semèn nan.</p> |   |
| <b>Diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)</b>  |   |
| <p>Elèv yo ap aprann enpòtans pou yo itilize fòs ki andedan yo pou yo selebre siksè epi rive felisite youn lòt pou efò li fè, motive yo pou kontinye malgre defi. Tout selebrasyon yo pa menm, gen plizyè fason pou nou montre nou wè gen yon bagay k ap mache byen. Sa enpòtan paske li ka enspire nou, motive nou, depi nou wè se yon bagay ki mache nou ka replike l epi chak fwa nou selebre sa fè kè nou kontan.</p>   |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>  |   |
| <p><i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i></p>   |   |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5- Revizyon  |
|---|--|---|---|--|
| Objektif semèn nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab pran plezi nan selebre sikse.  |  |   |   |  |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou pase yon bon wikenn! Maten an nou pral kòmanse salitasyon an ak yon kore ak koud ponyèt nou. Sonje pou n gade kamarad nou nan je pandan n ap salye epi n ap ba l yon bèl souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Pou salitasyon an, n ap salye kamarad nou an papiyon. Sonje pandan n ap fè jès la n ap gade youn lòt nan je epi n ap souri. Lè m bat men m ansanm n ap chwazi 2-3 elèv pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofèsè a ap bat men l pou siyale kòmansman. Epi bat men l 2 fwa pou tout moun retounen nan plas yo.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral kanpe nan yon wonn pou salitasyon an. Moun k ap kòmanse a pral vire gade kamarad sou men dwat li epi l ap fè l yon grimas. Kamarad k ap resevwa grimas la pral fè l menm grimas lan epi après l ap vire fè yon lòt grimas bay kamarad sou men dwat li an. N ap fè grimas lan pase jiskaske li rive jwenn moun ki te kòmanse a. Kiyès ki vle kòmanse?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Si gen yon gwo efektivite ou ka fè klas la fè de (2) wonn.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou elèv mwen yo, m espere nou byen! Jodi a n ap kòmanse ak salitasyon: kouran. M ap kòmanse epi m ap fè pase kouran an, nan sans sa m ap fè jès voye kouran ak men m bay vwazen mwen an. Lè sa vwazen an pral pase kouran pou l rive jwenn vwazen sou lòt men an. An n gade pou wè si n ka fè kouran an pase antre nou vit. Nou konnen l fin pase lè l rive jwenn moun ki kòmanse a. N ap fè l-3 fwa pou n gen yon chans fè l byen. Ok, m ap kòmanse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pase kouran an ak jès yo bay elèv ki sou bò dwat ou a. Lè l rive jwenn ou. Rekòmanse men fwa sa kòmanse pase kouran an sou bò goch ou.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bon maten m pral chwazi yon elèv pou mennen salitasyon an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Chwazi elèv la pou pataje epi mennen salitasyon yo pral fè maten an.</i></li> </ul> |

|  |   |   |   |  |
|--|---|---|---|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pou pataj lan maten an nou pral pataje sou yon bagay nou te fè yon fwa ak fòs nou ki fè siksè. Kiyès ki ka di m kisa sa vle di « siksè »?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 1-2 elèv pou pataje</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè nou itilize fòs nou pou nou fè yon bagay ki fè siksè sa vle di nou atenn objektif nou te genyen an. Pa egzanp, « mwen fè kap mwen an vole ak siksè paske lè l pran van, se pa ti vole li pa vole nan syèl la. » Mwen itilize fòs pou mwen kenbe l pou van an pa pote li ale. Lè nou pataje tou di siksè a epi poukisa li te yon siksè pou ou. Aprè w fin pataje pa bliye di nou kòman pou n reyaji pou ou.</p> <p><b>NB:</b> Aktivite sa ka fèt an ti gwoup oubyen ak tout klas la.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Yè nou te pataje lè n te jwi yon moman ki gen siksè. Jodi a nou pral pataje kijan nou konn selebre yon siksè nan fanmi nou oswa nan kominote a, nan legliz la oubyen nan peyi a. Nou pral pataje nan ti gwoup.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Egzanp pou pwofesè a:</i></li> <li>• <i>Fanmi: Fèt lwa, anivèsè</i></li> <li>• <i>Kominote: Fèt patwonan nan legliz la / Maryaj</i></li> <li>• <i>Nasyonan: Fèt drapo</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bay kèk egzanp sou selebre siksè: Nan fèt legliz la mwen te chante pou selebre viktwa ekip mwen an nan konkou a</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Aktivite sa ka fèt nan ti gwoup oswa nan gran gwoup.</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Byen! Nou sonje nan kòmansman semèn nan tou te gen yon pataj kote nou te pale de siksè nou yo. Jodi a nou pral pataje sou defi. M ap mande 4 elèv pou pataje yon defi yo te genyen epi après m ap mande 4 lòt elèv pou bay konsèy ak elèv yo ki te pataje defi yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 4 elèv pou pataje defi, 4 elèv pou pataje konsèy. Si konsèy la pa rive satisfè moun nan ou mèt mande si gen lòt elèv ki gen lòt konsèy. Après w ap kore sa ki bay bon konsèy yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou tout moun ki patisipe nan pataj la jodi a. Jan de pataj sa yo enpòtan paske li aprann nou kòman nou ka ankouraje youn lòt sitou nan moman defi yo. Nou renmen lè nou fè yon bagay byen oubyen lè yon bagay pozitif rive pou nou jwenn mo ki fò pou nou fèlitate youn lòt pou sa ki mache byen. Nan menm lide a, si w wè gen yon moun k ap goumen ak yon defi fòk nou ka ankouraje l, motive l pou l ka simonte defi a, pou l ka reyisi epi fè siksè.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pataje: Si gen yon bagay nou renmen nan kominote nou, kisa l ye? Si gen yon bagay ou ta renmen chanje nan kominote ou kisa l ye? M ap chwazi 4 elèv pou reponn premye kesyon an epi 4 elèv pou reponn dezyèm kesyon an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Kòmansman poze kesyon sou yon bagay yo ta renmen chanje, ke yo ka chanje kounye a, poze yo kesyon tou pou ankouraje yo wè kòman yo ka kòmansman angaje yo nan kominote a. Pa egzanp si gen yon kote sou wout la ki gen anpil fatra, avèk yon granmoun yo ka òganize yo pou yo ramase fatra.</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Mèsi elèv _____ pou salitasyon an maten an. Kounye a m ap mande 3 elèv pou pataje sa yo te fè ki te fè byen nan semèn sa, après m ap mande 3 lòt elèv pou pataje sa ki pa t fè yo byen semèn sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3 elèv pou pataje pati yo pi renmen nan semèn nan.</i></li> <li>• <i>Chwazi 3 lòt elèv pou pataje pati yo pa t twò renmen nan semèn nan epi si posib kòman yo ka amelyore sa ki pa t fè yo byen.</i></li> </ul> |
|--|---|---|---|--|



|   |  |   |  |  |
|---|--|---|--|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> N ap fòme ti gwoup epi m ap bay chak gwoup yon mo vokabilè pou reflechi padan 2 minit. Pandan tan sa a, youn ap ankouraje lòt sou sa ki ka pi bon bagay pou lidè a al di nan non yo tout sou sa yo te diskite nan gran gwoup la.</p> <p><b>P:</b> Nou tout byen travay paske nou kore lidè nou nan sa li t ap di yo. Sa montre nou tout te patisipe nan bay youn lòt fòs epi ankouraje l nan travay la.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Pou aktivite gwoup jodi a, m ap bezwen 8 volontè.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Idantifye 8 volontè, yo chak ap pote yon nimewo soti nan #1 rive #8.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè m rele nimewo #1, moun ki se nimewo #1 ap vin chwazi yon mouvman pou fè nan wonn nan. Epi tout moun ap replike l. Depi m rele nimewo #2 moun nan ap vin nan wonn nan ak yon lòt mouvman pou gwoup lan replike. Ok, an n ale!</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Lè nou fini w ap mennen moman enspire, ekspire pou fini.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Pou fini n ap pran yon moman pou n enspire, ekspire. An n ale n ap fè kòm si n ap keyi yon mango, (fè jès lan) epi n ap pran sant mango a (pou ankouraje enspirasyon) epi ekspire. Fè sa 3 fwa</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> M ap mande 5 elèv ki poko patisipe jodi a pou vin devan pou aktivite sa a. N ap vini youn pa youn. Nou chak ap chwazi yon aktivite li renmen fè men li pap di klas la ki aktivite li ye. L ap fè jès kòm si se aktivite a l ap fè vre. Kounye a klas la pral devine kisa aktivite a ye pou li fè li tou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Idantifye 5 elèv pou mennen aktivite sa. Lè klas la vin jwenn ki aktivite elèv ki tap mennen gwoup la tap fè a asire ke ni klas ni patisipan felisite yo youn lòt.</i></li> <li><i>Lè nou fini w ap mande yon elèv pou mennen moman enspire, ekspire pou fini menm jan ak yè.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Timoun yo sonje nou fè pati yon kominote, lè bagay yo pa mache byen sa genyen anpil efè sou nou.</p> <p><b>P:</b> Kounye a mwen pral ban nou fèy papye ak kreyon koulè epi n ap desine sou fèy papye sa a kisa nou wè nan kominote a ki pa mache byen ak rezolisyon n ap pran pou nou ka angaje nou pou n ka chanje sa. Aprè nou fin fè desen an n ap ekri yon fraz pou esplike kisa k ap pase nan desen an. Si n bezwen èd ak fraz la, leve men epi m ap vin kote nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Bay yo youn tan presi pou yo fin fè desen an. Si yo pa gen tan fini l. Bay yo chans pou fini l pandan rekreyasyon oswa demen.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nan aktivite gwoup sa nou pral jwe yon jwèt. Nou pral divize klas la an de ekip. Ekip 1, Ekip 2. Chak ekip ap chwazi 3 elèv pou vin reprezantan yo. Premye reprezantan nan ekip 1 an pral vire gade klas la. Li pa gen dwa gade dèyè l kote tablo a ye. Sou tablo a m ap ekri yon mo oubyen m ap desine yon imaj. Nou pa ka di elèv k ap jwe a sal ye. Sonje li pa gen dwa gade tablo a. Kounye a ekip 1a pral bay li deskripsyon sa yo wè sou tablo a pou elèv k ap jwe a eseye jwenn kisa ki ekri oubyen desine sou tablo a. Pa egzanp si m fè desen yon solèy sou tablo a, endikatè nou ka bay li san n pa di l se solèy se: sa se yon bagay ki leve lematen, li kouche lè swa, li ba nou limyè, li konn bay chalè. N ap ba li 3 chans. Kounye a depi l jwenn li n ap bay ekip 1 yon pwen. Si l pa jwenn li n ap bay ekip 2 yon chans. Aprèsa n ap kontinye jiskaske twa elèv nan chak ekip yo pase. Nan fen jwèt la n ap kalkile pwen yo. Sonje lè nou fini n ap felisite tout moun pou efò yo kit yo genyen kit yo pa genyen. Ap gen lòt chans pou n jwe toujou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Fòk pwofesè a prepare anvan. Li ka sèvi ak non nou wè nan lòt leson nou wè deja oubyen non ki senp. Sonje si elèv yo poko fò nan dechifraj, chwazi non ki senp pou ekri oubyen senp pou desine. (chen, tablo, rivyè, tifi, ti gason, mango, drapo, lekòl, tanbou, adisyon, soustraksyon, elatriye)</i></li> </ul> |
|---|--|---|--|--|

**Fraz Repetitif/Eslogan: Fòk mwen panse anvan mwen aji.**

| <b>MWA 3, SEMÈN 4</b>  |  |
|--|--|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
| Espwa pou lavni  | Nan fen semèn nan elèv la ap kapab pran Konsyans epi aji yon fason pozitif pou l ka reprezante avni peyi a tout bon vre. |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Espwa</li> <li>• Avni</li> <li>• Planifikasyon</li> <li>• Metye</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papyè, kreyon koulè.</li> </ul>   |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |  |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap ede elèv yo reflechi sou enpòtans planifikasyon ak mo avni.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap ede elèv la dekouvri sans respè pou yon planifikasyon.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap ede elèv la pale sou yon metye yo ta renmen pratike lè yo gran.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap montre elèv yo wòl ak konsekans chak aksyon ki poze genyen sou yo ak kominite a alavni.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyasyon semèn nan.</p> |  |
| <b>Diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)</b>   |  |
| Elèv yo ap aprann enpòtans pou yo planifye tout aktivite y ap genyen sou yo ak kominote a. Aprann lavni se pa yon bagay ki lwen anpil epi reflechi sou sa yo anvi aprann lè yo vin gran.   |  |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |  |
| <i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye?</i>   |  |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4   | Leson 5- Revizyon   |
|---|--|---|---|---|
| Objektif semèn nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab pran Konsyans epi aji yon fason pozitif pou l ka reprezante avni peyi a tout bon vre.  |  |   |   |   |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour timoun kòman nou ye? Jodi a nou pral fè yon sèk pandan tout moun ap avanse n ap chante chan rasanbleman an. Lè chak moun fin pran plas li, youn ap mande lòt kisa li anvi fè demen: lakay li, nan lekòl la oswa sou wout lè l ap vin lekòl la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 ap mande elèv 2 ki sa li anvi fè demen: nan lekòl la, lakay oswa sou wout ki mennen li lekòl la</i></li> <li>• <i>Elèv 2 ap fè menm jan ak elèv 3</i></li> <li>• <i>Lè pwofèsè a panse ase timoun pale, l ap fè salitasyon yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa a montre nou ki jan li enpòtan pou n toujou panse ak sa n ap gen pou nou fè demen pou nou ka jere tan nou pi byen, konsa n ap wè wòl aksyon k ap vini yo ka jwe nan lavi nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour tout moun: Jodi a n ap rebran salitasyon nou te fè yè a men nou youn ap di lòt kisa li ap planifye pou rès semèn nan ki ap itil kominote a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 ap mande elèv 2 kisa li swete fè pou rès semèn nan ki ka itil li menm ak tout kominote a</i></li> <li>• <i>Elèv 2 ap fè menm jan ak elèv 3</i></li> <li>• <i>Pwofèsè a ap bat men li pou mete fen ak salitasyon an.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa a montre nou ki jan planifikasyon se yon bagay moun dwe toujou fè pou tout aktivite l ap antreprann. Sa mete lòd nan lavi nou epi sa ede nou reyisi tout sa n ap antreprann pi byen.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour Klas, kòman nou ye? Jodi a n ap avanse pa pè, epi chak moun ap foute men yo nan bwat la pou chwazi yon ti papye. Lè ou fin ouvè epi li sa ki ekri nan ti papye sa a; pale ak zanmi ou pou fè dyalòg si nou renmen oswa pa renmen metye nou jwenn nan papye a a. Eske lè ou vin gran w ap aprann metye sa a epi poukisa?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 ak 2 avanse pou chwazi nan bwat zouti ki nan mitan sèk la. Lè timoun yo fin li sa yo chwazi yo y ap kòmanse pale de chwa yo fè yo si yo renmen chwa a poukisa se metye sa a yo ta renmen fè lè yo gran</i></li> <li>• <i>Elèv 3 ak 4 ap vin fè menm egzèsis la, elatriye.</i></li> <li>• <i>Pwofèsè a ka pèmèt omwen 5 pè elèv fè aktivite sa avan li mete fen ak salitasyon yo. Tout moun chante chan rasanbleman an pou rebran plas yo</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa montre nou depi kounye a nou dwe genyen nan tèt nou lide pou nou chwazi yon metye pou nou aprann pou nou ka itil tèt nou, kominote a ak peyi nou. Sonje pwovèb ki di nou se espwa peyi a si nou pa ka itil li anyen nou pap ka jwe wòl nou byen.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjour timoun mwen yo kòman nou ye? Maten an mwen pral site kèk bagay ki pa mache byen nan kominote nou an ki ta merite pou nou chanje a lavni. Pran tan nou pou nou byen tandè sa m pral di. Chak moun ap kenbe nan tèt yo sa yo pa renmen an epi l ap avanse sou youn nan kamarad l yo, l ap depoze chapo a devan pye li epi l ap di l sa ii pa renmen an, ak kisa ou vle fè depi jodi a pou chanje sa. E li menm?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1 ap pran chapo a pou depoze l devan elèv 2 youn ap di lòt la ki sa li ta renmen ki chanje nan kominote a</i></li> <li>• <i>Elèv 2 ki genyen chapo a devan li ap ranmase l pou fè men jès la ak yon lòt elèv ke l ap gen pou li chwazi.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa montre nou wòl ak konsekans chak aksyon nou poze genyen pou kominote kote n ap viv la paske nou chak jwe yon wòl nan istwa kominote nou an.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofèsè a ka chwazi nenpòt nan salitasyon semèn nan. Men li t ap pi fè sans si li ta rebran salitasyon ki gen rapò ak wòl metye yo pou avni moun yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Tout leson semèn sa a te fè nou pale ak aji sou fiti ak lavni. Nou te pran konsyans se nou ki pral ranplase grandèt yo. Pou sa nou bezwen kòmanse fè jefò depi jodi a pou nou ka itil tèt nou, kominote nou ak peyi nou.</p> <p><b>P:</b> Konpliman nou tout te byen travay pou semèn sa a.</p> |

|  |  |  |   |  |
|--|--|--|---|--|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> kounye a nou fin wè ansanm jan li fè sans pou yon moun konnen kisa li anvi fè menm nan yon delè tou kout ki se demen.</p> <p><b>P:</b> Nou wè li pi bon toujou lè nou pataje vizyon demen nou ak yon lòt moun. Konsa ou ka pa poukont ou nan yon aktivite ou ta anvi antreprann.</p> <p><b>P:</b> Yon elèv ap deplase ale devan yon lòt pou di lòt la ki sa li vle fè demen pou klas la ka byen mache epi mande l si li vle akonpaye l.</p> <p><b>P:</b> Nou pral fè senk binom pou nou fè aktivite sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Binom 1</i></li> <li>• <i>Binom 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou jan nou te pataje opinyon nou sou sa nou anvi fè demen pou salklas oswa lekòl nou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Timoun mwen yo mwen pral site plizyè akitivite ki genyen nan kominote a tankou: salte nan mache, konbit, sèk lekti, ranje wout ki kraze, ban kraze nan lekòl la, elatriye...</p> <p><b>P:</b> kilès nan nou ki vle planifye yon aktivite nan semèn nan pou yo amelyore figi kominote a nan sans sa.</p> <p><b>P:</b> Mande timoun yo sa yo remake nan kominote a nan jou mache. Eske li fasil pou yo vin lekòl oubyen tounen lakay yo si yo dwe travèse mache a.</p> <p><b>P:</b> Nou kapab chwazi fè yon aktivite sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>lari sal</i></li> <li>• <i>bèt yo mare nenpòt kote, ki ka lakoz aksidan, elatriye</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Chak fwa yon elèv di yon bagay ki pa bon l ap fè yon jès pou montre aksyon ki bon an ki dwe fèt pou amelyore oswa chanje sitiyasyon an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1</i></li> <li>• <i>Elèv 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou patisipasyon nou. Konsa nou wè lè nou patisite nan lavi kominote a tout moun ka viv pi byen.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Timoun mwen yo nou konn tandè pale de anpil metye. Nou konnen ki metye manman, papa, gran frè ak gran sè nou osinon yon lòt moun nan fanmi nou ak nan vwazinaj ap egzèse.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral chwazi 5 timoun, yo chak pral pale de metye yo vle aprann lè yo vin gran epi y ap di nan ki sans metye sa ap itil pou kominote a ak peyi a</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>P:</b> <i>Nan moman pataj la mande elèv li te chwazi yo mete rad ki gen rapò ak metye a sou yo epi pale de metye sa a.</i></li> <li>• <i>Elèv 1</i></li> <li>• <i>Elèv 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi nou tout te byen travay jodi a nou konprann enpòtans yon metye nan lavi yon moun epi ki valè sa bay kominote lap viv ak peyi l.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Jodi a timoun mwen yo nou te wè lè bagay yo ap mache mal lakay nou, nan lekòl oubyen nan kominote a sa aji sou nou tout. Depi semèn nan kòmanse nou te wè fòk nou santi nou konsène paske nou se avni peyi a.</p> <p><b>P:</b> Pandan n ap bat men nou, chak fwa elèv ki nan mitan an kanpe devan yon lòt elèv, nou ap sispann bat men epi l ap mande elèv li kanpe devan li an ki sa ki ap mache mal nan kominote a ak kisa li vle fè pou kòmanse chanje sa depi jodi a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1</i></li> <li>• <i>Elèv 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Chante chan rasanbleman an pou fèmen sèk matine.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje yon bagay ou te renmen nan semèn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1</i></li> <li>• <i>Elèv 2</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi anpil pou jan nou te pran plezi patisipe nan pataj yo pandan tout semèn nan.</p> |
|--|--|--|---|--|

|   |  |  |  |  |
|---|--|--|--|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Tout la sent jounen nou tande y ap repete: «timoun jodi granmoun demen». Se nou menm ki lavni peyi a. Pou nou ka espwa pou demen tout bon vre se depi jodi a pou n kòmanse mete abiman bon sitwayen sou nou nan tout sa n ap fè.</p> <p><b>P:</b> Lavni se yon bagay ou fè plan pou li, li pa vini poukont li. Si ou byen planifye w ap reyisi sa w ap antreprann nan, men konsa tou ou ka echwe si ou fè tout bagay tankou yon jwèt.</p> <p><b>P:</b> Tout moun toujou panse lavni se yon bagay ki lwen, lwen, lwen men se pa vre. Li kòmanse depi jodi a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap pwofite itilize mo vokabilè yo pou l ka fè pase refleksyon sa a</i></li> <li>• <i>Pwofesè a ap fè yo travay nan ti gwoup pou yo reflechi sou planch imaj ki genyen solèy k ap leve a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou jan nou ban m kèk egzanj de sa nou konsidere kòm avni. Nou pral afiche planch imaj la paske n ap tounen sou li nan semèn nan.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap drese yon lis ak tout sa elèv yo di y ap fè nan semèn nan</i></li> <li>• <i>Pwofesè a ap angaje yon konsvèsasyon kote pou elèv yo pale sou ki fason yo chak pral òganize pou fè bagay ki nan lis la yon fason pou bagay sa yo ka itil swa lakay, lekòl oubyen nan kominote a pou rès semèn nan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nan rezime semèn nan m ap verifye ki moun ki respekte sa li te di l ap fè a</p> <p><b>P:</b> Moun ki respekte sa li di l ap fè ap kòmanse voye siyal pou l di li ap yon bon sitwayen demen. Peyi a ka konte sou li.</p> <p><b>P:</b> Nan Kalandriye a chak moun ap antoure jou li te fè aksyon pa li a.</p> <p><b>P:</b> Mèsi pou jan nou òganize pou nou fè anpil aksyon pozitif nan rès semèn nan, konsa nou bay siyal a klè n ap de bon sitwayen k ap ka asire avni nou epi charye lespwa pou peyi a demen.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <p><b>P:</b> Timoun nou pral fè yon gwo wonn, m ap mete yon elèv deyò wonn sa a. Mwen deziye elèv x kòm lidè. M ap remèt lidè a boul papye sa. Chak fwa lidè a depoze li nan men yon moun, l ap di ki metye li vle aprann lè li gran ak poukisa se metye sa li chwazi. (Si abiman metye a la elèv la ap leve li anlè pou lòt yo ka wè l)</p> <p><b>P:</b> N ap rekòmanse tik tak jiskake yon bon kantite elèv gentan pale</p> <p><b>P:</b> Mèsi anpil, jodi a tout moun te chofe pou yo te di sa yo vle aprann kòm metye. Epi mwen wè nan esplikasyon nou bay nou deja konprann ki wòl metye sa ap fè nou jwe nan devlopman peyi a.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <p><b>P:</b> Nan papye sa yo mwen ekri yon seri bagay ki pa mache byen nan lekòl la, salklas la elatriye.</p> <p><b>P:</b> Mwen pral fè plizyè ti gwoup pou diskite ansanm sou ki sa nou ka fè pou amelyore sa. Chak moun ap responsab yon bagay pou aktivite a ka reyisi. Konsa n ap dekouvri valè travay an ekip.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap mete fen ak aktivite sa lè kèk nan ti gwoup fin bay fason yo òganize yo pou chanje sa.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi anpil pou akivite sa jodi a nou dekouvri pou reyalize yon bon bagay pou kominote a li enpòtan pou nou kapab mete lide nou ansanm. Konsa nan inite n ap fè lespwa boujonnen nan peyi a.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè a ap repran aktivite gwoup jou 1 an.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi anpil pou patisipasyon nou nan aktivite semèn sa ki te fè nou dekouvri ki wòl n ap genyen pou nou jwe nan peyi a demen, paske se sou nou lespwa ak lavni li repoze.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Fòk mwen panse anvan mwen aji.</b></p>  |  |  |  |  |

| <b>MWA 4, SEMÈN 1</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
| Konsèp ou panse sou pwòp tèt ou  | Nan fen semèn nan elèv ap kapab valorize tèt li nan nenpòt ki sikonstans.   |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konpliman</li> <li>• Espesyal</li> <li>• Valè</li> <li>• Kalite</li> <li>• Pòtrè</li> <li>• Pwezi</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy pou fè aktivite sou pòtrè ak pwezi a (wè atache)</li> <li>• Kreyon koulè (plizyè koulè mawon)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap gen pou pale ak elèv yo de valè tèt yo.</p> <p><i>Leson 2:</i> Elèv yo pral gen chans reflechi sou sa ki fè yon moun espesyal.</p> <p><i>Leson 3:</i> Elèv yo pataje kisa ki fè yon moun espesyal.</p> <p><i>Leson 4:</i> Elèv yo ap aprann kijan pou fè youn lòt moun konpliman.</p> <p><i>Leson 5:</i> Elèv yo ap pral pataje pwezi yo te ekri sou valè pwòp tèt yo.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Timoun nan bezwen kwè li se yon moun inik epi espesyal. Li pa dwe kite moun konpare l ak lòt moun. Li dwe toujou valorize tèt li epi pa kite bagay negatif fè enpak sou vi l.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la Pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)?</i>  |   |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3  | Leson 4  | Leson 5- Revizyon   |
|--|--|--|--|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv ap kapab valorize tèt li nan nenpòt ki sikonstans.  |  |  |  |   |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Nou konnen chak elèv nan klas sa gen anpil konesans de sa nou rele valè. Kiyès ki konn kisa sa vle di « valè »?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 1-2 elèv pou pataje definisyon an.</i></li> </ul> <p>Nou tout gen valè, valè pa nou antanke timoun, antanke etidyan sèke se nou menm ki avni peyi a. Sa vle di se nou menm ki pral ede chanje peyi a. Men anvan nou ka ede chanje peyi a fòk nou konprann ki kote nou soti, kiyès nou ye epi ki kote nou prale. Pou n konprann tout sa fòk nou konprann nou tout gen valè epi pou nou renmen tèt nou jan nou ye a. Se pou sa maten an pandan n ap salye youn lòt n ap di: « mwen renmen tèt mwen jan mwen ye ». An n di l ansanm yon fwa pou m wè si n konprann. Klas la ap di l ansanm.</p> <p><b>P:</b> Lè m bat men m ansanm, nou mèt kòmanse ak salitasyon an. Aprè nou fin salye kamarad nou, chwazi yon lòt nan kamarad nou pou n salye. Lè nou tandè m bat menm ansanm de (2) fwa n ap retounen nan plas nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, maten an nou pral mete nou nan yon gran sèk. M pral bay yon elèv yon boul epi elèv sa pral chwazi yon lòt elèv pou salye epi l ap voye boul la ba li. N ap fè boul la pase jiskaske tout moun jwenn li. Pa egzanp:</p> <p><b>Elèv 1:</b> Bonjou elèv 2, (elèv 1 ap voye boul la bay elèv 2 aprè l di non l pou siyale l, l ap voye boul la ba li.)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 2 (aprè l jwenn boul la) Bonjou elèv 1, elèv 3 bonjou (elèv 2 ap voye boul la bay elèv 3)</i></li> <li>• <i>Nòt pou anseyan an: Si nou pa gen boul, chwazi yon lòt objè ki ka pran plas boul la.</i></li> </ul> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas, m espere nou anfòm! Pou salitasyon maten an n ap fè youn lòt konpliman. Kiyès ki konn definisyon mo konpliman?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 1-2 elèv pou bay repons. Bay yo definisyon an si yo pa rive jwenn li.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Yon egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou elèv 1,</i></li> <li>• <i>Bonjou elèv 2,</i></li> <li>• <i>X: “Ou se yon moun ki... (renmen ede lòt moun)”</i></li> <li>• <i>Y: “Mèsi. Ou se yon moun ki... (dou anpil)”</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè m bat men m ansanm, nou mèt kòmanse ak salitasyon an. Aprè ou fin salye kamarad ou, chwazi yon lòt nan kamarad ou pou ou salye. Lè ou tandè m bat menm ansanm de (2) fwa n ap retounen nan plas nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou, maten an nou pral felisite 1-2 nan elèv nou yo pou yon bagay nou te wè yo te byen fè pandan semèn lan. Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou elèv x,</i></li> <li>• <i>Bonjou elèv y,</i></li> <li>• <i>X: M felisite w paske yè m wè ou te byen konpòte w nan klas lan epi w byen jere liv ou.</i></li> <li>• <i>Y: “Mèsi. M felisite w paske avan yè m te wè ou defann yon timoun yon lòt tap fawouche. Kounye a ou vin entèveni epi ou di timoun yo ke sa y ap fè a pa bon.”</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Lè m bat men m ansanm, nou mèt kòmanse ak salitasyon an. Aprè w fin salye kamarad ou, chwazi yon lòt nan kamarad ou pou ou salye. Lè ou tandè m bat menm ansanm de (2) fwa n ap retounen nan plas nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bon maten, mwen pral chwazi elèv ki pral mennen pati salitasyon an jodi a...</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi yon elèv pou tou pataje epi mennen salitasyon yo pral fè maten an.</i></li> </ul> |

|  |   |  |   |   |
|--|---|--|---|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Bon travay. Kounye a nou pral pran yon moman pou nou pataje, poukisa nou renmen tèt nou?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Pa egzanp:</b> <i>Mwen renmen tèt mwen paske m se yon fanm djanm.</i></li> <li>• <b>Lòt egzanp pou gide pwofesè a:</b> <i>Mwen renmen tèt mwen paske tout moun renmen m. Mwen renmen m paske m se pitit Dessalines. Mwen renmen m paske se mwen ki pou renmen tèt mwen an premye.</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pataje sou kisa ki fè ou santi ou espesyal? Kiyès ki konnen kisa sa vle di espesyal?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 elèv pou reponn</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Gen de moun li santi l espesyal, lè l resevwa yon konpliman de yon bagay li fè byen, pa egzanp lè l fè pi gwo mwayèn nan klas la. Mwen menm, mwen santi m espesyal lè...</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Ou ap tou fè egzanp lan pou yo.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Kiyès ki vle pataje kisa ki fè yo espesyal oubyen kilè ou santi ou espesyal?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3-4 elèv minimòm</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kòman nou te santi nou lè nou t ap fè youn lòt konpliman?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 3-4 elèv pou pataje</i></li> <li>• <i>Reponn yo nan yon fason ki ranfòse espri pataj pozitif lan.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou pral kontinye ak jan de pataj sa pandan semèn sa a. Sa vle di m ta renmen nou kòmanse suiv epi reflechi sou sa nou wè kamarad nou fè byen pou n ka pataje l avèk yo.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral pataje sou kisa ou apresye de tèt ou? Bay yon egzanp de karaktèsitik oubyen konpetans ou genyen. Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Sa mwen renmen de tèt mwen se anpil pasyans mwen genyen.</i></li> <li>• <i>Sa m renmen de tèt mwen se...</i></li> <li>• <i>Mèsi pou bèl pataj sa a. Si nou vle nou mèl ajoute sa nou pataje jodi a nan pwezi nou.</i></li> </ul> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nou fè anpil bèl efò semèn sa a pandan nou t ap travay sou pòtrè nou ak pwezi nou. Jodi a nou pral pataje pwezi nou an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Si klas la gen yon gwo efektivite, divize klas la an plizyè gwoup konsa chak elèv ap gen yon chans pou pataje pwezi yo ak kamarad yo. Si gen posibilite, pou kèk gwoup fè pataj la deyò. Pandan y ap pataje ou ap sikile nan gwoup yo pou suiv prezantasyon yo.</i></li> <li>• <i>Lè yo fin prezante nan ti gwoup, tout klas la ap antre epi fini sesyon an ansanm ak Eslogan « Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye! Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye! Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye! »</i></li> </ul> |
|--|---|--|---|---|



|   |  |  |   |  |
|---|--|--|---|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a m pral mande nou pou pase fèy sa yo epi asire nou tout moun jwenn. Kiyès ki ka di m kisa yo wè nan fèy sa?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Repons posib: pòtrè, imaj, tèt, tèt san visaj, zòrèy, elatriye.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Sa se yon potrè san cheve, san vizaj, san koulè. Sa nou pral fè jodi a, ou ap konplete pwòp figi pa w nan pòtrè a. Jodi a n ap konsantre sou vizaj la sèlman. Kisa ki fè pati de visaj nou?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Chwazi 2-3 elèv pou bay repons.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Nou gen 10 minit pou travay sou pòtrè nou. Si nou pa fini nan tan sa, n ap kontinye travay sou li demen.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Mande 2-3 pou elèv pou rebran konsiy aktivite a. Aprè klas la dakò sou konsiy nan, mande yon lòt elèv pou distribye kreyon koulè yo pou yo kòmanse travay la.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral kontinye travay sou sa nou te kòmanse yè a. Men n ap konsantre nou sou koulè po nou. Gade po nou epi kolorye pòtrè nou ak menm koulè a. Nou gen 10 minit pou n konplete vizaj la nan potrè nou. Kiyès ki ka rebran konsiy lan pou mwen?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Verifye konpreyansyon klas la epi pran yon volontè pou distribye fèy egzèsis la ak kreyon koulè yo.</i></li> </ul> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral travay sou yon pwezi. Kiyès ki konnen kisa sa vle di “pwezi?”</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Ou ap prezante yo pwezi sou pwòp tèt sa vle di w ap reponn pami reyalyte pèsònèl pa yo.</i></li> <li>• <i>Mwen se... (Ana)</i></li> <li>• <i>Mwen soti... (Benè)</i></li> <li>• <i>Mwen renmen... (fè lekti sou bèl istwa peyi m nan)</i></li> <li>• <i>Pati mwen pi renmen nan mwen se..</i></li> <li>• <i>Sa ki pa fè m byen se... (lè timoun yo ap fawouche youn lòt)</i></li> <li>• <i>Mwen enpòtan paske... (mwen se avni peyi a)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> M ap bay nou yon ti tan pou travay sou li kounye a epi si nou pa fini nan tan sa, n ap gen tan demen pou fini l. Nou mèt kòmanse!</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral kontinye travay sou pwezi nou. Sa ki pa t fini yo pral gen chans pou fini jodi a. Epi demen nou pral prezante klas la travay nou fè a. Lè n fini nou ka deside si n vle kole travay la sou mi an oubyen al lakay nou avèk yo. Bon travay!</p> |  |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a</b></p>  |  |  |   |  |

| <b>MWA 4, SEMÈN 2</b>  |  |
|--|--|
| <b>Tèm Mansyèl la</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
| Idantite istorik ak fyète nasyonal   | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab dekouvri idantite istorik ak fyète nasyonal yo.   |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Istorik</li> <li>• Idantite Nasyonal</li> <li>• Lidè</li> <li>• Fyète</li> <li>• Senbolize</li> <li>• Karakteristik</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papye, kreyon koulè (leson 1)</li> <li>• Fèy papye, kreyon koulè (leson 2)</li> <li>• La Dessalinienne (Lim nasyonal pou Ayiti) ak kat jeyografik Ayiti (si li posib) (leson 3)</li> <li>• Pawòl pou chante “Kiyès ou ye?” — J.Perry (leson 4)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |  |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo de reyalite istorik peyi d Ayiti.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou istwa yon kominote.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap genyen pou diskite avèk elèv yo sou idantite nasyonal.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap genyen pou gide elèv yo pou pale sou istwa tèt yo.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou semèn nan.</p> |  |
| <b>Rasyonèl</b>  |  |
| Elèv yo ap aprann sou reyalite istorik peyi a epi kijan idantite nasyonal li ka devlope. Elèv yo ap rekonèt siyifikasyon fyète nasyonal yo epi kwè nan tèt yo.   |  |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |  |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)?</i>  |  |

| Leson 1   | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4  | Leson 5- Revizyon   |
|---|--|---|--|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye idantite istorik ak fyète nasyonal li...   |  |   |  |   |
| <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou! Kijan nou ye? Jodi a n ap salye youn lòt kòm youn jeneral ki te goumen pou endepandans nou. Pa egzanp, mwen se Jeneral (prenon pwofesè a). Kounye a an nou chak elèv salye youn lòt sou prenon (non) li.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou Jeneral ____ (elèv 1).</i></li> <li>• <i>Bonjou Jeneral ____ (elèv 2).</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun, tout non sa yo konekte avèk tout jeneral ak sòlda ki te batay pou nou genyen libète. Pa egzanp, nou te genyen gwo lidè tankou Dessalines, Toussaint Louverture, Henri Christophe, elatriye ki te mete tèt yo ansanm pou bati bèl peyi nou genyen jodi a.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral salye youn lòt kòm diferan manm nan kominote nou. Epi n ap di yo kisa nou apresye nan yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou Mason __ (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou Majistra __ (elèv 2)</i></li> <li>• <i>Mwen apresye lè ou __</i></li> <li>• <i>Mwen apresye lè ou __</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa montre nou enpòtans manm yo epi yo chak jwe yon wòl nan istwa kominote nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Gade klas, sa se kat jeyografik Ayiti. Ayiti genyen 10 departman (Ouest, Nord, Artibonite, elatriye). (si li posib). Jodi a nou pral salye youn lòt avèk non youn nan departman yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou Nord-Est, kijan ou ye?</i></li> <li>• <i>Bonjou Sud-Est, kijan ou ye?</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa montre nou menm lè nou pa abite nan menm departman, li enpòtan pou genyen yon bon amitye avèk chak departman paske nou tout se Ayisyen epi nou ka pataje ansanm, nou depann youn de lòt.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Anvan nou salye youn lòt n ap mande youn elèv kisa li vle devni lè li fin lekòl? Apre li di ou w ap kòmanse salitasyon an epi w ap mande li poukisa li vle sa.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou Doktè! (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou sikològ! (elèv 2)</i></li> <li>• <i>Poukisa ou vle vin doktè? (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Poukisa ou vle vin sikològ (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Metye nou chwazi yo trè enpòtan paske y ap ede kominote a ak tout peyi nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Nou te fè plizyè kalite salitasyon nan semèn nan. Ki salitasyon ou ta vle fè maten an?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè ap tandè epi gide elèv yo pou chwazi epi bay yo direksyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bèl travay tout moun!</p> |

|  |   |   |   |   |
|--|---|---|---|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou fin fè konesans avèk tout jeneral nan salklas nou an.</p> <p><b>P:</b> Si nou te nan fò ansanm epi ou te ka sèlman pote yon bagay avèk ou kisa li ta ye?</p> <p><b>P:</b> Eske mwen ka jwenn 5 elèv ki ka vini devan klas la pou pataje sa yo ta pote?</p> <p><b>P:</b> Mèsi! Ou wè li te enpòtan pou jeneral yo genyen bagay pou ede yo nan batay yo. Se pa sèlman bagay ki fizik men bagay kite beni (souliye) nanm yo avèk lespri yo.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Lè nou leve nan yon kominote ansanm, nou rekonèt manm yo, nou abitye avèk yon sistèm, epi gen defwa nou konn tandè istwa paran nou, vwazen, oubyen istwa lòt moun di nou.</p> <p><b>P:</b> Eske 2 ou 3 elèv ka rakonte yon istwa pozitif yo konn tandè de kominote yo oubyen de fanmi yo ki fè pati nan kominote a?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou istwa pozitif sa yo. Mwen espere yon jou m ap tandè yon istwa pozitif de nou tou!</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nou pral aprann sa kèk depatman ann Ayiti pwodui. Èske mwen ka jwenn 2 oubyen 3 elèv ki ka di m kisa depatman yo pwodui oubyen ki bagay pozitif nou konn tandè de yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou bèl esplikasyon sa yo sou depatman ____ ak _____. Nou aprann de bagay ki pozitif de depatman sa yo. Epi nou fè pati nan depatman ____ epi bagay nou konn pwodui se _____. Nou se yon depatman ki pozitif epi nou kontribye _____.</p> <p><b>P:</b> Nou wè klas chak depatman genyen valè pa yo ki enfliyanse nasyonalite nou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje kisa ou apresye de tèt ou? Bay yon egzanp de kalite ou genyen.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen renmen...</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen genyen...</p> <p><b>P:</b> Mwen te kontan tandè tout egzanp nou te bay de tèt nou. Pou ou fè pati kominote an epi peyi nou, ou bezwen konnen ki moun ou ye, kisa ou pataje avèk lòt moun epi aprann pou renmen pwòp tèt nou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje yon bagay ki te fè w byen nan semèn nan.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Le nou te fè _____ sa te fèm byen...</p> <p><b>Elèv 2:</b> Pou mwen menm le nou te fè _____ sa te fèm byen...</p> <p><b>P:</b> Mèsi paske nou te pataje epi patisipe ansanm.</p> |
|--|---|---|---|---|

|   |   |  |  |  |
|---|---|--|--|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> An n aprann dekouvri istwa d Ayiti.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè a ap esplike istwa endepandans d Ayiti. L ap pale de kalite gwoup ki te patisipe pou bay peyi nou libète.</i></li> </ul> <b>P:</b> Klas istwa peyi nou genyen gwo siyifikasyon. Nou te genyen endepandans nan 1 janvier 1804.<br/> <b>P:</b> An n divize sal klas la pou reprezante ekip lidè pa egzanp Dessalines, Toussaint avèk Pétion, Christophe, elatriye ki t ap batay ak blan fransè yo pou libète.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pwofesè ap bay yon ti istwa tou kout sou chak kalite gwoup – l ap pale de karakteristik yo te genyen pou montre elèv yo siyifikasyon gwoup sa yo pou peyi nou.</i></li> <li><i>Elèv yo ap itilize fèy papye ak kreyon koulè pou kreye yon klas pou reprezante chak ekip ki t ap batay. Chak gwoup ap bezwen chwazi yon senbòl ki reprezante yo.</i></li> </ul> <b>P:</b> Mèsi klas, nou wè chak ekip te genyen karakteristik pa yo ki te adapte nan kad batay pou endepandans Ayiti. M ap kenbe fèy papye yo pou nou itilize nan semèn nan.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <b>P:</b> Yè nou te kreye yon klas ki te reprezante ekip ki te goumen pou endepandans. Jodi a n ap ajoute sou sa. Mwen vle nou reflechi sou ki kalite karakteristik oubyen senbòl ki ka reprezante kisa ou ta vle mete nan kominote nou.<br/> <b>P:</b> Pa egzanp genyen elèv nan klas nou ki genyen karakteristik pou ede moun, chante pou moun, kreye biznis, ankouraje moun ki genyen pwoblèm. Pou ou menm ki bagay ou panse ou ka mete nan kominote nou ki ap fè li avanse pi plis.<br/> <b>P:</b> Avèk sa nou te fè yè a an nou ajoute yon lòt senbòl ki reprezante nou kòm manm nan kominote nou.<br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap itilize papye avèk kreyon koulè pou fè aktivite sa.</i></li> </ul> <b>P:</b> Nou wè menm jan ekip jeneral yo te reprezante nou nan epòk endepandans, nou toujou ka kontribye ak karakteristik nou pou fè peyi nou ak kominote nou avanse.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>P: Pou pati sa, pwofesè a ap itilize La Dessalinienne pou elèv yo chante li nan klas la. Li ka chwazi nenpòt estwòf nan chante a.</i></li> </ul> <b>P:</b> Klas nou pral chante La Dessalinienne. Mwen konnen nou abitye chante li men fwa sa n ap genyen senbòl kèk lidè ki te fè endepandans nou an avèk senbòl pa nou ki ap vrèman reprezante idantite nasyonal nou.<br/> <b>P:</b> An nou kanpe, tout moun pran plas nou. M ap konte jis ka 3 apre sa n ap kòmanse chante. 1, 2, 3... “Pou Ayiti peyi zansèt yo Se pou nou mache men nan la men...”<br/> <b>P:</b> Bèl travay klas, chante sa senbolize ki moun nou ye kòm Ayisyen ki onore zansèt nou epi konprann kijan nou ka kontinye kontribye nan avansman peyi nou.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pou aktivite sa a, pwofesè a ap bezwen genyen mo chante a ki rele Kiyès ou ye? Mizik J.Perry.</i></li> </ul> <b>P:</b> Nou pral fini avèk yon aktivite ki konsantre sou kiyès nou ye kòm Ayisyen ki genyen anpil talan.<br/> <b>P:</b> Nou pral chante yon pati nan mizik J.Perry ki rele Kiyès ou Ye?<br/> <b>P:</b> Klas repete mo sa yo ...<br/> <b>P:</b> Bòn bagay, ban nou pratike anko. Oke kounye a nou prè.<br/> <b>P:</b> Nap kòmanse apre mwen konte jiska 3. Eske nou prè, 1, 2, 3... Bèl travay tout moun, mwen renmen jan nou chante ansanm epi nou wè kiyès nou ye kòm Ayisyen epi ki karakteristik nou genyen pou fè peyi nou benefisye.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b><br/> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>Rekonèt tèt ou:</b> <i>Istwa elèv yo an chèn.</i></li> </ul> <b>Pwofesè:</b> n ap fè yon gwo sèk, -chak elèv ap gen chans pou pale sou tèt li nan yon ti istwa.<br/> <b>P:</b> (Pwofesè ap kòmanse) Mwen se __ mwen soti nan departman __, karakteristik mwen genyen se __, epi mwen ta vle vini yon pwofesè.<br/> <b>P:</b> Kounye a n ap genyen yon chans pou nou pale de istwa tèt nou te apran nan semèn sa.<br/> <b>Elèv 1:</b> Mwen se __, mwen te fèt nan __, mwen renmen m jan mwen __...<br/> <b>Elèv 2:</b> Non mwen se __, mwen senbolize __, mwen soti nan departman __, mwen ta vle vini yon ____...<br/> <b>P:</b> Mèsi tout moun pou bèl patisipasyon sa yo. Nan semèn sa nou te aprann kèk bagay sou istwa peyi nou, istwa kominote nou, epi idantite nasyonal nou. Nou fini avèk plis bon konprann sou ki moun nou ye epi ak kisa nou ka kontribye.</p> |
| <p><b>Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a.</b></p>   |   |  |  |  |

| <b>MWA 4, SEMÈN 3</b>   |  |
|---|--|
| <b>Tèm semèn nan</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
| Refleksyon sou Pwòp Tèt ou (fòs, feblès, objektif yo)   | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye karakteristik ki pèmèt yo fè refleksyon pwòp tèt yo.  |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Feblès</li> <li>• Objektif</li> <li>• Reflechi</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papye, kreyon koulè, tep (leson 1)</li> <li>• Fèy papye, kreyon koulè (leson 2)</li> <li>• Kòd ki long pou sal de klas ou, yon mouchwa (leson 3)</li> <li>• Boul (leson 5)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedè</b>  |  |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou enpòtans yo genyen kòm moun (sou pwòp tèt yo).</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou kalite fòs yo genyen anndan yo.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap genyen pou diskite avèk elèv yo pou idantifye kalite feblès yo genyen.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap genyen pou gide elèv yo pou pale sou objektif yo fikse yo.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou semèn nan.</p> |  |
| <b>Rasyonèl</b>   |  |
| Elèv yo ap aprann plizyè jan pou yo reflechi sou pwòp tèt yo. Y ap konprann kijan pou yo idantifye karakteristik ki gen yon enfluyans sou moun yo ye a.   |  |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>  |  |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)?</i>   |  |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3  | Leson 4   | Leson 5- Revizyon  |
|--|--|--|---|--|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye kalite ki reprezante pwòp tèt yo.   |  |  |   |  |
| <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou! Kijan nou ye? Jodi a n ap salye youn lòt ak yon mo ki pozitif. N ap kòmanse aprann kijan pou nou reflechi sou pwòp tèt nou. Li enpòtan pou nou konnen ki kalite moun nou ye. Pa egzanp, chak moun ap di youn lòt yon bagay ki pozitif de tèt yo. Pa egzanp, mwen se Pwofesè _____. Mwen renmen pwòp tèt mwen paske mwen pran swen kò mwen. Kounye a an nou salye youn lòt sou yon bagay ki pozitif de tèt nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou mwen se _____ epi mwen renmen pwop tèt mwen paske mwen _____ (elèv 1).</i></li> <li>• <i>Bonjou non mwen se _____. Mwen renmen moun mwen ye a paske mwen _____ (elèv 2).</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun, mwen te renmen tande tout pawòl pozitif sa yo. Nou genyen anpil rezon pou nou apresye pwòp tèt nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral salye youn lòt avèk kalite manje oubyen yon ji nou bwè ki ban nou fòs. Epi n ap di youn lòt poukisa li ban nou fòs. Sonje pou n di youn lòt non manje oswa ji a anvan nou kòmanse.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou, epina!</i></li> <li>• <i>Bonjou ji papay ak lèt!</i></li> <li>• <i>Poukisa epina ba ou fòs? (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Li ban m fòs paske ____ (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Epi pou ou menm poukisa ji papay ak lèt bay ou fòs?</i></li> <li>• <i>Pou mwen menm, ji papay avèk lèt ban m fòs paske li ____ (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa a montre nou nou ka pran fòs nan sa nou manje ak bwè. Li enpòtan lè w ap pran swen pwòp tèt ou pou ou reflechi kisa w ap mete andan kò ou pou ou genyen fòs fizik ak lasante.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Nan kòmansman semèn nan nou pale de karakteristik pozitif nou rekonèt nan pwòp tèt nou. Men nan menm jan an, nou genyen defo nou yo nou konn rele feblès. Nou chak genyen kalite abitud oubyen yon bagay nou pa twò fò. Pou mwen menm mwen pa twò abil nan _____. Lè mwen rekonèt sa, mwen ka pi byen konnen kijan mwen ka fè efò nan sa oubyen jwenn yon moun ki ka ede m. Pou maten an n ap salye youn lòt epi n ap esplike youn nan feblès nou yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou, kijan ou ye? Youn nan feblès mwen se _____. (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou, kijan ou ye? Lè mwen panse sou youn nan defo mwen, mwen konnen mwen pa twò fò nan ____ (elèv 2).</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas salitasyon sa a montre nou nou chak genyen defo ki fè yon pati nan idantite nou, men lè nou rekonèt sa, nou wè nou imen, nou pa pafè. Epi genyen defo nou ka travay sou yo, genyen feblès nou genyen nou bezwen moun pou ede nou, sa pa yon pwoblèm.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Bonjou klas! Anvan nou salye youn lòt nap mande lòt elèv la ki objektif li genyen pou lekòl la? Apre li di nou n ap kòmanse salitasyon an epi n ap mande li kijan sa ap mache nan premye mwa lekòl la. Lè nou pale sou objektif sa vle di, ki bagay ou ta vle aprann oubyen fè byen nan lekòl.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou! Ki objektif ou genyen pou lekòl la? (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Oke mèsi, kijan sa a ap mache pou ou? (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou! Ki objektif ou genyen pou lekòl la? (elèv 2)</i></li> <li>• <i>Oke, kijan objektif sa a ap mache pou ou? (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi klas pou salitasyon sa a, nou aprann de objektif youn lòt. Li bon lè nou genyen objektif pou nou reflechi sou ki kote nou vle rive, pa sèlman nan klas la men nan lavi nou tou.</p> | <p><b>Salitasyon</b></p> <p><b>P:</b> Nou te fè plizyè kalite salitasyon nan semèn nan. Ki salitasyon nou ta vle fè maten an?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofesè ap tande epi gide elèv yo pou chwazi epi bay yo direksyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bèl travay tout moun!</p> |

|   |   |  |  |   |
|---|---|--|--|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a nou pral kontinye pale sou pwòp tèt nou, sou sa ki gen pou wè ak karakteristik fizik, ak sa ou panse, lespri ou, atitid ou, epi konfyans nan pwòp tèt ou.</p> <p><b>P:</b> Èske mwen ka jwenn 2 elèv ki ka vini devan klas la pou pataje sa yo renmen de atitid yo/jan yo panse, sou bagay pozitif sou pwòp tèt yo?</p> <p><b>P:</b> Epi èske mwen ka genyen 2 lòt elèv ki ka ban mwen egzanp sou kalite fizik yo renmen de pwòp tèt yo?</p> <p><b>P:</b> Mèsi! Ou wè genyen plizyè jan ou ka reflechi sou bagay ou renmen sou pwòp tèt ou. Lè ou konnen ki sa ou ka ofri tèt ou epi kisa ou genyen anndan ou, ou aprann sou ki kalite moun ou ye epi kisa ou ka ofri tèt ou ak lòt moun.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nou ka jwenn fòs nan mo nou pwononse yo. Mo yo ka genyen yon gwo enpak sou lavi nou. Nou toujou bezwen reflechi sou ki kalite mo nou kite antre nan lespri nou.</p> <p><b>P:</b> Èske 2 oswa 3 elèv ka rakonte nou de mo oswa yon fraz ki ba yo fòs avèk konfyans nan pwòp tèt yo?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou egzanp pozitif sa yo. Nou bezwen fè atansyon sou mo ak fraz ki ka ba nou konfyans oswa diminye estim nou genyen pou pwòp tèt nou. Mwen espere n ap toujou kite mo ak fraz ki pozitif rantre anndan nou epi ba nou fòs pou nou toujou kwè nan pwòp tèt nou!</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Gen defwa nou pa rekonèt tout feblès nou genyen men lè nou genyen fanmi, zanmi, ak lòt moun ki onèt avèk nou, sa ka fè nou reflechi sou ki defo nou ta dwe chanje, aksepte, oswa jwenn yon fason pou travay sou yo. Moun nou fè konfyans ka ede nou travay sou sa.</p> <p><b>P:</b> Èske mwen ka jwenn 3 oswa 4 elèv ki ka pataje avèk klas la sou kalite feblès yon manm nan fanmi ou, yon zanmi, oubyen yon pwofesè te di w ou genyen. Epi kijan ou te resevwa enfòmasyon sa a? Kisa ou te fè?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi paske nou fè prèy kouraj pou esplike kalite defo nou genyen epi kijan nou te resevwa enfòmasyon sa a. Pandan n ap reflechi tout semèn sa sou pwòp tèt nou n ap bezwen distenge ki bagay moun di nou ki ap ede nou avanse oubyen ka fè yon enpak negatif sou nou. Lè nou pale de defo/feblès nou chak genyen anndan nou, men nou ka panse sou kisa nou ka chanje oswa jwenn èd avèk li. Sa pa vle di ou se yon move lidè, pa pèdi konfyans nan tèt ou. Fè sa ki ap bon pou ou menm ak kominote ou.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> M ap mande 4 elèv pou vini devan klas la pou pataje yon objektif yo akonpli deja. Li ka yon objektif ki baze sou lekòl, sou yon bagay pèsònèl, oubyen sou yon lòt pati nan lavi ou.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen atenn yon objektif ki te...</p> <p><b>Elèv 2:</b> Objektif pa m se pou lekòl la te...</p> <p><b>P:</b> Mwen te kontan tande tout egzanp nou te bay de objektif nou deja akonpli sou pwòp tèt nou. Lè ou genyen yon vizyon pou tèt ou li kòmanse avèk yon objektif k ap ede ou panse kijan w ap akonpli li, ki aksyon ou ap bezwen poze</p> <p><b>P:</b> Ki resous ou bezwen, epi ki lè w ap atenn objektif sa a.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje yon bagay de pwòp tèt ou aprann nan semèn nan.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Mwen te aprann mwen _____ ...</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen te aprann mwen _____ ...</p> <p><b>P:</b> Mèsi paske nou te pataje epi patisipe ansanm.</p> |
|---|---|--|--|---|



### **Aktivite gwoup**

- *Aktivite sa a ap ede elèv yo konnen ki kalite mo pozitif ki egziste nan salklas yo pou yo reflechi pou semèn nan.*

**P:** Klas, maten an nou te aprann kijan pou nou reflechi sou pwòp tèt nou. Aktivite sa nou pral fè a ap montre nou tout mo pozitif ki egziste anndan salklas nou epi mo yo ap ede nou reflechi pou semèn nan.

**P:** Chak moun ap pran yon moso papye pou yo ekri yon mo oubyen kèk mo pozitif ki ka reprezante pwòp tèt ou. Ou ka chwazi yon mo pozitif ki sou fizik ou, jan ou panse, atitid ou, epi ki moun ou ye.

- *Pwofèsè a ap ranmase tout papye yo. Epi l ap kòmanse kole yo nan klas la. Li ka mande elèv yo pou ede li mete yo.*

**P:** Mèsi klas, nou wè chak karakteristik ki pozitif montre nou enpòtans nou chak, epi kijan nou ka reflechi sou mo pozitif sa yo pou nou pran swen pwòp tèt nou.

### **Aktivite gwoup**

**P:** Yè nou te kole mo pozitif ki egziste nan salklas nou. Jodi a n ap kontinye ajoute sou konsèp pwòp tèt nou. Oke klas n ap kreye yon wonn ki ap genyen tout kalite fòs pèsònèl nou genyen anndan pwòp tèt nou. Chak gwoup ap genyen 6 elèv ladan li. Nan chak gwoup yo n ap kanpe nan sèk la epi n ap mete nan mitan yon boutèy. Nap vire boutèy la epi lè kapsil la rive sou yon moun l ap ekri sou yon fòs, yon karakteristik pèsònèl ki se yon egzanz de kalite fòs li genyen.

**P:** Pa egzanz genyen elèv nan klas nou ki genyen karakteristik pèsònèl ki ka yon lidè, entelijan, yon bon espòtif, elatriye. E ou menm ki bagay ou panse ou ka mete kòm fòs pozitif pa ou?

**P:** Oke klas n ap kòmanse. Chak gwoup ap genyen 6 moun. Lè mwen konte sou 3 n ap kòmanse, 1, 2, 3. Elèv yo ap itilize yon fèy papye ak kreyon koulè pou yo fè aktivite sa.

**P:** Nou wè kantite karakteristik pèsònèl nou genyen nou chak endividyèlman. Nou genyen anpil fòs ki reprezante plizyè kalite pwòp tèt nou ka genyen.

### **Aktivite gwoup**

- *Pou pati sa a, pwofèsè a ap itilize yon kòd. Aktivite sa ka fèt deyò, nan lakou lekòl la.*

**P:** Klas nou prale deyò. M ap divize klas la nan 2 gwoup. Nou wè kòd sa yon gwoup ap kanpe sou men goch mwen, epi lòt gwoup la ap adwat. Nou pral fè yon aktivite. M ap mare yon mouchwa nan kòd la. Aprè mwen konte jiska 3, chak gwoup ap redi kòd la. Epi m ap di kanpe, apres a m ap kòmanse retire kèk moun nan chak gwoup.

- *Pwofèsè a ap repete aktivite sa 2 oswa 3 fwa, chak fwa l ap rete 4 elèv nan yon sèl gwoup.*

**P:** Oke klas n ap kanpe la. Bèl travay tout moun. Mwen te vle aktivite sa montre nou enpòtans chak pati nan yon gwoup, epi nan yon moun. Lè mwen te kòmanse retire kèk moun nan gwoup yo, nou wè kijan f s yon ekip ka diminye. Se menm jan ak kò yon moun. Lè ou konnen kalite feblès ou genyen ou ka konprann kijan ou ka jere sa nan menm tan w ap pran swen pwòp tèt ou. Chak pati nan kò ou itil. kit li se yon bagay pozitif oubyen yon defo.

### **Aktivite gwoup**

- *Pou aktivite sa a, pwofèsè a ap mete klas la nan sèk la. L ap mande kèk elèv si yo akonpli objektif yo te pale sou li maten an. Si yo fè l klas la pral di “Wey” si yo poko akonpli li, klas la ap di “Oh-oh.”*

**P:** Klas nou fè sèk la, n ap bat men nou epi m ap kòmanse. “Objektif pwòp tèt nou” “Ki moun ki fin akonpli li?”

- *Pwofèsè a ap mache nan mitan sèk la epi l ap chwazi kèk elèv.*

**P:** Elèv x èske ou fini l?

- *Elèv la ka reponn wi oubyen non epi klas la ap di “wèy” oswa “oh-oh.”*

Bèl travay tout moun, sanble gen moun ki poko kòmanse objektif yo pou pwòp tèt yo epi genyen moun ki akonpli pa yo deja. Mwen te vle nou wè ki kote kèk elèv nan klas nou ye, mwen konnen nou pa nan menm che-men men nou tout sipoze genyen objektif. Bravo pou efò n ap fè epi mwen espere nan mwa sa yo ki ap vini n ap sonje mande youn lòt kijan objektif yo ap pase. Lè ou genyen objektif, ou pran swen pwòp tèt ou pi byen!

### **Aktivite gwoup**

- *Pwofèsè a ap fè yon gwoup sèk matine, epi itilize yon boul pou voye bay kèk elèv pou bay repons sou kesyon pwofèsè a pral poze yo.*

**P:** Oke klas nou pral fè yon sèk. M ap voye yon boul nan wonn nan epi moun ki kenbe l la ap reponn kesyon mwen genyen sou sijè pwòp tèt la.

- *Pwofèsè a ka poze plizyè kalite kesyon. Kèk egzanz: di m yon kalite fòs ou genyen; di m yon feblès ou genyen; kisa nou konprann de konsèp pwòp tèt; elatriye.*

**P:** Klas an nou bat men nou... M ap poze kèk moun kesyon ki ap montre kisa nou tout nou aprann pou semèn sa a. Pandan m ap fè sa m ap kontinye voye boul la bay yon moun. Epi lè moun nan reponn, ou ka chwazi yon lòt elèv pou voye boul la pou li. Apres a m ap poze li yon kesyon.

**P:** Mèsi tout moun pou bèl patisipasyon sa yo. Nan semèn sa nou te aprann anpil sou kalite konsèp ki fòme pwòp tèt nou. Mwen kontan tandè jan nou pale sou kalite fòs ak objektif nou genyen. Epi pa bliye pou nou reflechi sou feblès yo ki fè pati moun nou ye a. Refleksyon sou pwòp tèt ou se yon pwosesis w ap bezwen travay sou li souvan epi w ap genyen plis konfyans nan tèt ou.

| <b>MWA 4, SEMÈN 4</b>  |   |
|--|---|
| <b>Tèm Semèn la</b>  | <b>Objektif pou Semèn lan</b>   |
| Konprann / respekte nòm sosyete (lekòl, legliz, lakay)   | Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye nòm sosyete a epi konnen kijan pou yo respekte yo.   |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Nòm</li> <li>• Respekte</li> <li>• Relijyon</li> </ul>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fèy papye, flowchart (leson 1)</li> <li>• Fèy papye, kreyon koulè (leson 2)</li> <li>• Fèy papye, (leson 3)</li> </ul> |
| <b>Apèsi sou Pwosedi</b>   |   |
| <p><i>Leson 1:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo de divès kalite nòm ki egziste nan yon sosyete.</p> <p><i>Leson 2:</i> Pwofesè a ap genyen pou pale avèk elèv yo sou enpòtans sa genyen lè ou respekte nòm lekòl.</p> <p><i>Leson 3:</i> Pwofesè a ap genyen pou diskite avèk elèv yo sou enpòtans lè ou fè atansyon epi respekte nòm nan yon relijyon.</p> <p><i>Leson 4:</i> Pwofesè a ap genyen pou gide elèv yo pou yo pale sou enpòtans pou yo respekte nòm ak règleman lakay yo.</p> <p><i>Leson 5:</i> Revizyon sou semèn nan.</p> |   |
| <b>Rasyonèl</b>  |   |
| Elèv yo ap aprann epi konprann diferan kontèks ki fè nòm yo egziste. Elèv yo ap rekonèt siyifikasyon yo lè yo respekte nòm sa yo.  |   |
| <b>Suivi avèk Pwofesè yo</b>   |   |
| <i>Se la pwofesè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase, kisa yo bezwen amelyore, kisa yo te remake, elatriye? Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite)?</i>  |   |

| Leson 1  | Leson 2  | Leson 3   | Leson 4  | Leson 5- Revizyon   |
|--|--|---|--|---|
| Objektif pou semèn nan: Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye nòm sosyete an epi kijan pou yo respekte yo.  |  |   |  |   |
| <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou! Kijan nou ye? Jodi a n ap salye youn lòt kòm si klas nou an se yon kominote ki genyen nòm nou tout ap respekte pou kèk minit. M ap divize klas nou an 4 seksyon. N ap wè afich ki ap make Nò, Lwès, Lès, ak Sid. Genyen moun ki pral kòmanse nan Sid, lòt moun ap kòmanse nan Nò. Lè nou rive nan Nò n ap salye youn lòt – n ap fè kri chen, Sid la ap fè kri yon bèf, Lwès ap kore moun ak koud ponyèt, epi Lès la ap danse.</p> <p><b>P:</b> Klas nou pral kòmanse. Oke 4 moun pral nan Sid, 6 nan Lwès, 8 nan Lès, epi rès yo pral nan Nò. Apre ou fin salye youn lòt nou pral nan lòt departman.</p> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun, nou te vrèman travay ansanm. Salitasyon sa a te montre nou chak pati nan klas la ki te yon departman te genyen yon nòm oubyen yon fason pou yo salye youn lòt.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a nou pral salye youn lòt avèk nòm ki egziste nan klas nou. Pa egzanp règ nou genyen yo epi lòt abitud nou ki ka klase kòm nòm. An nou salye youn lòt pandan n ap di yon nòm pou klas la nou te deja etabli nan règ jwèt la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou __ (elèv 1); yon nòm mwen wè nan klas nou se __.</i></li> <li>• <i>Bonjou __ (elèv 2), yon lòt nòm mwen genyen esperyans se lè mwen __.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou atansyon nou genyen sou salklas nou. Salitasyon sa a montre nou konnen nou te kreye nòm pou klas nou.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Ayiti genyen plizyè relijyon ki fè kilti nou vrèman bèl. Pa egzanp, relijyon ki egziste se Vodou, Krisyanis, Islam ak kèk lòt. Moun ki lidè nan relijyon sa yo rele pastè, ougan, manbo, pè, elatriye. An nou salye youn lòt ak relijyon ou kwè oubyen ki egziste nan zòn ou. Ou mèt di kisa ou konnen de relijyon sa. Mwen konnen gen moun ki pa suiv relijyon, sa pa yon pwoblèm.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou, mwen konnen __ egziste paske mwen konn wè yo ap danse Rara. Mwen pa fin konnen nan kisa relijyon sa kwè. (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou, mwen kwè nan __ epi mwen pratike __. Nan relijyon pa m nou kwè nan __. (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas mwen apresye kijan nou respekte youn lòt pandan nou tap fè salitasyon sa a. Menm lè nou pa kwè nan menm bagay nou toujou rete Ayisyen epi li bon lè nou konprann epi respekte youn lòt.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Bonjou klas! Jodi a n ap salye youn lòt menm jan nou salye moun ki abite lakay nou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Bonjou kòman jounen ou te ye! (elèv 1)</i></li> <li>• <i>Bonjou madanm (elèv 2)</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Chak kay genyen yon jan yo salye timoun epi granmoun. Petèt moun genyen ti non, genyen yon mo pozitif, petèt yo chante, elatriye. Egzanp sa montre lakay se yon anviwònman ki ka mete moun alèz epi ki genyen respè ak jan pou apresye moun.</p> | <p><b>Salitasyon</b><br/> <b>P:</b> Nou te fè plizyè kalite salitasyon nan semèn nan. Ki salitasyon nou ta vle fè maten an ladan yo?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Pwofèsè a ap tande epi gide elèv yo pou yo chwazi epi ba yo direksyon.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bèl travay tout moun!</p> |

|  |   |   |   |   |
|--|---|---|---|---|
| <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Kounye a mwen vle 3 oswa 4 elèv pou di m ki nòm yo wè ki egziste nan zòn yo abite.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou pataj sa a! Mwen renmen jan nou te idantifye epi konprann kisa yon nòm ye nan kominote a. Egzanp sa yo ede klas la pou reflechi sou lòt kalite nòm ki ka egziste. An nou kontinye avèk rès aktivite nou yo!</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Nou se fanmi nan yon kominote. Li enpòtan pou nou toujou kominike sou sa k ap mache byen epi sa ki pap mache byen nan klas la. Nap genyen gwoup ki ap genyen 4 oswa 5 moun ladan. Mwen ta renmen chak gwoup chwazi yon lidè pou fè rapò sou sa nou pale.</p> <p><b>P:</b> M ap bay chak gwoup kèk minit pou diskite. Sonje ki nòm k ap byen mache pou klas nou epi ki nòm ou panse nou ta panse chanje.</p> <p><b>P:</b> Mèsi klas pou pataj sa a. Eske chak lidè ka ban m yon repons pou chak kesyon?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi ankò pou jan nou te kominike youn ak lòt pou reflechi sou nòm nou genyen k ap byen mache oubyen ki ta ka pi byen mache. Lè nou fè l konsa sa vle di nou vrèman vle kontinye vin pi disipline kòm klas.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Eske mwen ka jwenn 4 moun ki ka di m ki kalite nòm ki egziste nan relijyon an jeneral.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Elèv 1...</i></li> <li>• <i>Elèv 2...</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi pou bèl espikasyon sa yo. Nou konprann relijyon nou yo genyen yon estrikti ki egziste pou disiplin, pou kreye renmen, sèvi lòt moun. Chak relijyon genyen valè pa yo nan jan ki espesyal pou yo.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje nòm ki egziste lakay nou.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Lakay mwen nou konn fè ____ ansanm</p> <p><b>Elèv 2:</b> Mwen renmen lè nou...</p> <p><b>P:</b> Mwen renmen tandè tout egzanp sa ki egziste lakay nou. Nòm yo montre nou kijan chak fanmi ka genyen yon fason yo viv youn ak lòt. Men li enpòtan tou pou wè eske genyen kalite nòm nou pa fin renmen epi poukisa. Lè nou genyen yo lakay nou epi nou renmen yo, nou ka panse sou pi bon mwayen pou nou chanje kèk abitud.</p> | <p><b>Pataj</b><br/> <b>P:</b> Pataje yon nòm ou pi renmen nou te diskite pandan semèn nan.</p> <p><b>Elèv 1:</b> Lè nou te pale sou ____ mwen te ____...</p> <p><b>Elèv 2:</b> Pou mwen menm lè nou te fè ____ sa te fèm byen ...</p> <p><b>P:</b> Mèsi paske nou te pataje epi patisipe ansanm.</p> |
|--|---|---|---|---|

|  |  |  |   |  |
|--|--|--|---|--|
| <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>An n aprann dekouvri kalite nòm ki egziste nan kilti Ayiti.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas, nan kilti Ayiti, genyen anpil nòm ki egziste. N ap divize sal de klas la an gwoup ki genyen 4 oswa 5 elèv. M ap bay chak gwoup yon gwo fèy papye pou ekri nòm yo konprann nan kilti nou.</p> <p><b>P:</b> Pa egzanp, nòm mwen rekonèt se lè nou antre nan tap tap, nou chita epi nou di bonjou oswa bonswa, yon lòt egzanp se tout lekòl genyen inifòm pou elèv mete; epi si w ap fè jaden ou itilize yon manchèt.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap itilize fèy papye ak kreyon koulè pou kreye dokiman ki ap plen egzanp de nòm ki egziste nan peyi nou.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Mèsi klas, nou wè chak ekip te genyen bon egzanp sou nòm yo wè oubyen espere wè ki egziste an Ayiti. Nòm yo montre nou kòman pou nou byen fonksyone, kòman pou nou fè yon jan pou nou viv, yo ka pozitif oswa negatif. Nan semèn nan n ap pale plis sou sa. Nou mèt ban m papye yo, mèsi.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <p><b>P:</b> Klas n ap rete nan menm gwoup nou. Nou sonje yè nou te ekri sou yon fèy papye. Jodi a nou pral ekri dèyè papye a. Nou te kòmanse pale sou nòm ki egziste nan klas nou. Kounye a mwen ta vle nou ekri ki nòm nou pi renmen epi nou ta vle toujou respekte. Epi ekri nòm ki egziste ou ta vle nou kanpe sou yo. Pa egzanp, yon bon nòm nou ka kontinye se respekte youn lòt men nou ka jete nòm kote nou entimide youn lòt. Svp ekri egzanp sa yo dèyè fèy papye a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Elèv yo ap itilize fèy papye epi kreyon koulè oubyen makè pou fè aktivite sa a.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun! Waw mwen vrèman renmen jan nou travay ansanm. Egzanp sa yo montre nou reflechi epi panse kijan nou ka kenbe sa n ap fè byen epi panse sou aksyon oswa lide pou etabli pi bon nòm. Mwen panse aktivite sa ap ede nou toujou panse sou nòm nan lekòl yo epi poukisa yo egziste, nou ka kritike nòm yo paske nou se yon fanmi, yon klas kote nou vle viv nan yon anviwònman ki ap ede moun jwenn respè, plis konfyans, epi ede nou konprann youn lòt.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <p><b>P:</b> Jodi a nou pral pale de relijyon ki deja egziste an Ayiti. Si nou te ka kreye yon relijyon sou respè ak renmen ki kalite nòm nou panse nou ta bewzwen genyen?</p> <p><b>P:</b> Avèk fèy papye sa a, ekri ki kalite nòm ou ta vle kreye epi ki kalite non ou ta bay relijyon sa a? Ou ka tou trase nenpòt ki senbòl pou reprezante relijyon sa.</p> <p><b>P:</b> Bèl travay klas, mwen renmen tout lide sa yo. Aktivite sa montre nou jan nou bay relijyon valè nan lavi ou epi jan nou ta vle viv yon lavi ki genyen nòm sa yo. Petèt yo egziste nan relijyon nou konnen deja oubyen yo egziste nan lavi nou. Kontinye konprann epi respekte moun, respekte tèt nou mande pou nou respekte prensip sa yo nou ekri a.</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><i>Pou aktivite sa, pwofèsè a ap mete elèv yo nan gwoup ki genyen 4 oswa 6 timoun. Nan chak gwoup elèv yo ap wè ki nòm yo genyen ki sanble ak lòt oswa ki diferan. Epi demen elèv yo ap fè yon teyat.</i></li> </ul> <p><b>P:</b> Klas n ap antre nan gwoup 4 oswa 6 elèv. Anndan gwoup yo n ap pale de nòm nou genyen lakay nou ki sanble oswa ki diferan. Nou mèt kòmanse travay ansanm.</p> <p><b>P:</b> Bon travay tout moun! Nou fè gwo efò pou nou mete tèt nou ansanm, mwen pa ka tann pou m wè teyat sa yo pou demen!</p> | <p><b>Aktivite gwoup</b></p> <p><b>P:</b> Oke klas, jodi a se teyat la. M ap ban nou kèk minit pou nou prepare nou. Teyat la pa ka dire plis pase 45 segond.</p> <p><b>P:</b> Gwoup 1, 2, 3, 4, 5, elatriye, ap ale.</p> <p><b>P:</b> Mèsi tout moun pou bèl patisipasyon sa yo. Waw! nou te konprann aktivite a epi nou bay bon egzanp sou nòm lakay nou. Kèk tèm mwen te renmen se _____. Mwen vrèman apresye lè nou te fè _____. Mwen espere nou pataje avèk moun lakay nou kalite nòm nou te diskite yo epi sonje tou gen yon lè w ap genyen pwòp lakay pa ou!</p> |
|--|--|--|---|--|

**Fraz Repetitif/Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a.**

**MWA 5 - FÒS NAN RELASYON:** Kolaborasyon /Konbit

**Objektif pou mwa a:** Entwodiksyon Sèk Matine ak yon istwa ki ka ede elèv yo konnen ki sa yon konbit ye ak fason moun kolabore nan konbit.

**Pwen santral pou chak semèn**

**Semèn I:** Pèsepsyon wòl kolaborasyon / konbit nan kontèks sosyal (tank-ou: nan lekòl, nan fanmi elatriye)

**Semèn II:** Angajman sosyal.

**Semèn III:** Suiv enstriksyon

**Semèn IV:** Travay an ekip

**Objektif pou semèn nan**

**Semèn I:** Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab konnen kisa yon konbit ye ak enpòtans sa genyen nan viv ansanm.

**Semèn II:** Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye kisa yo ka fè ansanm pou kominote yo.

**Semèn III:** Nan fen semèn nan elèv la ap kapab antann li ak kamarad li pou reyalize yon aktivite epi kolabore ak moun nan kominote l pou rezoud yon pwoblèm.

**Semèn IV:** Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab travay an ekip pou egzekite youn nan pwojè ki te etabli sèmen pase yo.

**Vokabilè**

- Konbit
- Kolabore
- Kolaborasyon
- Egzekite
- Pwojè
- Ekip
- Netwaye

**Materyèl yo**

- Makè, fèy blanch (leson 1)
- Ekri non plizyè enstriman sou fèy papyè (leson 5)

## Apèsi sou Pwosedri

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap kreye yon sitiwayon (tankou mande yon elèv leve yon biwo, apres mande plizyè elèv leve l) pou pèmèt elèv yo dekouvri sans kolaborasyon ak enpòtans li nan reyalye a.

*Leson 2:* Pwofesè a ap fè yon rapèl sou mo kolaborasyon epi l ap mande elèv yo chèche lòt mo ki ka ranplase kolaborasyon nan aktivite yo te fè yè a (aksantye sou mo konbit, ale nan vokabilè pou ede yo wè diferans ki gen ant konbit ak kolaborasyon).

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri enpòtans konbit (Konbit pèmèt nou reyalye nan yon anbyans fratènèl yon gwo travay nan yon ti tan tou kout).

*Leson 4:* Pwofesè a ap mande elèv yo imajine yon konbit epi fè 2 oubyen 3 elèv pataje sa yo imajine a ak tout klas la (tankou: an nou imajine yon konbit kote n ap netwaye lakou lekòl la).

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif yo te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye kèk pwoblèm ki gen nan klas la epi pran angajman ansanm pou rezoud yo.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye kèk pwoblèm ki gen nan anviwònman lekòl la epi pran angajman ansanm pou rezoud yo.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye kèk pwoblèm ki gen nan fanmi yo epi pran angajman ansanm pou rezoud yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye kèk pwoblèm ki gen nan kominote yo epi pran angajman ansanm pou rezoud yo.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo pran bon jan desizyon pou rezoud yon pwoblèm yo te idantifye nan salklas la (tankou: mande elèv yo kisa yo ka bezwen pou rezoud pwoblèm yo te idantifye a).

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo pran bon jan desizyon pou rezoud yon pwoblèm yo te idantifye nan anviwònman lekòl la.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo pran bon jan desizyon pou rezoud yon pwoblèm yo te idantifye nan fanmi yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo pran bon jan desizyon pou rezoud yon pwoblèm yo te idantifye nan kominote yo.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif li te wè nan semèn nan.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap fòme plizyè ekip pou rezoud pwoblèm yo te idantifye nan salklas la.

*Leson 2:* Pwofesè a ap fòme plizyè ekip pou rezoud pwoblèm yo te idantifye nan anviwònman lekòl la.

*Leson 3:* Pwofesè a ap fòme plizyè ekip pou rezoud pwoblèm yo te idantifye nan fanmi yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap fòme plizyè ekip pou rezoud pwoblèm yo te idantifye nan kominote yo.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif li te wè nan semèn na.

## Eslogan: Men anpil chay pa lou

**MWA 6 - Tèm:** Efikasite kritik / Jere pwòp tèt ou / panse enpòtan

**Objektif pou mwa a:** Entwodui sèk matine a ak yon istwa sou yon senbòl idantite nasyonal ak global ki inivèsèl pou tout pèp la.

| <b>Pwen santral pou chak semèn</b>   | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
|--|---|
| <p><b>Semèn I:</b> Idantite nasyonal ak global<br/> <b>Semèn II:</b> Analiz<br/> <b>Semèn III:</b> Ankouraje kiryoziye<br/> <b>Semèn IV:</b> Rezolisyon pwoblèm</p>  | <p><b>Semèn I:</b> Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab idantifye kèk eleman ki rantre nan idantite nasyonal ak global (tankou: drapo, kanaval, rara, fèt chanpèt oswa fèt patwonan).<br/> <b>Semèn II:</b> Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab fè yon ti kòmantè sou kèk eleman ki rantre nan idantite nasyonal ak global yo te idantifye semèn pase a.<br/> <b>Semèn III:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab chèche konnen poukisa eleman sa yo rantre nan idantite nasyonal ak global.<br/> <b>Semèn IV:</b> Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab jwenn yon mwayen pou pote limyè sou kèk eleman nan idantite yo (tankou: pa lonje dwèt sou lakansyèl).</p> |
| <b>Vokabilè</b>  | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Idantite nasyonal</li> <li>• Idantite global</li> <li>• Drapo</li> <li>• Kiryoziye</li> <li>• Rezolisyon</li> <li>• Moniman istorik</li> <li>• Lye Istorik</li> <li>• Senbòl</li> <li>• Kritik</li> <li>• Diskite</li> <li>• Kanaval</li> <li>• Madigra</li> <li>• Rara</li> <li>• Chanpèt</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Makè, fèy blanch (leson 1)</li> <li>• Ekri non plizyè enstriman sou <u>fèy papyè</u> (leson 5)</li> </ul>  |



## Apèsi sou Pwosed

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kòman drapo a se pi gwo senbòl idantite nasyonal ak inivèsèl (tankou: kisa drapo peyi m vle di pou nou nan tout kote l ap flote).

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri enpòtans tanbou nan istwa inivèsèl (tankou: Ayiti, Afrik ak Brezil).

*Leson 3:* Pwofesè a ap fè elèv yo pale sou sa yo konnen sou kanaval, madigra oubyen rara.

*Leson 4:* Pwofesè a ap kreye anbyans pou fè elèv yo pale sou sa yo konn wè oubyen tandè sou fèt patwonan oswa fèt chanpèt.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif li te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap fè elèv yo pale sou sa yo konprann drapo a ye pou yo.

*Leson 2:* Pwofesè a ap fè elèv yo pale de tout sa yo konnen sou tanbou, konbyen kalite son oubyen rit yo konn tandè (tankou: petro, nago, ibo, yanvalou elatriye).

*Leson 3:* Pwofesè a ap mande elèv yo pale sou sa yon konnen sou rara, kanaval oswa madigra. Kòman yo konn wè li. Kiyès yo pi renmen.

*Leson 4:* Pwofesè a ap fè elèv yo diskite nan tigwoup si gen yon diferans ant fèt patwonan ak fèt chanpèt.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan objektif li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap prezante elèv yo kèk moniman istorik epi mande yo kiyès nan moniman sa yo, yo ta renmen vizite, poukisa?

*Leson 2:* Pwofesè a ap eksplike elèv yo kisa yon palè ye epi pouse kiryozite elèv yo pou poze kesyon (tankou: ki kote Palè a ye?, kisa yo fè ladan l? ki moun k ap viv ladan l? elatriye).

*Leson 3:* Pwofesè a ap site kèk nan lye istorik nou yo ak imaj epi l ap mande yo kiyès nan yo, yo ta renmen vizite ak pouki rezon.(tankou: sitadèl, Palè sansousi elatriye.

*Leson 4:* Pwofesè a ap mande elèv yo desine yon lye istorik yo ta renmen vizite.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè elèv yo kontinye ak desen an.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap di yon pwovèb pou elèv yo (tankou: apre dans tanbou lou). Apre li fin eksplike timoun yo pwovèb sa, l ape de yo dekouvri ki sa ki ka fèt pou rezoud pwoblèm sa.

*Leson 2:* Pwofesè a ap poze elèv yo yon kesyon (Tankou: Kisa nou abitye fè lè nou fin pipi atè?) l'ap sèvi ak repons elèv yo pou ede yo konprann ke koutim sa a pa gen anyen pou wè ak reyalite.

*Leson 3:* Pwofesè a ap lanse yon mit pou elèv yo (tankou: pa jwe ak lonbraj ou pou l pa vini peze ou nan dòmi). Fè kèk timoun rakonte Eksperyans yo parapò ak mit (yon bagay kip a egziste) sa a epi ede yo rezoud pwoblèm yo genyen yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap fè elèv yo pale de atitid yo genyen lè y ap monte drapo. L ap sèvi ak repons elèv yo pou l ede yo korije tout atitid ki pa kòrèk. (Atitid kòrèk: kanpe dwat, pa takinen lòt kamarad, aprann im nasyonal la, suiv konsiy lidè yo elatriye).

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan

**Eslogan: Drapo nou se idantite nou, se fyète nou**

**MWA 7 - Tèm:** Sans nan valè pou pwòp tèt ou: konpreyansyon regilasyon emosyonèl + Pran konsyans de kiyès ou ye

**Objektif pou mwa a:** Entwodui sèk matine a ak yon akyivite ki kapab ede elèv yo valorize pwòp tèt yo, rekonèt epi kontwole emosyon yo.

**Pwen santral pou chak semèn**

**Objektif pou semèn nan**

**Semèn I:** Rekonèt epi kontwole emosyon yo

**Semèn II:** Idantifye +/- enfliyans oswa konpòtman yo

**Semèn III:** Tolerans ak fleksibilite

**Semèn IV:** Metòd panse fleksib

**Semèn I:** Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye kèk emosyon epi kijan li kapab kontwole yo.

**Semèn II:** Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye ki enfliyans konpòtman li ka genyen sou li ak sou moun ki bò kote li.

**Semèn III:** Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konnen kisa tolerans ye epi kijan li ka aksepte diferans ki gen nan antouraj li.

**Semèn IV:** Nan fen semèn nan elèv la ap kapab devlope abilite pou li rive chanje konpòtman li dapre egzijans anviwònman li.

**Materyèl yo**

- Makè, fèy blanch (leson 1)
- Ekri non plizyè enstriman sou fèy papyè (leson 5)

## Apèsi sou Pwosed

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kisa yon emosyon ye epi idantifye kèk emosyon ki ka travèse yo.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konnen kòman pou yo kanalize emosyon yo, nan kèlkeswa sèks yo ye (tankou: tigason pa dwe kriye... elatriye).

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye pwòp emosyon yo epi kijan yo ka jere emosyon sa yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo rekonèt ki emosyon k ap travèse yon lòt elèv (tankou: mande yon elèv ri oubyen kriye) epi mande lòt yo pou di ki emosyon ki travèse elèv sa.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann ke emosyon yo ka gen enfliyans sou konpòtman yo ak sou lòt moun.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann chak konpòtman yo genyen ka gen konsekans sou yo ak sou lòt moun.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann lè yo byen jere emosyon yo sa ka ede yo chanje move konpòtman ak move reyaksyon yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo chèche kèk koz ki konn fè yo gen move konpòtman epi kijan konpòtman sa yo ka enfliyans antouraj yo.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kisa tolerans ye.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann enpòtans tolerans genyen nan viv ansanm.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann kòman lè yo aksepte diferans yo sa pèmèt yo evite konfli pou gran mès.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo devlope kapasite pou yo renmen tèt yo jan yo ye a epi tou aksepte lòt ki diferan.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann poukisa li enpòtan pou se pa panse pa yo sèlman ki pou pase.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo wè enpòtans pou youn aksepte lide lòt (tankou: bay yon sijè kote tout mou ap bay opinyon yo anndan yon ti gwoup).

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann fas ak yon menm sitiyasyon chak moun ka afiche yon konpòtman ki diferan.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo chanje lide ak konpòtman fas ak nouvo konesans ak nouvo sitiyasyon.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

**Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a**

**MWA 8 - Tèm Mwa:** Efikasite kritik/ jere pwòp tèt ou: Panse enpòtan + kontwòl endepandan + rezistans ak detèminasyon**Objektif pou mwa a:** Entwodui sèk matine a ak yon egzanp de yon moun ki gen anpil rezistans ak detèminasyon nan reyalizasyon yon pwojè oubyen nan advèsite.

| <b>Pwen santral pou chak semèn</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
|---|---|
| <b>Semèn I:</b> Detèminasyon nan travay lekòl<br><b>Semèn II:</b> Planifikasyon ak vokabilè deskriptif<br><b>Semèn III:</b> Mete anfas sou pwosesis pou ede elèv la jwenn repons ki kòrèk<br><b>Semèn IV:</b> Evalyasyon endepandan | <b>Semèn I:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konprann enpòtans ak wòl li nan pwosesis aprantisaj li (tankou: etidye, fè devwa, suiv nan klas, patisipasyon aktiv).<br><b>Semèn II:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konnen kijan pou li òganize tan li pou li travay lekòl ak lòt travay epi itilize mo ki jis lè l'ap pale.<br><b>Semèn III:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap rive jwenn ase resous nan men pwofesè li pou li bay repons korèk ak yon kesyon.<br><b>Semèn IV:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap an mezi pou korije pwòp tèt li, lè li bay yon move repons oubyen lè li afiche yon move konpòtman. |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"><li>• Detèminasyon</li><li>• Evalyasyon</li><li>• Planifikasyon</li></ul>   | <ul style="list-style-type: none"><li>• Makè, fèy blanch (leson 1)</li><li>• Ekri non plizyè enstriman sou <u>fèy papyè</u> (leson 5)</li></ul>   |

## Apèsi sou Pwosedri

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap fè resòti pou elèv yo enpòtans lekòl genyen nan lavi yon moun (tankou: poukisa yon moun vin lekòl, ki benefis moun nan ap jwenn nan sa pi devan).

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann poukisa li enpòtan pou yo patisipe nan pwòp aprantisaj yo pou yo ka reyisi lekòl.

*Leson 3:* Pwofesè a ap kreye yon sitiyasyon pou fè elèv yo fè yon aktivite ki montre yo detèmine pou rive atenn objektif yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kèk benefis detèminasyon nan travay lekòl pote pou yon moun.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri twa gran moman jounen an (maten, midi, aswè) ; aktivite moun ka fè nan chak moman sa yo ak vokabilè yo itilize nan moman sa yo.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo planifye yon aktivite yo ka fè nan maten sèlman nan lekòl la ak lòt kamarad yo.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo sonje sa yo te fè depi yo leve jouk yo rive nan lakou lekòl la epitou l'ap ede yo itilize vokabilè ki apwopriye (tankou: leve –lapriyè- fè espò – benyen – abiye – manje...).

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo planifye yon aktivite pou klas la (tankou: fèt nwèl, bay kanè, anivèsè yon elèv, yon pwofesè oubyen anivèsè lekòl la).

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo kreye aktivite pou pèmèt yo dekouvri mo kle nan yon kesyon (tankou: ki moun? ki bagay...).

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo pataje diferan lide ki genyen anndan yon kesyon.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo refòmile yon kesyon pou yo ka rive konprann li pi byen.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo reponn kesyon yo te refòmile nan jou avan an.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap reyalize yon aktivite pou mennen elèv yo dekouvri sa ki pi kòrèk nan sa li di oubyen fè (tankou: repete yon mo kòrèkteman, verifye òtograf yon mo, mande eskiz, fè atansyon...).

*Leson 2:* Pwofesè a ap eksplwate yon sitiyasyon kote te genyen plizyè elèv ki gen move konpòtman pou mennen yo evalye pwòp tèt yo (tankou: goumen nan rekreyasyon, nan lari elatriye).

*Leson 3:* Pwofesè a ap kreye kondisyon pou elèv yo sonje kèk sitiyasyon kote yo ta dwe ede yon lòt moun, men yo pa te fè sa (tankou: ede yon granmoun ki gen difikilte, salye yon grandèt...).

*Leson 4:* Pwofesè a ap kreye yon sitiyasyon pou pèmèt elèv yo ede youn lòt.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè pandan semèn nan.

**Eslogan: Ak pasyans nou ka jwenn trip founi**

**MWA 9 - Tèm Mwa:** Fòs rasyonèl ak Efikasite kritik: Panse enpòtan ak akseptasyon

**Objektif pou mwa a:** Entwodui sèk matine a ak yon aktivite kote elèv la kapab fè prèv ak efikasite kritik pandan l ap eksprime panse ki enpòtan nan aksepte pwop tèt li ak moun ki nan antouraj li.

| <b>Pwen santral pou chak semèn</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>  |
|---|--|
| <b>Semèn I:</b> Pran desizyon<br><b>Semèn II:</b> Sèvi avèk senk sans yo<br><b>Semèn III:</b> Sèvi avèk pèspektiv<br><b>Semèn IV:</b> Ankouraje kiryozite | <b>Semèn I:</b> Nan fen semèn nan elèv yo ap an mezi pou pran bonjan desizyon.<br><b>Semèn II:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab rive itilize senk sans li yo yon fason ki efikas.<br><b>Semèn III:</b> Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab sèvi ak pèspektiv.<br><b>Semèn IV:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab rive metrize gou ak enterè pou li chèche konnen sa li pa konnen. |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>   |
| <ul style="list-style-type: none"><li>• Desizyon</li><li>• Sans</li><li>• Pèspektiv</li><li>• Kiryozite</li></ul>   | <ul style="list-style-type: none"><li>• Makè, fèy blanch (leson 1)</li><li>• Ekri non plizyè enstriman sou <u>fèy papyè</u> (leson 5)</li></ul>  |

## Apèsi sou Pwosed

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kisa yon desizyon ye ak kèk desizyon moun ka pran.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann nan lavi yo y ap toujou gen desizyon pou yo pran.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri desizyon yo pran ap toujou gen konsekans sou lavi yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann poukisa yo dwe toujou byen reflechi avan yo pran yon desizyon.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo asosye chak sans yo ak ògàn ki egzèse sans sa yo.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri divès kalite touche.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kijan yo kapab apresye divès kalite gou selon diferan pati nan lang yo (pwent, mitan, soukote, nan fon epi pike, sale, sikre).

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo distenge bri ak son (tankou lè l ap kriye ak kèk aktivite apwopriye).

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann poukisa li toujou bon pou yo genyen pèspektiv.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann kisa pèspektiv ye.

*Leson 3:* Pwofesè a ap mete elèv yo nan ti gwoup pandan l ap mande yo reflechi sou yon aktivite yo ka reyalize nan yon tan (demen, fen de semèn, fen mwa elatriye).

*Leson 4:* Pwofesè a ap envite kèk elèv pataje ak rès klas la sa yo genyen kòm pèspektiv pou ane eskolè a.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri ki enpòtans sa genyen pou moun chèche konnen sa ou poko konnen. Tankou: Kisa drapo reprezante pou yon peyi- respè yon pèp pou drapo li.

*Leson 2:* Pwofesè a ap mande elèv yo idantifye kèk bagay ke yo ta renmen konnen ki gen pou wè ak kilti, koutim oubyen kominote epitou l ap fè yon seleksyon.

*Leson 3:* Pwofesè a ap chwazi 2 bagay nan lis li te seleksyone a pou ede elèv yo konprann.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri avantaj ak enkonvenyan ki gen nan kiryozi.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

**Eslogan: Ak pasyans nou ka jwenn trip founi**

**MWA 10 - Tèm Mwa:** Lidèchip/ Ladrès nan relasyon yo + konsèp yo, Ou panse sou pwòp tèt ou

**Objektif pou mwa a:** Entwodui sèk matine a ak yon aktivite kote elèv la kapab montre bonjan ladrès nan relasyon youn ak lòt, metrize konsèp yo ak panse pozitif sou pwòp tèt yo atravè yon bon lidèchip.

| <b>Pwen santral pou chak semèn</b>  | <b>Objektif pou semèn nan</b>   |
|---|---|
| <p><b>Semèn I:</b> Kowoperasyon<br/> <b>Semèn II:</b> Jantiyès ak Anpati<br/> <b>Semèn III:</b> Chèche / ofri èd lè li apwopriye<br/> <b>Semèn IV:</b> Eksperyans siksè (ak prekosyon pou afimasyon ki pa aktyèl)</p> | <p><b>Semèn I:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab konprann epi reyalize enpòtans kowoperasyon, nan fanmi, lekòl ak nan kominote.<br/> <b>Semèn II:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap kapab montre jantiyès ak anpati nan relasyon li ak lòt moun.<br/> <b>Semèn III:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap an mezi pou ofri èd li bay yon lòt lè sa nesèsè.<br/> <b>Semèn IV:</b> Nan fen semèn nan elèv la ap an mezi pou l idantifye kèk eksperyans li reyalize ki bay siksè epi pataje l ak lòt elèv yo.</p> |
| <b>Vokabilè</b>   | <b>Materyèl yo</b>  |
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Anpati</li> <li>• Jantiyès</li> <li>• Kowoperasyon</li> <li>• Ofri</li> <li>• Èd</li> <li>• Fòmil politès</li> <li>• Pwopoze</li> <li>• Pèfòmans</li> <li>• Siksè</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Makè, fèy blanch (leson 1)</li> <li>• Ekri non plizyè enstriman sou <u>fèy papye</u> (leson 5)</li> </ul>  |



## Apèsi sou Pwosed

### Semèn I

*Leson 1:* Pwofesè a ap kreye yon aktivite pou ede elèv yo reyalize sa kowoperasyon ye (tankou: fè chak elèv pote yon bagay pou nou dekore salklas la).

*Leson 2:* Pwofesè a ap lanse yon ti diskisyon sou kowoperasyon epi l ap pèmèt kèk elèv ekspriye yo sou fason yo konn kowopere nan kèk aktivite lakay yo (tankou: chèche dlo, veye sou pi piti, ede moun ki aje elatriye).

*Leson 3:* Pwofesè a ap kreye plizyè ti gwoup epi l ap bay chak gwoup yon aktivite ki oblije yo kowopere pou yo ka reyalize l (tankou: netwaye salklas la oubyen lakou lekòl la).

*Leson 4:* Pwofesè a ap pèmèt elèv yo idantifye kèk bagay nan kominote yo ki mande kowoperasyon pou yo amelyore l epi ki modèl kowoperasyon pou yo mete sou pye pou aji.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn II

*Leson 1:* Pwofesè a ap fè yon ti koze ak elèv yo pou defini sa jantiyès ak anpati ye epi kijan yo ka demontre kalite sa yo nan relasyon yo ak lòt moun (anpati: anpati se lè yon moun mete l nan plas lòt la pou ka pi byen konprann sa k ap travèse l oubyen emosyon l).

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kòman lè yo gen anpati ak lè yo janti sa pèmèt yo gen bon relasyon ak fanmi yo, zanmi yo elatriye.

*Leson 3:* Pwofesè a ap chwazi kèk elèv pou demontre kijan yo ka aplike jantiyès nan kominote yo.

*Leson 4:* Pwofesè a ap mete elèv yo nan tigwoup kote chak gwoup ap reflechi sou kijan yo ka mete yo nan plas lòt moun.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn III

*Leson 1:* Pwofesè a ap mennen elèv yo dekouvri enpòtans ede nan viv ansanm.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo idantifye kèk siy ki montre yon moun bezwen èd yon lòt.

*Leson 3:* Pwofesè a ap montre elèv yo kèk fòmil politès pou yo pwopoze èd yo bay yon lòt moun.

*Leson 4:* Pwofesè a ap kreye kèk aktivite pou aplike kontni yo te wè nan jou 2 ak 3 (idantifye sitiyasyon pou mande èd ak fòmil politès pou pwopoze èd).

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

### Semèn IV

*Leson 1:* Pwofesè a ap chwazi kèk elèv pou pataje siksè yo reyalize nan nenpòt domèn.

*Leson 2:* Pwofesè a ap ede elèv yo dekouvri kijan siksè yo reyalize ka rann yo pi pèfòman.

*Leson 3:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann lè yo pa fè siksè se pa yon rezon pou yo abandone.

*Leson 4:* Pwofesè a ap ede elèv yo konprann yo pa dwe envante siksè.

*Leson 5:* Pwofesè a ap fè yon revizyon sou youn nan tèm li te wè nan semèn nan.

**Eslogan: Men nan men n ap bati yon lòt demen!**

# GLOSÈ

## A

**Abitid:** Sa ki fèt yon fason otomatik oswa regilye.

**Advèsite:** Lè ou gen moun k ap lite kont ou. Yo pa rive antann yo ak ou.

**Agresif:** Reyaksyon vyolan, san tolerans ak respè.

**Akòdeyon:** Enstriman mizik pòtatif ou pote li devan lestomak ou pou jwe ak li.

**Analiz:** Separasyon tout moso nan yon bagay pou ka konprann li pi byen.

**Apresye divèsite:** Apresye tout sa ki nan antouraj ou menm si li diferan.

## AN

**Angajman:** Patisipe ak anpil detèminasyon nan yon aktivite. Fè yon pwomès pou reyalize yon bagay. Se yon kontra ki tabli yon lyen ant plizyè moun.

**Anpati:** Mete w nan plas lòt la pou ka pi byen konprann sa k ap travèse l oubyen emosyon l.

## CH

**Chanpèt:** Fèt tradisyonèl ki fete nan chak lokalite nan peyi a, nan dat fèt sen zòn nan. Fèt patwonal.

## D

**Detèminasyon:** Kapasite yon moun genyen pou li aji selon desizyon li te pran.

**Desizyon:** Mezi yon moun pran pou li fè oubyen pa fè yon bagay.

**Disiplin:** Yon konpòtman ki montre respè pou regleman ki tabli deja.

**Diskite:** Pataje opinyon ak lòt moun nan respè youn pou lòt.

**Diyite:** Se yon eleman esansyèl tout moun fèt ak li, epi tou se fason nou onore ak respekte yon moun.

## E

**Egzekite:** Reyalize yon bagay, yon pwojè, yon egzèsis.

**EkiP:** Yon gwoup moun ki mete ansanm pou reyalize yon travay.

**Emosyon:** 1) Santiman ou kapab genyen ki manifeste sou divès fòm; 2) Nenpòt santiman ki fò.

**Estim pou pwop tèt ou:** Se fason ou konsidere pwop tèt ou, nan manyè pozitif oubyen negatif.

**Estrès:** Laperèz, angwas, tristès, dezolasyon.

**Eksplike:** Se di yon bagay nan fason pa w pou yon lòt moun ka konprann li..

**Espesyal:** Lè w diferan nan yon fason ki bon.

**Evalyasyon:** Se aksyon ou fè kote ou pote yon jijman sou yon lòt moun oswa sou pwòp tèt ou oubyen sou yon bagay.

**Èd:** Asistans ou bay yon moun.

## EN

**Enstriksyon:** Ansanm enfòmasyon yon moun resevwa pou li rive fè yon aktivite. Sa vle di tou nivo fòmasyon yon moun genyen.

## F

**Feblès:** Lè ou manke fòs, ak sa ou manke fòs ladann. Lè ou bezwen yon èd ak yon sipò.

**Fèt patwonal:** Fèt sen patwon pawas yo.

**Fleksib:** Kapasite yon moun genyen pou l adapte l ak nenpòt sitiyasyon, nan nenpòt sikonstans.

**Flit:** Se yon enstriman mizik ou soufle ladann tankou banbou.

**Fòmil politès:** Fason yo itilize pou adrese yon ak moun ak jantiyès.

**Fyète:** Se yon santiman ki eksprime plezi ak satisfaksyon.

## I

**Idantite Nasyon:** 1) Yon bagay ki esansyèl oswa inik ak yon pèp ki ka reprezante sou fòm tradisyon, kilti, ak lang, elatriye; 2) tout sa ki fondamantal pou yon pèp an patikilye.

**Idantite inivèsèl:** Tout sa ki komen ant tout pèp sou latè.

**Istorik:** Yon bagay enpòtan nan istwa yon pèp.

## J

**Jantiyès:** Kalite yon moun genyen ki fè li demontre anpil atansyon ak byenveyans anvè lòt moun.

**Jere:** Simonte, fè fas, administre.

## K

**Kanaval:** Peryòd rejwisans popilè soti apre fèt Lewa pou rive nan kòmansman karèm.

**Kowoperasyon:** Patisipe nan sa kap fèt nan aktivite komen.

**Kiryozite:** Tandans nou genyen pou nou aprann nouvo bagay oubyen bagay ki kache.

**Kalite:** Karakteristik yon moun.

**Karakteristik:** Yon kalite ki fondamantal nan yon moun, kote, oswa bagay ki reprezante kijan yo idantifye tèt yo.

**Kolabore:** Mete men ak lòt moun pou fè yon travay.

**Kolaborasyon:** Lè ou pote kole ak moun.

**Konbit:** Reyinyon kote tout moun ap travay. Mwayen moun itilize pou yo ede youn lòt.

**Konfidans:** Se lè ou santi w an sekirite pou pataje yon bagay ou vle di avèk yon lòt moun.

**Konfli:** Se mezantant ki genyen ant moun ak moun, peyi ak peyi.

**Kominote:** 1) Milye kote moun ap viv oswa ki reyini moun ki gen menm konviksyon sou yon bagay; 2) Yon gwoup moun k ap viv menm kote a, oswa ki gen yon karakteristik patikilye an komen.

**Kominikasyon:** Se yon mwayen pou fè pase yon mesaj.

**Kouraj:** Brave danje.

**Konpliman:** Abilite pou fèlisyite yon moun.

**Koutim:** Yon abitud ki komen ak yon gwoup moun ki rete nan yon menm peyi, lokalite.

**Kritik:** Bay yon opinyon apre analiz.

## L

**Lidè:** Yon moun ki enfluyans, kondui epi gide lòt moun, yon gwoup, yon òganizasyon oswa yon peyi.

**Lajwa:** Santiman ki fè kè yon moun kontan.

**Lye istorik:** Kote yo konsidere nan listwa dapre yon evènman kite pase.

## M

**Madigra:** Mas ak degizman moun mete pandan peryòd kanaval.

**Moman difisil:** Moman ki bay tristès.

**Moniman istorik:** Achitekti ki fèt pou kenbe vivan memwa yon moun oswa yon evènman.

## N

**Netwaye:** Pwòpte.

**Nòm:** Yon bagay ki nòmal, tipik, oswa estanda. Fason pou aji oubyen fason pou fè yon bagay.

## O

**Objektif:** Yon bagay ou vize oswa ou ap chèche akonpli.

**Ostilite:** Reyaksyon brital yon moun genyen fas ak yon sityasyon.

**Otonòm:** Kapasite yon moun genyen pou jere tèt li poukont li.

**Ofri:** Pwopoze, bay oubyen fè kado.

## P

**Palè:** Kay sofistike kote prezidan rete oubyen yo fè tribinal pou bay lajistis.

**Planifikasyon:** Se lè yon moun òganize sa li gen pou li fè dapre yon plan.

**Pèspektiv:** Plan yon moun genyen pou lavni Vizyon.

**Pwovèb:** Ekspresyon ki itilize pou bay yon konsèy oubyen ki eksprime yon eksperyans, yon sajes nan tan lontan.

**Pòtrè:** Yon imaj ki reprezante yon moun oswa yon bèt.

**Pwezi:** Se yon kalite literati (tèks).

**Pwojè:** Yon bagay yon moun vle reyalize nan yon tan byen detèmine.

**Pwopoze:** Mande pou ka patisipe nan yon aktivite.

**Pèfòmans:** Rannman ou rive bay nan yon aktivite.

## R

**Rara:** Peryòd rejwisans ak tradisyon popilè ki kòmanse apre kanaval epi ki fini nan dimanch pak.

**Reflechi:** Panse pwofon oswa ak anpil atansyon.

**Relijyon:** Kwayans ki fè lòm adore Bondye oswa yon lòt bagay.

**Rezolisyon:** Se yon desizyon fèm yon moun oubyen gwoup pran son yon sijè.

**Respekte:** Lè ou demontre respè pou yon moun oswa yon bagay.

**Règ Klas:** Se yon prensip ki etabli ki di kisa ou dwe fè ak sa ou pa dwe fè nan klas la.

**Relasyon:** Se lyen ki genyen ant moun ak moun (bèt, lanati).

**Responsabilite:** Se angajman ou pran pou fè tout sa ou gen pou fè byen epi nan lè ou gen pou fè l la.

**Rit:** Yon rit se lè ou bay yon chante yon ton pou ka chante li byen oubyen mezi pou pemèt ou reyisi yon dans, yon aktivite.

**Respè:** Konsiderasyon oubyen apresyasyon ou gen pou yon moun oubyen pou yon bagay.

**Rezoud:** Se jwenn yon antant sou bagay ki pa ale byen.

## S

**Sans:** Fakilte natirèl yon moun genyen pou li koute, wè, santi, tandè ak manyen bagay ki egziste nan lanati.

**Santiman:** Manifestasyon yon emosyon.

**Senbolize:** Itilize yon senbòl pou reprezante yon lide oswa yon kalite.

**Senbòl:** Fason yo reprezante yon lide oswa yon kalite.

**Siksè:** Bon rezilta yon moun jwenn apre yon aktivite li antreprann.

**Sèk matine:** Se yon aktivite ki fèt pou pemèt tout elèv gen bon koneksyon youn ak lòt.

**Sipòte:** Montre ou dakò ak yon moun oswa yon bagay, pote kontribisyon ou, kolaborasyon ou.

**Sityasyon difisil:** Yon move moman nan lavi yon moun.

## T

**Tandè:** Se prete atansyon.

**Tolerans:** Atitud ki pemèt ou respekte opinyon lòt moun menmsi li diferan de sa ou panse.

## V

**Valè:** Se estim ak konsiderasyon ou genyen pou tèt ou epi pou lòt moun.

**Vizyon:** Kapasite pou panse yon sijè, yon plan pou lavni ak imajinasyon oswa bon konprann.